84(5 Qar)

ALLANAZAR ÁBDIEV

# PAL BALALÍǴÍM



...даснова быть
возвращена не позже
указанного здесь срока

Количество предыдущих выдач

| | |
|---|---|
| ~~26.11.19~~ | ~~204~~ |
| 10.03.20 | 217 |

0458
...ieд А
balaligim
...s, 2018
128 bet
6810сўм

**Allanazar ÁBDIEV**

# PAL BALALÍǴÍM

*(Gúrrińler dúrkini, gúrrińler, ertekler, ápsanalar, ráwiyatlar jıynaǵı)*

**NÓKIS**
**«QARAQALPAQSTAN»**
**2018**

DK: 821.512.121-053.2(081)
BK: 5 Qar
Á-14

**Allanazar ÁBDIEV.**
**Pal balalıǵım** *(Gúrrińler dúrkini, gúrrińler, ertekler, ápsanalar, ráwiyatlar jıynaǵı.)* — Nókis: «Qaraqalpaqstan», 2018. — 128 bet.

Balalıq — hadallıq, páklik, shadlıq, nurlı sezimlerge ı máwrit. Onda harqanday sezimler, tuyǵılar kishkene slarımızdıń shın júrekten shıqqan pák niyetleri menen slanadı.

Bul kitapta jazıwshı Allanazar Ábdiev usınday balalıq wirdegi qızıqqa, shadlıqqa tolı waqıyalardı sóz etip, sanıylıq, miynetsúygishlik pazıyletlerin sińdirip baradı.

Pikir bildiriwshi:

**Alpısbay Sultanov** — *Qaraqalpaqstan Jazıwshılar awqamınıń proza keńesi baslıǵı, jazıwshı.*

RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 90458

BN 978-9943-5173-9-4

© «Qaraqalpaqstan» baspası, 2018-jıl.
© Allanazar Ábdiev, 2018-jıl.

# GÚRRIŃLER DÚRKINI

## PAL BALALÍĞÍM

### 1. AQQUS

Meniń bala waqtımda Aqqus degen iytim boldı. Ol bir saparı aǵam aq eshek penen toyǵa barǵanda izine erip kelgen edi. Shaması, iyesi aq eshekli adam bolıwı kerek, adasıp ere bergen.

Aǵam toydan shıǵıp eshegine mineyin dep atırǵanda kórgen bul iyttiń izinde kiyatırǵanın úyge jaqınlaǵanda bilgen. Sonnan «jit!» dep quwmaqshı bolǵan eken, ketpepti. Úyge kelgennen soń da shay-pay iship bolıp:

— «Toyxanaǵa baraman, múmkin, iyesi izlep júrgen shıǵar», dep edi, men birden: «Yaq, aǵa, aparma! Dım sulıw, jaqsı eken», dedim. Aǵamdı áytewir óldim-azarda kóndirdim. «Barmasam barmay-aq qoyayın. Toyshılar da qashshan daǵısıp ketken shıǵar», dedi aqırı. Endi keyingi másele — onıń atınıń qanday ekenin biliw qaldı.

— Moynaq, Moynaq...

— Qutlıjol, kishko.

— Qaraquyrıq, Qaraquyrıq! Bás-s! — Hár attı bir aytıp kórip atırmız, hesh qaramaydı. Sonlıqtan, aǵam:

— Ózińe unaǵan bir attı qoyıp ala ǵoy. Júdá úlken emes ǵoy, úyrenip keter, — dedi.

— Onda Aqqus dep qoyaman. — Shınında da, hámme jeri aq, tek quyrıǵınıń ushı ǵana qara, meniń qoyǵan atıma say edi. Onıń appaq júnleri kún menen jıltırap, adamnıń kózin qamastıradı.

Sóytip, iytimizdi «Aqqus» dep shaqıratuǵın boldıq. )áslebinde jańa atına qulaǵı úyrenbegenlikten qaramasa a, soń-soń úyrenise basladı.

Jazǵı demalıstıń kúnleri. Qolım bos. Sonlıqtan da, nıń janınan bir eli shıqpaytuǵın edim. Ústine minip ynayman. Ol «ashıwlanbay» meni kóterip júredi. kewimiz birge balalar menen oyınǵa da baramız. Oynap, umarım tarqap qashan qaytqansha Aqqus sol jerlerde kútip» júredi. Azanda qoy-eshkilerdi padaǵa aydap aytamız, keshqurın jubımızdı jazbay aldına shıǵamız.

Aqqus iri turpatlı iyt edi. Ózliginen adamǵa, malǵa, ytlerge haslan tiymeydi. Eger adamlar keseklese, ytlerdiń ózleri kelip talawǵa urınsa ayamaydı, talap ıslaydı. Onday waqıtları men: «Aqqus, boldı! Qoy endi!» emegenimshe qoymaydı.



Bir kúni mınanday waqıya boldı...

Biziń qorada suwı dushshı, jáne muzday qudıq bar di. Sonnan awıldıń barlıq úyleri suwdı eshekli «pilak» enen kelip alıp ketedi.

Bir kúni keshte Baymurza degen kisi suwǵa baylap oyatuǵın qızıl qabaǵan iytin de ertip keldi. Aqqus rgenektiń awzında jatır edi. Qızıl iyt kele sala oǵan

tiyistime de. Sonnan eki iyt bıǵır-bıǵır bola qaldı. Birin-biri tislep atır. Men iytime isenimli bolǵanlıqtan (kishkene balamız ǵoy, qızıq kerek) ayırmadım. Bir waqıtta Aqqus qızıl iyttiń jelkesinen tislep ılaqtırıp urıp, ústine minip aldı da talay basladı. Astındaǵı tórt ayaǵı aspanǵa qaraǵan qızıl iyt qańsılap atır. Iytiniń jeńilgenin kórgen Baymurza aǵa qoranıń qıspaǵın suwırıp aldı da artınan kelip biziń iyttiń beline shirenip, kúsh penen berip qaldı ma de, «urma!» dewge úlgere de almay qaldım. «Wańq-q!» degen Aqqustıń dawısı esitildi. Ol janaybat penen artına birden shapshıp, Baymurza aǵaǵa bas saldı, taladı. Onıń tayaǵı bir jaqta qaldı. «Jitá-jit!» bola qaldı.

Úlken kisiniń iytimdi urǵanına ashıwım kelse de, talanıp atırǵanlıqtan ayap:

— Qoy, Aqqus! — dedim birden qasına juwırıp barıp. Iyt tanıs dawıstı esite sala lappa qoydı, quyrıǵın bılǵańlatıp, beli iyreńlep maǵan kelip súykendi. Biraq, «Óshimdi ala almadım-aw» degendey qızarǵan kózin Baymurza aǵadan ayırmadı. Men onıń tayaq tiygen arqasın qolım menen sıypalay basladım. Qattı tiygen bolsa kerek, sıypalaǵannıń ózin de awırsınıp, qańsıladı.

Sonnan úsh-tórt kúnge shekem qozǵalıwǵa shaması kelmey, dárwazanıń qasında turǵan, aǵam qısta otın tasıytuǵın arbanıń astında jatıp aldı.

Ádettegishe hár kúni keshke jaqın biziń úydiń aldı suwǵa kelgen adamlar menen bıǵan-jıǵan bolıp atqanı. Kózleri mólergen Aqqus bul háreketti baqlap jatadı. Baymurza aǵa kiyatırsa boldı, dárhal buratılıp turıp, úrip, aybat etip aldınan shıǵadı. Kózi qorqıp qalǵan qızıl iyti bolsa Aqqustı kóriwden quyrıǵın eki ayaǵınıń arasına qısıp, izine jortıw menen boladı. Al, eshek ústinde otırǵan Baymurza aǵa úrip, aldıǵa júrgizbey atırǵan Aqqusqa qolındaǵı tayaǵın silteleydi. Lekin, iyt tayaq siltegen sayın órshelenip, onıń ayaǵınan tislewge urınadı. Aqırı bolmaǵannan soń Baymurza aǵa:



— Kim bar? Iytińizdi shaqırıń! — dep dawıslawǵa májbúr boladı.

— Aqqustıń sennen qattı kewli qalǵan, — dedi aǵam bir kúni Qalmurat aǵanıń úyindegi awızasharda otırǵanda Baymurza aǵaǵa. — Endi onı tayaq penen qorqıtpaqshı bolǵanıńnan payda tappaysań, hasla. Qayta burınǵıdan beter «eregistirip» alasań. Sonıń ushın «kewlin» almasań bolmaydı...

Sol-sol eken, Baymurza aǵa onıń menen «jarasıw» jolların izlestirdi. Shabalanıp úrip shıqsa:

— Aqqus, Aqqus! — dep erkeletip shaqıradı. Burınǵıday «jit» dep baqırıwdı qoydı. Aldına nan taslaydı, hátte gósh te berip júrdi.

Waqıt ótken sayın ekewi «kelisim»ge kele basladı: ol kelgende úrmeytuǵın boldı. Hátte, Aqqustıń «adamgershiligi» sonday, qızıl iytti de «keshirip» jiberdi: emin-erkin úydiń aldına kelip-ketip júrdi.

Hárdayım Aqqus esime tússe usı bir waqıya kóz aldıma keledi de turadı.

Sol iytimizdi bizler menen mektepke «qatnap júrgende» jolda mashina qaǵıp ketip, jaqsı kóretuǵın jeri — arbanıń astında bir ayday jattı. Aqırı kelege kelmedi...

*1989-jıl, 13—14-noyabr.*

## 2. QÍZÍL QOSHANTAY

Qozı-ılaq degennen esime túsedi-aw!..

Ol waqıtta men bes-altı jastaǵı oyın balası edim. Kishkene qoshantayım boldı. Sol waqıtta da, onnan keyin de, házir de qozı-ılaqlarım boldı, bar. Lekin, sol bir qızıl, buyra júnli qoshantayım yadımda elege deyin jaqsı saqlanǵan...

Bala waqtında adam kúshik, pıshıq, qozı, buzawǵa úyirsek keletuǵın ádeti ǵoy. Men de sol qoshantayım menen oynaǵandı jaqsı kóretuǵın edim.

Awılda turǵanlıqtan úyde qoy-eshki degen kóp. Olardı azanda óriske jiberemiz de, erip júre almaytuǵın bolǵanlıqtan ılaq-qozıların qorada alıp qalamız. Meniń talabım bolsa — keshke shekem solar menen oynaw. Ishindegi ózime tábiya kóretuǵınım — qızıl, buyra júnli qozı. Sebebi, ol meniń menen «álpi alısıp» oynaydı: dizemdi búgip otırıp, mushımdı túyip, mańlayıma aparıp tursam, kelip dúgedi. Sóytip, ekewimiz dúgispek oynaymız. Eger qattıraq dúgip jiberse, awırǵanlıqtan ashıwlanıp quwaman, qashadı, al men qattıraq «dúksem», ol eserlenip, pát penen dizeme, arqama dúgedi. Óytip «ashıwlanǵan» waqıtta qansha baqırsam da, uslasam da turmaydı: julqınıp, jazdırılıp, kishkene múyizi menen meniń gez kelgen jerimnen dúńkiy beredi, dúńkiy beredi. Yamasa birden oyındı qoyıp, basqa ılaq-qozılar betke shapqılap ketip qaladı. Al, sonday waqıtları mańlayınan, arqalarınan sıypasam, tınıshlana qoyadı. Men bul minezin bilip alǵannan soń onı ilajı bolǵanınsha «ashıwlandırmaw»ǵa — oyınımızdı buzbawǵa tırısar edim.

Jazdıń kúni bolǵanlıqtan kúnde tal túste bir mártebe olardı japtan suwǵarıwǵa alıp baraman. Sonda basqalar suwdan qorqıp, ishine túspey suw ishe sala shapqılasıp, úyge hayt qoysa, qızıl qoshantay japqa kele sala túsip ketip, ishinde turıp ishedi. Keyin ekewimiz júzip, japtıń gá argı, gá bergi júzine shıǵıp jarısamız. Sóytip, oynap-oynap,

salqınlanıp bolıp shıǵamız. Ol shıǵa sala dúr silkingende ústindegi suwlar ján-jaqqa monshaqtay shashıraydı.

Ara-tura balalar menen de oynawǵa tuwra keledi. Sonday gezleri onı qoraǵa kirgizip, aldına shóp salıp ketemen. Kelsem dalada, yaki geshir, qawın atızlardı búldirip júrgenin kóremen. Sonnan quwıp, uslap alıp, qamap, qoranıń ol sıyatuǵın tesiklerin pitep: «Endi shıǵa ǵoy» dep bir jerlerden aylanıp kelsem, áytewir sańlaq tawıp jáne shıǵıp júrgeniniń ústine kelemen. Keyin ala onıń qorada turǵandı jaqtırmaǵanlıqtan tıpırshılay beretuǵının, erkin maydanda júrgendi unatatuǵının bilip, qamamaytuǵın boldım. Onıń jáne bir ádeti, orıp ákelgen páshegimdi de, suwshiginimdi de hárgiz awzına tislep almaydı: óz ayaǵı menen otlaǵandı táwir kóredi.

Qoshantayım kúnnen-kúnge úlkeydi. «Kishkene qoshqar» dewge de turarlıq bolıp qaldı. Lekin, sonda da men onı burınǵısınsha «qızıl qoshantay» dep júrippen.

— Toylarda dúgistiriwge usı bastan sazlay ber. Ózi de dúgiskish eken, — deytuǵın edi aǵam.

Úlkeye kele ol qoy-eshkiler menen azanda aralasıp, óriske qashıp ketetuǵındı shıǵardı. Men úyrenip qalǵanlıqtan uzaq kúndi zerigip ótkizetuǵın edim. Keshte keledi, salpawsıp, sharshap. Sonda da ekewimiz jáne oynaymız.

Bir kúni óristen qoy-eshkimiz túwel kelmey qaldı. Sonıń ishinde meniń «qızıl qoshantayım» da bar edi. Shopannan sorasaq: «Óriste bólinip qalıp qoyǵan bolsa kerek» degennen basqa ujıbatlı hesh nárse ayta almadı. Awıl boyınsha jigirmalaǵan qoy-eshki joq eken. Sonnan aydıń jaqtısında túni menen izledik, taba almadıq. Erteńine de tabılmadı. Sóytip, izlep-izlep, joqlawın asırıp otırsaq, bes-altı kúnnen soń balıqqa barǵan awıldıń bir jigiti xabarın aytıp keldi: awıldan bes-altı shaqırım uzaqta «Quwraylı» degen kól bar edi. Sol jerge shóllep, ańqası kepkennen soń ishiw ushın barıp, shetindegi uymaǵa jigirması da batıp, ólip qalıptı.

— Kishkene bir qızıl qoshqardıń bası ǵana batpaqtan kórinip atır eken, — degende meniń kózimnen erksiz jas pırt etip úzilip túskeni ele esimde.

*1989-jıl, 11-noyabr.*

## 3. SHAQMAQLANǴAN ǴARBÍZLAR

Ekshembi kún bolǵanlıqtan turıwǵa erinip shala uyqılap jatırsam birew túrtedi:

— Túrgel, Polatjan.

— Í-ı-ı, — dep ıńırsıp bılay awdarılıp jattım. Odeyalomdı basıma búrkep aldım. — Oqıw emes, búgin. Endi demalısta da tınısh uyqılatpayjaq.

— Polatjan, atańnıń awılına barsań tura ǵoy. Men házir shay iship bolıp ketemen, — degen aǵamnıń sózin esitiwden uyqım shayday ashılıp ketti. Sebebi, kópten beri (jigirmalaǵan kún-aw) Sársenbay joramdı kórmegen edim. Ol awılda turadı. Aǵamnıń inisiniń balası, yaǵnıy Sársenbay da men sıyaqlı awıldaǵı aq saqallı atamnıń aqlıǵı. Onı kóriwden beter atamnıń atızındaǵı ana kúnlergi piseyin dep turǵan qawın, ǵarbızlardı aralap, ózim qálegenimdi úzip alıp náshelep kesip otırıp rás-s bir toyǵım kelgen edi. Rasında da, Sársenbay qashpas-aw, al qıp-qızıl ǵarbızlardı aytsesh! Pisip ketkenin bilip júrmen, paydası ne? Kúnde órli-ǵurlı jep tawısıp taslamasań, tura berse ishi túsip ketedi. Ilaj qansha, biziń tek usınday demalıs kúni qolımız tiymese, basqa waqıtları oqıw menen bántpiz.

«Ishi túsip ketpegen bolǵay-dá» dep uwayımlap júrip bet-qollarımdı shala-sharpı juwdım da shayǵa otırmastan aldın kishkene tilli shaqqım menen ana birde biziń «urlıq»qa qatnasqan, sabınıń qaptalında jolbarıstıń ba, arıslannıń ba súwreti bar atamnıń shaqqısın úy ishindegilerge bildirmey qaltama salıp aldım. Bum kóz qıla bergenshe, taslap kete bergende de bolar edi, ózimniń

kishkene shaqqım úlken, qalıń qabıqlı ǵarbızlardı kesiwge jarasa. Enlemey qalama degendegi saqlıǵım ǵoy. Shınında da, atamdikindey uzın shaqqı bolmasa úp-úlken, qattı ǵarbızdı kesiw ańsat emes. Kórgenbiz.



Awıldamız. Atam, aǵam, ájaǵam (Sársenbaydıń aǵası) izimizde kiyatır. Al, bizler, Sársenbay ekewimiz, aldılarına túsip, qawın atızǵa qaray shapqılasıp kettik. Meniń ózim map-mazalı, júzi qant,shiyrin qawınnan góre, shala pisse de ǵarbızdı jaqsı kóretuǵın ádetim. Pay-pay, qıp-qızıl, óz-ózinen awzıńa tiyse úgitilip kete beretuǵının aytpaysań ba? Ǵarbız jegende qap-qara, sırtı jıltır shopaqların awzıńnıń bir urtına jıynaysań da, keyin «pup-pup», deseń hár «pup» degen sayın birewi ushıp túsedi. Ol da óz aldına qızıq náshe-aw. Bilseńler, eń mazalısı pıshaq penen qırǵanda shıǵatuǵın qızıl suwı ǵoy, jarlıqtıń (atamnan úyrengen sózim). Onıń mazasın bizlerdey ǵarbızqumarlar biledi. Talay ret atam qırıp bergen, burınǵı jılları. Ol suwdıń qasında qalanıń limonadı, gazsuwı mına jerde qaladı. Ishken sayın ishsem deyseń.

Men ǵarbız qarıqlardıń ishine túsip alıp aralay basladım. Páleklerdiń arasın qolım menen tintip kórip atırman. Bári «kishkene», awıztatırlıq emes. Eń úlkenleri meniń basımday-aq (meniń basım da úlken emes, qádimgi kishkene shay shaynektey-aq). Onnan kishi, tap

qasharman toptayları da bar. Olardıń heshqaysısına qol tiygizbedim. Sebebi, etine toyarsań-aw, al qırǵanda kishiniń atı kishi-dá, suwı az shıǵadı, álbette.

Ǵarbız úsh-tórt qarıqtıń ǵana en boyına egilgen edi. Sonıń bárin aralap shıqtım. Kórinbey atırǵan shıǵar, men qarıqta — páste bolǵannan keyin dep, atamnıń kózin ala, arman qaraǵanda, eńkeygende qarıqtan joqarı shıǵıp páleklerdi basqılap, araların tintemen. Biraq, hesh ana birdegidey (joqarıda ayttım ǵoy, oqıw baslanbastan burın usı jaqta boldım dep) úlken, bizler zorǵa kóteretuǵınları joq edi.

Men ne qılarımdı bilmey qarıqtıń shetine otıra kettim. Janıma atamlar menen qawın aralap júrgen Sársenbay juwırıp keldi. Qolında sırtı órmekshiniń ayǵısh-uyǵısh awınday torı bar ala gúrbegi bar.

— Jora, nege almadıń? Jemey kórip-aq, toydıń ba? Kel, ǵarbız jemeseń, mınanı jeyik. Atam berip jiberdi. Polat penen je, mazalı dep.

Bul sózine ashıwım kelip, jinim tırısıp ketti. Óytkeni, ózleri bizlerdiń keletuǵınımızdı bilip, úlken-úlken ǵarbızlardı úzip alıp, jasırıp taslaǵan, gúdilerdiń arasına ma, quday bilsin. Sol ayıbın jáne meniń kishi bolsam da úlken ǵarbızǵa ósh ekenimdi bile tura qırsıǵına, «nege almadıń?», «qawın jeyik» deydi. Nesin alasań, bári iyt túynektey. Onnan ne suw shıǵıp jarıydı. Qawın degendi ǵoy, ólip qalǵanda da tatıp almayman.

— Awa, toydım! Raxmet! — Joramnan júdá kewlim qalıp, bultıyıp otırman. Eń qurıǵanda ana birde teńkeyisip atırǵan kóp úlkenlerinen «Polat jańalıq ete qoysın», dep birewin-aq qoysa boladı ǵoy. Shın jora degen sonday bolıw kerek emes pe?

Usı gezde bizlerdiń janımızǵa atamlar keldi.

— Haw, Polat, ne qılıp otırsań? Túrgel, ızǵar jerde otırma... Sársen, jorańa ǵarbız alıp bermediń be? Piskenin bilmey atırǵan shıǵar.

«Ízǵarda otırma deydi, maǵan janı ashıǵansıp. Janıń ashıytuǵın bolǵanda nege úlken ǵarbızdan qoymadıń. Kórmesem eken, bári kishi boldı deytuǵın. Kórip kettim». Biraq, meniń bul gáplerim sırtqa shıqpay, ishimde qala berdi. Endi qalay, úp-úlken adamǵa, jáne burınları talay ǵarbızlardıń suwların Sársenbaydan jasırıp, «Qıdırıp kelip ediń, Polat balam, sen-aq ish», dep maǵan berip júrgen atama birden qattı sóz ayta alarsań?

Atam ózi aralap ǵarbızdı qulaǵına ákelip, eki qolınıń alaqanı menen qısıp, pisken-pispegenin ayırıp, piskenlerinen úsh-tórtewin saylap úzip aldı da bizlerdi úy betke basladı. Usı waqıtta meniń oyıma bir pikir sap ete qaldı. «Múmkin, atam jasırıp qoyǵan ǵarbızlarınan úy betke barǵannan keyin berer, bále kórinip pe, tuw qaladan kelgen aqlıǵına bermey, júdá ózi bilip bermestey bolsa, sorarman, ya ras turıp jońıshqa gúdilerin shashaman». Usı qıyal meniń ashıwımdı tarqatayın dedi. Bir jaǵınan ózimniń ashıwlanǵanıma júrip baratırıp uyalaman da. Kimge ókpeleymen? Atama ma, jorama ma? Ne ushın? Bunı da bermegende ne qılar edim? Ekkende basında, qasında joqpan. Ya «otaǵın alısıwǵa járdemles» degende durıslı kómek bere almadım, qarmaq dep, shomılaman dep.

— Ǵarbızlar bıyıl mayda ǵoy, aǵa. Ya jer arıqlaǵannan ba eken? — dedi aǵam sıpaǵa jaylasıp alǵannan soń qawın kesiwge ıńǵaylasıp atırıp atama.

Men quwanıp kettim. Aǵam da olardıń jasırǵanlıǵın sezip, ne der eken degendey aytıp otırǵanday túyildi maǵan.

— Jerde kemis joq, qunarlı ǵoy. Bári ózimizden boldı. Birewler, kishkene balalar bolsa kerek, bunnan eki-úsh hápte burınları ılǵıy irilerin saylap, shaqmaq urıp ketipti. Shaması, ǵarbızdıń piskenin almaqshı bolǵan. Óytip ketkenin keshegide bilip júrmiz. Sársen ayttı, «ata, ǵarbızlar shirip baratır» dep. Sonnan bárin jıynap, zaya bolmasın dep sıyır, atlarǵa berdik. Sonsha miynetlerimdi aytsesh, zaya ketti.

Meniń qolımdağı tiligim jerge túsip ketti. Awzımdağı jańa ǵana map-mazalı, úgitilgish ǵarbızım tasqa aylanǵanday, úgitilmey, tamağımda tirelip qaldı. Ózimniń qılmıs islegenimdi — jónsizligimdi bilip, ókirip jılap jiberdim. Awzımdağı ǵarbız shashırap ketti.

Men jılawdıń ornına atamnan, ájaǵam, Sársenbaylardan keshirim sorawım kerek edi. Negedur tilim aylanbaydı. Kópke shekem sóylew túwe, júzlerine tik qaray almadım. Olardıń «nege jılaysańları da» juwapsız qaldı. Állen waqıtta esimdi jıynap, qaltamdağı atamnıń shaqqısın alıp jerge qoydım da:

— Ata, ata, men-n ayıp isledim. Keshiríńler... — oǵan boyımdı atıp, óksip, zorǵa sóylep atırman. Sol jatqanımda ekinshi ret bunday jaramas ádetti islemewge ishimnen ant etip atır edim.

* * *

Sebebi, bárine ayıplı ózim edim.

Awıldaman. Avgust ayınıń sońǵı kúnleri edi. Demalıs ta pitiwge shamalasıp qaldı. Oqıwdan burın bir-r ǵarbızǵa toyıp alıw esi-dártimdi alıp baratır. Atama sonı aytsam, «bıyıl keshlew egildi. Pispey atır ǵoy, Polat balam. Birinshi piskennen ózim aparıp beremen. Sen erteń qayta ber. Oqıwǵa barıwǵa tayarlanıwıń kerek, 3-sentyabr de tayalıp qaldı», dep wáde berdi, meni aldarqatıp, alıp bergisi kelmey. Bolmasa «piskenleri» — úp-úlkenleri kóp ǵoy.

Sóytip, erteń ketemen degen kúni atamnıń qoyǵan jerinen jasırıp shaqqısın alıp, hámme uyqılap atırǵan shańqay túste atızǵa bardım. Kún shıjǵırıp tur. Íssını pisent etetuǵın men be? Ǵarbızǵa bir toyıp alsam boldı. Niyetim — shala qızarǵan bolsa da jeyjaqpan. Usınnan ketip qalsam, ǵarbız tez arada awzıma tiymeydi. Qashan alıp baradı?! Sebebi, bilemen ǵoy, atama pisse de pispedi, qashan ishi túsip ketkenshe qoya beredi. Oǵan deyin taqatım shıday ma meniń sirá! Qullası, búgin jep ketkendi

durıs kórdim. Atam da qıynalmas, báribir mağan beremen dep atırğan ğarbızı ğoy. Qashan jegende ne?!

Atızğa bardım da «úlken, usı pisken-aw» degen birewin úzip alıp, jerge urıp eki bólip jep toyıp almaqshı bolıp oqtaldım da jáne shopaqların atam kórse baqırar, onıń ústine pispegen bolıp qalsa, onnansha kishkene, tórt múyeshli etip, shaqmaq salıp teksermekshi boldım. Pisken bolsa aqırzamanı joq, páleginen úzip alıp, kóteremen de tawıq alğan sağallarday jıńğıldıń arasına kirip ketemen. Úp-úlken gáwmis bolğanı menen ishi ap-appaq eken. Ekinshisin kóreyin, múmkin pisken shığar... Úshinshisi de aman qalmay, etine tırtıq tústi. «Múmkin emes», — dep oyladım, mańlayımnıń terin sıpırıp atırıp, — usınsha ğarbızlardıń ishinen birewi pispegen bolıwı. «Tağı... tağı... tağı...» birewin kórip atırman. Endigisi pisken shığar-aw, degen úmitlerim pushqa shığa berdi. Men de úlkenlerin saylap shaqmaqlay berdim. Qunığıp ketkenim sonshelli keyin bul isim ushın atam urısadı-aw degen oy yadıma kirip te shıqpadı.

Bir gezde «wah» dep ğarbızdı uslap turğan qolımnıń bas barmağın uslağanımdı bilmey qaldım. Qan ketti ağıp, barmağım uwday ashıp baratır. «Is pitti. Atańnıń aqılın almap ediń. Ğarbızdı jey ğoy endi, Polat», dedim ózime.

Tez shaqqını qaltama salıp úyge kelsem, atamlar áywanda shay isheyin dep atır eken.

— Kel, Polat balam, shay ish, qayda ketip ediń, usı tal túste?

— Hesh, ıssılap ayağımdı suwğa salıp otırdım, — dedim ótirik sóylep. Bul sózdi aytıwın aytsam da qattı qızarıp ketken edim, sonda «shay ishpeymen, suw ishtim, jańa», dep baylawlı bas barmağımdı kórsetpew ushın sırtqa shığıp kettim.

Usı waqıtta atamnıń Sársenbaydan pıshağın sorap atırğanın esittim.

— Sársen, biziń shaqqını kórmediń be? Qoyğan jerimde joq qoy.

«Is tamam. Endi pıshaqtı ornına aparıp qoyıwǵa bolmaydı. Óytsem mennen qáwipsinedi».

## 4. QAWÍN QORÍQ

Eger bir jerge hár jılı egin ege berseń, mol daqıl ala almaysań. Al, almaslap ekseń, mol zúráát beredi. Sonlıqtan, aǵam hár úsh-tórt jıldan másh, gúnji, júweri, mákke, tarı, qawın, ǵarbız atızlardı ózgertip turadı. Ásirese, bozıǵıp jatqan partawdan jer ashıp ekseń ǵoy, qawın, ǵarbız degeniń adam kótere almas úlken, túynegi kóp, til úyiretuǵın shiyrin boladı.

Bir jılı aǵam «Úlken jap»tıń boyındaǵı kópten berli bozıǵıp jatqan atızǵa qawın, ǵarbız egiwdi uyǵardı.

Tórtinshini pitirip, jigirma besinshi mayda demalısqa shıqqan men, úkelerim Bekbergen, Sharapat (Aytpaqshı, olar ekewi bir mezgil oqıwǵa barıp-keledi. Sentyabrde birinshi klasqa baratuǵınlar tayarlıqtan ótiwi kerek. Soǵan qatnaydı. Biraq, júdá májbúriy emes eken. Uyqılap qalsa barmay-aq qoyadı. Tayarlıq oqıwdıń ózi asıp ketse bir ay shıǵar deymen. Men de bayaǵı da Qıdırniyaz ájaǵam menen qatnadım ǵoy. Ol pitiriwshi, imtixanǵa baradı hám meni ertip aparıp-ákeledi) Nókistegi ájapamnıń ortanshı balası Polat bar, aǵamnıń janında toparlasıp júremiz. Bes-altı jıldıń arǵı jaǵında egilgen ol atızdıń bazı jerleri qalıń putalıq bolıp ketken eken. Burın atız bolǵanı qashı, salma súlderlerinen bilinedi.

Sol shópler erte báhárde órteldi. Biz, balalar, qalǵan-qutqanın jıynap atızdı tazaladıq.

Aǵam bel menen burıngı salmalardı qırshıp alıp tereńletedi.

Soń suwǵarıp qoydı. Suwı, batpaǵı kewip, jer tuqım taslawǵa tayın bolǵanda, yaǵnıy tapqa kelgende egiwge bardıq.

Aǵamnıń burınnan ádeti, gúzgi pisikte jewge qawın, ǵarbızdıń eń sarasın, mazalısın saylap jarıp, hámmege

tilip beredi de, ózi úlken etip kesip alıp, sol bólegin kespelep jeydi. Qalǵan jaǵın pıshaq penen qırıp, suwın shıǵarıp ishedi, ya bizlerge beredi. Sóytip, tolıq jelingen suwda júzetuǵın qayıqtay bolǵan jeńil pállege shopaǵın salıp, kóleńkege keptirip qoyadı. Ǵarbız bolsa da sóytedi. Aǵamnıń aqıllılıǵına qarań, óz shopaǵı óziniń pállesine salınsa qanday qawın ya ǵarbızdıń tuqımı ekenin erteń báhárde bileǵoyasań, ekinshiden, sonsha tuqımǵa ıdıs, shúberek te jetkize almas ediń.

Sol pálledegi kewip, qaqsap qalǵan shopaqlardı jerge qoysań qısı menen tıshqan jep ketetuǵın bolǵanlıqtan, shekiyne qaltaǵa salıp, qoymanıń diywalındaǵı aǵash, temir qazıqlarǵa ildirip saqlaydı. Bazı waqları sonıń ózinde tıshqannıń qaltanıń ishine kirip, ǵıtırlatıp atırǵanın esteseń. Diywalǵa qalay órmeleydi, hayran qalasań.

Báhárde egiwden aldın hár shopaqtıń sortına qarap, máselen, juqa qabıqlı tárnek, qıyar, jambılsha bolsa bir-eki kún, qattılaw qıyh qawın hám ásirese ǵarbızlardı tórt-bes kúnlep, hárbir pálledegi shopaqtı óz aldına qaltashaǵa salıp, yamasa shúberekke túyip, japtıń shetindegi ızǵar topıraqqa, batpaqqa kómip qoyadı. Bazı tuqımlar suwda óndiriledi. Óniwge shamalasqanda, yaǵmy tuqım bórtip, isinip, qabıq ushı ashıla baslaǵanda tapqa keltirip qoyǵan qarıq shetine egiwdi baslaymız.

Bizlerdiń qolımızda óniwge meyil bergen shopaqlar. Birewimizde jambılsha, birewimizde tárnek, qıyar, ǵarbız ya asqabaq boladı. Ǵarbızdı atızdıń shetki salmalarına egemiz. Asqabaq, palawqabaqlar gúrlep uzın bolıp ósip ketetuǵın bolǵanlıqtan olar óz aldına arası alıs etip qazılǵan qarıqlarǵa, yamasa pálekleri órmelep óssin dep atızdıń shetine — qora betke egiledi. Tárnek, jambılsha, qıyarlar atızdıń suw keletuǵın saǵa bettegi qarıqlarǵa taslanadı. Sebebi, olar suw menen jetiledi, suwdı súyedi.

Tuqımnıń ónip shıǵıwı egiwge baylanıslı boladı, dep úyretedi aǵam, bizlerge.

Qarıqtıń shetiniń bir bel qaramınday jerin awdarıp, topıraǵın bel jalpaǵı menen urıp ezip, ulpaday etip aladı da, egiwge tayar bolǵan shanaq topıraǵın bel menen qarıp, «al tasla, qıyar tuqımdı» deydi. Sebebi, qıyar tuqım tereńge egilmeydi. Ǵarbız, asqabaq qusaǵan qalıń qabıqlı tuqımlar tereńlewge kómiledi. Biraq, dım tereńge kómilse de bolmaydı, jer betine ónip shıǵa almay, tunshıǵıp, tuqım kewip, yamasa sarǵayıp ólip qalıwı múmkin. Jer ústilewine taslansa da quyash penen topıraq, tuqım da kewip, óspey qaladı.

Sonday-aq, shopaqtıń qurt, qumırsqa, buzawbas sıyaqlı jawları da bar. Shımshıq, hákke, ǵarǵalar da jaw. Qus degen bir dámikse, shanaqtı tintkilep, topıraǵın ayaǵı menen shashıp, tuqımdı tawıp alıp jep qoyadı.

Sonlıqtan, egip boldıq pa, atızǵa qus ta qondırmaymız. Keseklep, baqırıp, shappatlap ushırıp júremiz.

Biz ekken qawın, ǵarbız tuqımlarımız demde-aq órre turıp, kóp uzamay eki qulaq boldı. Sol waqta «birleymiz», yaǵnıy shanaqtaǵı náller sanın julıp azaytamız. Óytkeni, ekken waqta push shıǵıwı, ǵarǵa, torǵay, shımshıqlar, buzawbas qońızlar jep ketiwi múmkin, dep kóplew tuqım salınǵan. Hár shanaqta úsh, asıp ketse tórt túbin qaldıramız. Birlegennen soń tez kúsheyip náller demde-aq tórt qulaq boladı. Sonnan kún sayın ósip, pálek jaya baslaydı.

Sonıń arasında qawın náli menen birge sora, suwshigin, aqbas, palatı qusaǵan jabayı shópler de óse baslaydı. Qolǵa oraq, pıshaq alıp otawǵa kirisemiz. Ásirese, qamıs degen jaman. Barlıq tamırın suwırıp alıp taslamasań bes-altı kúnnen qayta shıǵa beredi. Hátte, quyashqa kewip qalǵan porrıq (tamırı) suwǵa, ya ızǵar topıraqqa tiydi me, jáne óse beretuǵının aytpaysań ba?

Qawın otaq — biz, balalardıń moynında. Aǵam, apam, ájaǵam, ájapalardıń bunnan áhmiyetli jumısları tolıp atır. Sonlıqtan, bizler aǵamnıń kórsetiwi, aytıwı menen qawın, ǵarbız nálleri átirapındaǵı barlıq jaman shóplerdi julamız,



RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'

oramız, tamırı menen alıp taslaymız. Sonda qawın jerden kúshti tolıq alıp, gúrlep ósedi, demde pálek jayıp, jetilisedi.

Waqtında suwın berseń, tez gúlge de otıradı. Suwǵarǵanda itiyatlı bolıp, qarap turmasań, suw shanaq ústin basıp ketse, barlıq pálekler mantıǵıp ólip qaladı. Qarıqtı shanaqqa jeter-jetpes etip suwǵarsań, sonıń ózi jetip atır. Qalǵan jaǵında boz, onıń ústine bos topıraqtıń ózi suwdı shımtıp tartıp, sińirip, joqarıǵa bes-altı enge shekem ızǵarlaydı. Jáne bir nárse, pisiwden aldın kóp suwǵarmaysań, zúrááttiń mazasın juwıp ketedi.

Gúllegen qawın, ǵarbız arasında kóp uzamay dáslep eriktey, almaday, bara-bara mushtay túynekler payda bola baslaydı. Erteńi azanda kelsek erikteydiń shabdal qaramınday bolǵanın kóremiz. Úlken túynek kórsek, «mınaw meniki» dep menshiklep alamız. Sóytip, hárkim ózinikin túske deyin de, tústen keyin de, keshte de, tap birden úlkeyip ketetuǵınday pálekti kóterip qarap júrgeni.

Bazda bul balalıq qızıǵıwshılıq, sabırsızlıq ádetimizge ákemiz támbi de beredi:

— Tez kóre bermeń. Pálegin basıp bolasız. Soń pálegi ólip, óspey qaladı. Túynekti uslawǵa, hátte tez-tez kóre beriwge de bolmaydı, kózigip, óspey qaladı. Qayta ústine shóp basıp, kózden tasalap qoyıń, sonda demde pisedi, — der edi.

Qawınlar tolıq túyneklep bolǵan shamada qıyarlardıń aldı pise baslaydı. Qıyar pisedi degenimiz, bir jaǵınan durıs ta emes, úlkeyip qaladı, degen durıs pa, sebebi qıyardıń piskeni de kók boladı ǵoy.

— Jańalıq etiń, — dep aǵam kishilew bolsa da úzip alıp hár qaysımızǵa beredi. Ǵıtırlatıp, jegen sayın jegiń keledi.

Sonnan tórt-bes kún ótse pisken uzın qıyarlardı jep tawısa almay qalamız. Keshte suwǵarsań azanda pálek arası qıyarǵa malınıp qalǵanın kóreseń. Ózimiz de, kózimiz de toyadı. Qıyarın kesh ekken awıldıń balalarına, qızlarına aparıp beremiz. Qıyar menen shamalas aǵamnıń úyimizdiń

aldındağı atızdıń bir mushına erte ekken keltelew bes-altı qarığındağı pomidor, bir qıytaqtağı kók piyazı da pisedi. Áne, awqat bizlerge. Qırshıldap turğan qıyar, xanasına sıymağanday tırsıyğan, etli, sup-sulıw, qıp-qızıl, iyisi tanawıńdı jaratuğın pomidorlardı úlken tabaqqa maydalap, domalatıp sulıwlap kesip, ústine kók piyaz tuwrap, shamalı duzın salıp, aralastırıp, nan menen urıp alamız. Sonı jesek qatıq, sút, apamnıń asqan, awzıńnan mazalı dámi ketpeytuğın shiyrin awqatına da qaramaymız. Salattı, ásirese, Atanazar ájağam náshe etip, erinbey islewge sheber edi. Bizlerdiń ózlerimizge qalsa, kewlimiz kelse salat etemiz, erinsek qıyar menen pomidordı eki qolımızğa uslap, alma-gezek tislep jep kete beremiz.



Kóp uzamay azanda atızğa jaqınlasań murnıńa jambılshanıń xosh iyisi ura baslaydı. Qıyardan shıqqan bizler endi shala pisken, jańa iyis alıp baslağan jambılsha túyneklerin murınğa basıp, tereń tartıp, iyiskelep, mazasına toymaymız. Qayta-qayta iyiskegiń keledi. Kók reńli sál sarıǵa meyil bergenin ağama aytıp, «eki kún tursın» degenine qaramay úzdiremiz.

Hárqaysımızda eki-úsh, bazımızda tórt-bes tilli (konserva ashatuǵın tili de bar) kishi qaltabap bir-birden shaqqı boladı. Sonıń menen tilip jeymiz. Qawın-ǵarbız pálegi, gúli, túynekleriniń iyisi ańqıǵan atızda, onıń ústine, qıs-báhár altı ay taza miywe, palız jemegen bizlerdiń qáytip ashkózlenip jeytuǵınımızdı kóz aldıńızǵa keltire beriń. Kerek bolsa, jambılshanıń juqa qabıǵın da jep qoyasań, bilmey. Sonday, ashırqaǵanbız «kók»ke (Biziń xalıq miywe, palız ónimleriniń bárin «kók», «kók jemis» dep ataydı).

Kóp ótpey barlıq jambılshalar pisedi. Birewleri shireliliginen tilik-tilik bolıp, qaq-qaq jarılıp ta ketedi. Ondayların tez almasań, qurt-qumırsqa úymelesip, ishine deyin kirip ketedi. Yamasa iyisinen saǵal, porsıq tawıp aladı. Sonlıqtan, áyne pisik máhálinde páleklerdiń arasın ashıp, tayaq penen túrtip, tez-tez kórip turıw kerek.

Tildi úyirerliktey shiyrin jambılshalardı jep, qarnımızdı kótere almay qalamız. Qollarımız, betlerimiz, iyek, kókirek aldıdan baslap, tap jalań ayaqlarımızǵa deyin jambılshanıń shireli suwı qatıp qaladı. Shıbınlar úymeleydi. Sonnan «Úlken japtıń» qolaylı jerine barıp, boyımızdı atıp, ház etip shomılıp alamız. Ústilerimiz tazaradı. Bir-eki saat shomılǵannan soń baǵanaǵı toyǵan qarınlarımız jáne bosap, sırnay shaladı. Sonnan «Kim birinshi barmaq»qa juwırıp, atızǵa jetip, qosta otıramız. Kesh kelgenler pisken jambılsha izlep ketedi. Óytkeni, shárt solay, bul — bizlerdiń «jazılmaǵan nızamlarımız»dıń biri. Sóytip, bir-birden jambılshanı urıp alamız.

Jambılshadan keyin tárnekler pise baslaydı. Onıń dámi de, mazası da ózgeshe boladı. Jambılshadan kem emes. Hárkim bir tárnekten alıp tisimiz benen úzip, ústin jep, qabıǵın ılaqtıramız. Kemirip jegenniń náshesin, zawqın aytpaysań ba? Oǵan aǵam baqıradı.

— Góne shelek, lágenge taslań. Keshte buzawıńızǵa aparıp beresiz. Shopaǵın tawıq, shójelerińizge beriń, — deydi.

Atızlar úsh-tórt jıldan ózgerip turǵanlıqtan jáne waqıt joq, eń baslısı, awıldıń qoy, mal padası bul tárepke ótpeytuǵın bolǵanlıqtan qoralanbaydı. Bir jaǵında ǵana eski qoranıń jurnaǵı bar. Ol tárepke pálegi on-on bes metrdey bolıp ósip ketetuǵın asqabaq, palawqabaq egilgen. Qullası, qawın atızımızǵa adam da, iyt te, qus ta, porsıq, saǵal da qálegen jerden kirip kele beriwi múmkin.



Avgusttıń ishi. Qawın, ǵarbız ǵalaba pisip, mazalı iyisi alıstan murın qıtıqlaydı. Saǵal, porsıqlar qawınlardı jey basladı. «Qawınnıń piskenin saǵal jeydi» degen gáp ras eken. Keshte atız aralap piskenlerin úzip, qapshıqqa salıp, úyge alıp ketsek te, azanda kelsek, sap-sarı bolıp pisken mazalı qawındı túni menen saǵaldıń jegenin kórip, ishiń ashıydı. Keshte qalay kórmey qalǵanbız, dep nalıysań.

Atızdıń hár jerine aǵash qadalar qadap, joqarısına keselep tayaq baylap, olarǵa góne shapan, kostyum, kupayki,

malaqay, degeleylerdi kiygizip, qaraqshılar isledik. Uzaqtan, ásirese túnde tap adamnıń dál ózi bolıp kórinedi deyseń, dáslebinde ózlerimiz de qorqıp júrdik. Bir-eki kún porsıq, sağallar kelmedi — qawınlar aman shıqtı. Lekin, kóp uzamay úyrenisti me, qaytadan pisken qawınlar zayalana berdi.

Ağam bir kúni:

— Sonsha miynetlerimizdiń ráhátin sağal, porsıq kórejaq, balalarım. Túni menen atız basında jatıp, qorımasaq bolmay tur, — dedi.

Sóytip, eki-úsh kúnde qawın atızdıń dál ortasına bes metrge tórt metr etip náhán, biyik hám keń qos soqtıq. Tóbesine mıqlı ağashlar taslanıp, kesesine qadalar dizildi. Onıń ústine qamıs plita, keyin bir qatar qalıń etip boyan, onıń ústine bawlanğan pishenler tóseldi. Qaptalın shiy, jeken shıpta menen mıqlap aylandırıp, orap qoraladıq. Ishine úydegi eki temir kátti ákelip ornalastırdıq. Ishlerine shiy, shıpta tósep, ústine kiyiz, onıń ústine kórpeshe tasladıq.

Qos bizler ushın júdá jaqsı bolıp qaldı. Dem alatuğın waqta ekew-ekewden bólisip kátte jatamız. Bir kátte eki bala bir tárepke ayaq jiberip jatsaq, tórt ayaq sıyadı-dá, al eki bas dúgisip qala beredi. Bir-birimizge betimizdi qaratsaq, kúlip, sóylep durıslı uyqılay almaymız. Onıń ústine, birimizdiń demine ekinshimiz tunshığamız. Al, bir-birimizge arqa berip jatsaq, kátke sıyıw qıyınlaw boladı eken. Sonlıqtan, birimizdiń basımızğa ekinshimiz ayağımızdı sozıp, qarama-qarsı jatamız. Sonda arqayın sıyamız.

Úyden bir qatar shaynek-kese, tabaq, qasıqlar, súlgi, maylıqqa shekem ákelindi. Hár kúngi nan-pan, awqatlar úyden kelip turadı, yamasa eki bala juwırıp, yamasa ağamnan bosağanda eshekli, kameri jarılmasa velosiped penen barıp alıp qaytamız. Qos aldına gerbish, taslardı qalap, quman menen úlken «kolxoz» shaynekke maslastırıp oshaq soğıp bergen. Shekemiz qıssa, soğan shay qaynatıp ishemiz. Sebebi, bazda qurı suw menen qawın-ğarbız batpay, shaydıń qurısı da tutıp qaladı eken.

— Men joqta otın jaqqanda abaylı bolıń. Qarap turıń. Samal, dawıl bolıp, ottan ushqın ushıp, qosqa tiyip, alısıp ketpesin. Shırpı jağıp oynamań, — dep ağam derlik hár kúni zinharlaydı.

Shırpınıń jaman ekenin, órt alıssa óshiriw qıyın ekenin olsız da túsinemiz. Sebebi, aldıngı jılı, birinshi klastıń ekinshi sheregi dáwirinde shığar deymen, qullası, qıstıń kúni oqıwğa baratırıp (mektep biziń awıldan 4—5 kilometrdey qashıqta. Qıstıń kúni ılay hám suwıqtan velosiped ayday almaysań. Sonlıqtan, eshekli, piyada qatnaymız. Derlik hárqaysımızda shırpı boladı. Túski on eki yarımdağı oqıwğa úyden azanda toğızdan óte shığamız. Awıldıń shetindegi úlken jolda úyirilisip turamız. Awılda túste oqıytuğın jeti-segiz qız hám bala bar. Bárimiz sol jerge tolıq jıynalıspağansha kútip turamız. Túwellenip júrip ketemiz. Baraman degenshe jol shetindegi japtağı, yamasa paxta atızdağı (ol waqta paxta atızlarğa gúzgi suw shimpildetip jiberilip, suwıqta sińip úlgermey qatıp qalar, bizlerdiń hás shana aydaytuğın muz aydınımız bolatuğın edi) muzda sırğanap, birimiz otırsaq, ekinshimiz tartıp degendey, qullası, baraman degenshe oyınımızdı pitirip alamız. Kóp uzamay tońa baslaymız. Sonnan shoq bolıp turğan quwrağan puta yamasa shóplikke ot berip jılınamız. Quwraq shóptiń qızğını bolmaydı, birden lap etedi de óship qaladı. Onnan ya qoz qalmaydı. Sonlıqtan, ağash terip, ya jıńğıl, terektiń quwrağan shaqasın sındırıp, qalap, ot jağıp, birotala barlıq denemizdi — juwıspay baslağan awız, bet, qolımızdan baslap, dize, ayaq, barmağımızğa shekem jılıtıp alamız. Mektepke shekem, kún júdá ayaz bolsa úsh-tórt jerde, jıllılaw bolsa bir-eki márte ot jağıwğa tuwra keledi.

Sóytip, júrip bir kúni jılınıw ushın ózimizdiń «Shaljuwıt» awıldan shığa beristegi Qariy ağanıń úyine jaqın jerdegi jıńğıllıqtağı bir túbirge ot jaqqanbız. Ísınıp bolıp júrip ketkenbiz.

Bizler oqıwǵa kete bereyik, órt átirapındaǵı jıńǵıl, putalarǵa ótip, onnan arı alısıp degendey toǵaydıń kóp jeri órtenip ketken. Keshte qaytısın kórdik. Ayırım jerleri ele pısqıp atır eken.

Qıstıń uzaq keshinde hárkim óz áke-sheshesinen mol sıbaǵamızdı aldıq. Sol-sol eken, urıqqa, jiyde, jigildikke órmelep ósken úpildirikke shırpı jaǵıp ılaqtırıp, qızıqqa órtep ketiwdi toqtattıq. Dım tońbasaq ot jaqpaytuǵın boldıq.

Aǵamnıń bizlerge, ásirese maǵan abaylı bolıń dey beretuǵınınıń jáne bir sebebi bar edi. Qısınaman, aytpawım kerek edi, lekin gáptiń reti kelip turǵan eken, meyli sırdı shashqanım bolsın...

Kishkene balaǵa barlıq zat qızıq, tańsıq. Ol waqta men tórt, ya bes jaslardaman-aw. Bálkim, úshten endi ótip júrgendurman, anıq bilmedim. Awıl bolǵan soń úyler shashaw jaylasadı. Biziń úyge jaqın qońsılardıń men jaslı balaları joq. Al, awıldıń ortasındaǵı joralarǵa barıp oynawǵa qorqaman. Jolda sıyır, tanalar júredi, ya eshek aldıńnan shıǵıwı múmkin. Meni tanımaytuǵın iytler de kóp, tislep aladı. Onıń ústine joldaǵı Dáwlet ájaǵamnıń hayalı Ulsánem jeńgemniń adam shoqıytuǵın qorazı bar. Soǵan gezlesip qalsam, qapıldı dey ber.



Mine usınday bolǵannan soń jaqın qońsılardıń balaları mektepten kelemen degenshe waqıt ótpeydi. Qashańǵı tili joq buzaw, qoshantay, kú-

shik, pıshıq penen oynay beresen. Eki-úsh kúnnen aǵamnan «Tolıbay, Aytbaylar, ájapam Perdegúl, Almagúller qashan úsh ay demalısqa shıǵadı» dep sorap turaman.

— Jaqın qaldı, — deydi.

Tap kúni keshe soraǵanımda «jigirma kúndey» dedi.

— Meniń barmaǵım jetpeydi, ele kóp eken ǵoy, — deymen.

Usılay etip, zerigip júrgen kúnlerdiń biri. Túste aǵam menen apam qaladan keldi. Aylıq alǵan ba, kóp nárseler ákelipti. Onıń ishinde bankah alma povidlosı da bar eken. Nanǵa jaǵıp, toyǵansha jedim. Turayın, dep atırıp pecheneden bir qısım aldım. Kóp shırpı da ákelipti. Kózdiń tasasın alıp bir shırpını qaltama tıqtım. Sóyttim de úyge jaqınlaw salınǵan mal qoraǵa bardım. Shırpını jaǵıp kóriwdi, bir nárseni órtewdi qızıq kórip turman. Bálkim, mektep jasındaǵı ájaǵa-ájapamlardıń qıs kúnleri shırpı menen ot jaǵıp júretuǵının esitip, men de sóytkim keldi me, házir bilmedim, biraq negedur shırpını jaǵıp, bir nárseni órtewge qızıqsına berdim.

Shırpı shaǵıp, jıńǵıl qoraǵa tutaman, janbaydı. Sonnan maldan qalǵan pishen, shińgirik qaldıqlarınan bir qamtım alıp, qora arasına tıǵıp, jaǵıp kórip edim, lap etip alıstı. Qızıǵına qarap turman. Bir waqta jalın qoranıń joqarısına shekem kóterildi. Qorqıp kettim. Qoradan atlıǵıp shıǵıp, úyge kirip shay iship atırǵan aǵam menen apamnıń janına kelip dım úndemey otırdım. Biraq, ishim ulıdúpirli bolıp qáweterlenip otırman.

Sonnan «Uyalǵan tek turmas» degendey:

— Povidlo jeymen, — deppen.

— Haw, jańa ózi qayttıǵa toyıp ketip ediń ǵoy, — deydi apam.

— Yaq, jeymen, — dep qıńırlıq ettim. Bir waqta júzi ójireniń ayna betine qarap turǵan apam:

— Way, aǵası, aynadan tútin kóringendey bola ma? Qar-ós, — dedi hayranı shıǵıp. Aǵam ornınan ushıp turıp, aynanıń fortochkasın ashıp edi, ashshı tútin ishke urdı.



— Órt, órt-ǵo — dep áke-sheshem orınlarınan ushıp turıp jalań ayaq dalaǵa juwırısıp ketti. Men de shıqtım. Qarasam qora qıp-qızıl jalın ishinde qalǵan. Átirapındaǵı júweri, ǵawısh suwınlar, jantaq, jońıshqa gúdiler, tóbedegi pishen, boyan bawlar bári janıp atır. Jalın barlıq, jaqtı jalmaydı. Shoqlar aspanǵa atılıp, átiraptı órtemekte.

Kóp uzamay ózimizdiń jaydıń joqarısında jıynawlı ǵawıshlar da jana basladı. Awıldıń úyinde bar barlıq adamları — erkegi de, hayalı da, qızı da, balası da, ǵarrısı menen kempiri de qalmay kelgen. Qollarında shelek, temir jabalar. Órtti óshiriw háleginde.

— Reyipnazar, órt jayǵa da órledi. Hámme tamdı aman alıp qalıwǵa háreket eteyik. Mal qorańdı uwayımlama, esabı bolar, ishinde buzaw, ılaq, qozı qalıp ketpese boldı. Onıń barlıǵı janıp ta bolǵan esabı. Qáne, jaydı óshiriwge kelińler! Ishtegi barlıq zatlardı tezirek alayıq. Órttiń túri jaman, — deydi awıldıń jası úlkenlerinen Qalmurat molla.

— Qıdırniyaz, qaydasań? Velosipedińdi min de qalaǵa zımıra. «Órt mashın» ákelmeseń ózlerimizdiń qolımızdan kelmeytuǵın túri bar, — deydi aǵam jan ushıra baqırıp sóylep.

— Quyıdağı suw tawsıldı, — deydi Dáwlet ájağam.

— «Úlken jap»tağı bul jaqqa ağatuğın salmanıń sağasın ashıwğa balalar jiberdik. Suw japqa kelip te qalğan da shığar. Barıń, kóriń, japtı, — deydi oğan juwap retinde Genjebay ağa. Shelek kótergen bala-shağa, hayallar úyimizge otız-qırq qádemdey jerdegi salmağa juwırısadı.

«Órt — tilsiz jaw» degeni durıs eken. Bir alısıp ketse onı óshiriw qıyın qusaydı. Jayımızdıń tóbesi de jana basladı.

Bir waqıtta wańqıldap, dawısı qulaq túwe jerdi jarıp «Órt mashın» keldi. «Pojarnikler» shaqqan eken. Shart-shurt isleydi. Uzın, tompaq shlangta otqa qaray pısqırtıp suwlar atıldı ma deyseń, qoya ber, sağan. Eger onıń aldında bizlerdey balalar turar bolsa, buyım demey ushırtıp jiberetuğını anıq-aw deymen. Biraq, órttiń kúshliligi sonshelli, «Órt mashın» «Úlken jap»tan eki ret qarnın toltırıp kelip, bir saattay suw búrikkennen soń ğana tolıq óshti. Órt óship boldı-aw degen gezde qızıqqa qarap turğan (bizlerge órt óshiriwge ruqsat etpedi, kishisindi) biz, mayda balalar betke kelip Atanazar ájağam meni shaqırıp aldı. Tekserip, shalbarımnıń qaltasınan bağanağı eki túyiri ğana jańğan tolıq shırpını tawıp aldı.

Shekeme shapalaq berdi. Ot jandı. Kózimnen jas pırt ete qaldı. Sonda da dawısımdı shığarmadım. Sebebi, sonsha joralar turıptı, ózlerimizdi úlken jigit boldıq dep júrgende, qalay uyalmay baqırıp jılaysań. Onıń ústine, baslısı, ayıp ózimde, ájağam qurı urıp turğan joq, «Órt bergenime» berip atırğan sıbağası. Bul menen qutılsam, quwana bersem de boladı.

Mine, usınday gápler, waqıyalar.

Bizler kishkene balalar emespiz, ol waqıttağıday. Sonlıqtan, ot jağıwdıń barlıq ádislerin úyrenip te qalğanbız. Oshaqqa otındı maydalap salıp, qasında otırıp, shaynek qaynatamız.

Qos bolsa da ağam bizlerdi ayap, bes-altı kún bir ózi qonıp, qorıp júrdi. Biraq, bizler qoymadıq:



— Aǵa, bizler de qosta túneyik. Qawın qorıymız, — dep dıńǵırlay berdik.

— Dalada jatıwǵa qorqpaysız ba? Shoshqa qorqıldap, saǵal ulıp, porsıq pısıldap-pısqırıp, shegirtkeler, buzawbaslar shırıldaydı, — deydi aǵam. — Onıń ústine uyqıńız shala qaladı ǵoy.

— Qorqpaymız, — deymiz. Lekin, jańaǵı shoshqa qorqıldaydı, porsıq pısıldaydı,...degendi esitkennen soń júregimiz shayılıp, dawısımız da ólpeń shıǵadı.

— Uyqılamawǵa qayılmız.

— Túnde gezeklesip uyqılaymız.

— Meyli, búgin onda birge usı jerde túneymiz. Keshte súyir shıbın kóbeyedi. Kóp etip qurǵaq tezek terip ákelip qoyıń. Eshek te janıwar, súyir shıbınnan uyqılay almay túni menen oqıranıp, tebinip shıǵadı. Onıń janına da túteteyik. Ózlerimiz ushın qostıń átirapına jaǵamız, — dep tayınlap aǵam kók eshegine minip paxta atızına

ketti. Azmazdan jáne izine qaytıp, dawıs jeter jerde eshegin «turr!» dep irkip bizlerge súrenledi.

— Umıtıppan-aw, balalarım, bul jerdegi kishkene siyle peshexananı úyge aparıp taslap, bárimiz sıyatuǵın bózden islengen keńin alıp keliń. Meniń ózim atızdan kesh qaytaman. Tuwrı usı jaqqa kelemen. Awqatımdı da ákelińler.

Ol jáne esheginiń basın torańǵıldıń arasındaǵı soqpaqqa burdı. Qawın pállege toyıp júrgen eshegi pátli, júrdek. «Anaw-mınaw shaban atıńnan shabıw, jorǵa jaǵınan da, iriligi jaǵınan da qalıspaydı», dep maqtanamız bizler. Biraq, miniwge zorǵa júreksinemiz. Kóbinese, basqa jáne eki eshek bar, juwas, solarǵa minemiz. Anawıń kúsh bermey ketedi. Bala minse, sirá qutırınıp, pısqırıp, shóplikler, jıńǵıllıq arasına urıp ta ketetuǵın ádeti bar. Eger masha kórse, tamam boldım, dey ber. Ústimde adam bar demes sirá, ańqırıp, jinlenip, ókireń qaǵıp shabadı. Sonlıqtan, mingende awzına suwlıq salınadı. Tek aǵamnan qorqadı. Bir neshe mártebe, aǵama da kúsh bergisi kelmegende, há, on, jigirma qamshı jep, juwasıdı. Aǵam: «Hásseniy, eshek, túbinde eshekligińe barasań-dá» dep gijinip qoyadı, ol bazda usınday qırsıq minezin kórsetkende.

Jazdıń kúni uzaq, túni qısqa ǵoy. Bizler júregimiz sháwkildesip, tústen keyin úyge barıp, dem aldıq. Anama úy jumıslarına járdemlesken boldıq. «Bol, há, bol»dı salıp anama keshki awqattı tezletkizdik. Ádettegiden bir saattay burın-keshki altıdan óte balıq qarmanı jep aldıq. Tikeni az bolatuǵın ılaqa, úlken sazan balıqtıń maylı góshine aralasqan mayda, juqa júweri gúrtikti jegen sayın jegiń keledi. Toymaysań. Sorpasınıń onnan beter mazalısın aytpaysań ba? Qarınlarımız shámpiygenshe, tura almastay bolǵansha jeppiz, ishippiz. Qollarımızdı tayanıp, ornımızdan zorǵa kóterildik. Eger qawın qorıqqa barmaytuǵın bolǵanda turmay, otırǵan jerimizde qıysayıwǵa tayar turmız. Meniń ózim buyıǵıp, kózim ilinip baratırsa da, jambasımdı shımshılap, betime

áste shapalaq berip, betlerimdi muzday suwǵa juwıp, uyqımdı ketirdim. Sonnan uyqılap qalsam, «Qorqaq, qawın qorıqta jatıwdan qashıp uyqılap qaldı», degen nasaqqa qalaman. «Ólimnen uyat kúshli» degen emes pe?!



Kerekli ol-bullarımızdı aldıq. Peshexananı, shırpını umıtpadıq. Nókisli Polatta eki úlken batareyalı qıtay fonarigi bar. Jaqtısı zor, nurı kóp jerge jetedi. Adamnıń, haywannıń kózine túnde tutsań qamasıp, kórmey, turıp qaladı. Al, bizlerdiń hár qaysımızda kishkentay shırpıdan ǵaw emes, jaqtısı da óziniń átirapınan alısqa ketpeytuǵın, nurı da hálsiz, bir-birden fonarik bar. Joqtan jaqsı, eń quríǵanda, tas túnekte ayaq jolıńdı kóreseń. Aǵamnıń: «Qawındı jaqsılap qorısańlar, bazarǵa satıp, jaqsı, sulıw, arqalamay papka menen qıtay fonarikten alıp beremen» degen wádesi bar.

Úy menen qawın atız arası bir shaqırımnan sál-aq alıs shıǵar. Qollarımızdaǵı aǵamnıń keshki awqatın, «tún salqın bolsa jamılarsız» dep anam uslatqan odeyalo, úlken kórpe, yarım qapshıq tezek, peshexananı bólisip kóterip, ırsıldap-pısıldap biraz waqta atızǵa jetip keldik. Jaqınlaǵannan qarasaq, atız ortasında Kamal atamnıń qurshańqı, padaǵa

kónbeytuǵın qara ala sıyırı qawındı gúysep turǵan eken. Sıyırdıń dizeligine jeter-jetpestey etip arqan menen moynınan alıp keminde bir yarım metrlik shoqmar tayaq baylanǵan. Qashaǵan, atızǵa urıp ketetuǵın mallarǵa padashıdan qashıp ketpesin, birewdiń eginin zayalamasın, degen niyette iyesi tárepinen usınday tayaq baylanadı. Sıyır qattı juwırsa, shoqmar eki dizege, tirsekke urılıp, tiyip, awırtadı, yamasa ayaq arasına kirip, shalındıradı. Sonnan keyin padadan qashpaytuǵın boladı.

Gáwmistiń jep atırǵanı uwıljıp pisken qawın qusaydı, eki eziwinen shireli, qoyıw suwı kópirip aqpaqta.

— Beken, tabaqtı ber, — dep qolındaǵı zatlardı aldım da, — Bar, zıt! Tez quw! Kesekle! Qolıńa tayaq al. Izinen jetseń, bir-eki ur, ekinshi kelmeytuǵın bolsın! — dep atırman. Ol maldı jitirimge jetkerip quwıp qayttı.

— Al, kelińler, qarańǵı túspesten, shıbın shıqpastan burın peshexananı qurıp alayıq, — dedim.

Aǵam qosqa jaqınlaw bir ashıqlıqtı peshexanaǵa, dep bel menen qırshıp, shóplerden tazalap, aynaday tegislep qoyǵan edi. Tórt mushına tórt bekkem qada kómilgen. Sol jerge qurıw ushın:

— Astına qostaǵı shıpta, kiyizlerdi ákeliń, — desem, Polat:

— Qostıń tóbesinde jatayıq. Hámme jaq kórinedi. Ózlerimiz de saǵal, porsıqlardan qorqpay arqayın jatamız, — deydi. Oǵan eki úkem:

— Durıs, durıs. Tómende jatsań shoshqa jarıp keter, — dep maqullap jabırlastı qorqqanların jasırmay.

— Tóbede, yaǵnıy joqarıda samal húwleytuǵın jerde shıbın bolmaydı. Ol jaqqa peshexana qurıw shárt emes, — dedim bilgishsinip úlkenlerden esitkenim boyınsha. — Peshexananı tómenge qura beremiz. Eger qorqıp baratırsaq kórpe-tósegimizdi kóterip joqarıǵa shıǵarmız-dá.

Meniń aytqanım menen tóseklerdi qalıń etip tósep, peshexananı biyik etip qurıp, eteklerin kiyizdiń astına

salıp shıqtıq. Bir jerin áste ashıp, eńbeklep kirip, jatıp, keyin ayqasıp oynap, ház etip sherimizdi tarqattıq.

— Boldı, qáne oyındı toqtattıq, — dedi Polat pısıldap, ústine mingen Sharapattı ısırıp túsirip. — Qostıń basın tayarlayıq.

Záńgini qosqa súyep, ústine mindik. Tórt mushındağı bağanlardıń ushı qos tóbesinen de bir-eki metrdey shığıp turğan edi.

Ağamnıń ana kúngi aytqanı menen házir bizler uzın, bekkem qadalardı qatarlastırıp, sol ağashlarğa keselep baylap-bekitip, jatqanda awnap, qulamastay etip qorshaw isledik. Qostıń sırtqı múyeshine úyip qoyğan sıyır japalarınan alıp, lágen, sheleklerge salıp atızdıń tórt mushına hám peshexana aldına aparıp, ústine samtıq taslap jağıwğa tayarlap qoydıq.

Jumıs islseń, demde waqıt ótip ketedi eken. Qarańğı túsiwge shamalastı. Jazdıń kúngi esap boyınsha bul — saat toğızlar boldı degen sóz. Kúni menengi qıymıldan ishken asımız da boyımızğa tarap, sińip, qarnımız ortayayın dedi. Men gúrbekti, ásirese, onıń ağamlar «iyshan qawın» dep ataytuğın reńi jasılın táwir kóremen. Aralap, atızdan sırtı mayda kózli jılımday tolıq torlağan gúrbekti úzip alıp keldim. Bir shórek penen jep aldıq. Jáne jegimiz kelse de túnde oyanıp, peshexanadan shığarı bar, dep qorqıp, qanaat etiwge májbúr boldıq. Maydanlayın dep atırğanda porsıq kelip bir jerinen tislep alsa ğoy, ondaydan quday saqlasın.

Usı arada jaqın jerden ağamnıń kók esheginiń ańqırğan tanıs dawısı esitildi.

Átirap qarańğılasıp baratırğannan-aq ján-jaqqa alańlap qarap, qáweterlene baslağan bizler qattı quwanıp kettik.

— Ağam kiyatır-r! — dep baqırısıp qoya berdik. Qostıń ishi qarańğı bolğanlıqtan peshexananıń bir shetine kishkene etip dasturqan jasay basladıq. Termosta qara shay da bar edi. Súlgilerge oralğan bankadağı sorpanı, úlkenlew tostağandağı balıq qarma, kespelerin dasturqanğa qoydıq.

Suwıtıp qoyǵan «kolxoz» shaynekte kók shayımız da bar. Shóllep, ańqası kewgen aǵam bet-qolın juwmastan burın úlken sorpa kesege quyıp, kók shaydı simirip, shólin qandırıp aladı. Sonnan keyin ǵana shańlı terge batqan kóylek, kiyimlerin sheship, qosqa qıstırıwlı kewip turǵan basqaların kiyip aladı. Quman menen suw quyamız, jaqsılap, juwınıp aladı. Murnına suw jiberip súńgirgende ılaylı suw túsedi. Kúni menen shań jutıp, shań menen dem alǵannan keyin usınday boladı, dep túsindiredi ol.



— Sizler oqısańız awır, patas, shań jumısta islemeysiz. Sonlıqtan, oqıwǵa ǵayrattı salıń, — der edi.

Aǵam awqatın jep boldı. Pátiya etti. Bul waqta átirap tolıq tún qushaǵına enip te úlgergen edi. Uzaqtan esitilgen saǵallardıń ulıwı kem-kemnen jaqınlasa berdi. Bir waqta tap qawın atızdıń arǵı múyeshindegi sheńgelliktiń arasında keminde úsh-tórt saǵaldıń talasıp, bıǵırlasqanı, qıyqıw, shabalanǵanı ap-anıq esitildi.

— Keshlew bolıp qalsa da eki qaqpan qurmasaq bolmas. Búgin dım kóp kelejaq qusaǵan ǵoy, mına dawıslarǵa

qarağanda, — dedi ağam hám bizlerge, hám ózinshe sóylenip. — Qáne, Allan, Polat, qostan qaqpandı, beldi ákeliń. Beken, Sharapat, balalarım, sizler sharshağan shığarsız, peshexanada jata berińler.

— Yaq, yaq! Bizler de baramız, — dep úkemler órre turdı.

Sheńgel jaqqa jaqınlağanda úlken keseklerdi zıńğıtıp, sağallardı quwdıq. Haqıyqatında da, kóp adamnıń kiyatırğanınan hám kesekten shorshığan sağallardıń sheńgellerdiń qońırawların qağıp, sıńğırlatıp, pıtırlatıp arı qaray serpilgeni bilindi.

Ağam sağal, porsıq júredi-aw degen eki jerden shuqanaq qazıp, serippeli, dóńgelek shoshqa qaqpandı qurdı. Ústine sebelep topıraq tasladı, shópler menen bastırdı.

— Qaqpanğa túsip qalmań, abaylań. Bul jerdi yadlap qalıń, — deydi ağam. Tórt mushtağı hám qos, peshexana, eshek janındağı tezeklerdi jağıp, alısqannan soń jalının óshirdik. Tezekler buwdaq-buwdaq tútin shığara basladı. Dızıldağan shıbınlar qashıp, joq boldı.

— Aqqustı nege ákelmedińler? — dedi ağam.

— Waq, umıtıppız. Ózi de erip kelgen aq esheginiń janınan shıqpaydı. Eshek jatsa jatadı, tursa turadı. Bizlerdiń izimizge ózliginshe ere bermeydi. Oğan arnawlı mirát kerek, — dedim men.

— Aqqus ele bizlerge tolıq úyrenispey atır, — dedi Polat ta meniń sózimdi jóplep.

— Erteń aq eshekti minip kelińler. Aqqustı da ertiń.

— Boladı, ağa, — dedik esnep bizler.

Ay shıqtı. Aspanda bıjnağan juldızlar janbaqta.. Tún kúndizgidey bolmağanı menen biraz jaqtı.

— Al, dem alayıq.

Ózlerimizdi peshexanağa urdıq. Ağam peshexananıń bir shetinde jatıp edi, bárimiz oğan tığıldıq.

— Arman, orınlarıńızğa jatıń. Ya qorqıp atırsızlar ma? — deydi.

Úndemeymiz. Aǵam dál ortaǵa jatıp:

— Al, qorqsańız meniń eki jaǵımda jata ǵoyıń. Ózim qorıyman, — deydi.

— Há, bálesiz, ya, aǵa?! Bizlerdi baplap atırsız. Onda ózińiz qorqıp atırǵan shıǵarsız ya? — deymiz bizler de házilge házil menen juwap berip.

— Eń jası úlken eki adam eki shette jatadı, — dep aǵam óz ornına bardı. Polat náyilaj ekinshi shette jatıwǵa májbúr boldı. Sebebi, jılı bir bolǵanı menen onıń bes-altı ay úlkenligi bar edi. Qıtay fonarigin jaǵıp jattı.

— Batareyası ólip qaladı, — degennen soń ilajsız óshirdi. Sebebi, úlken tompaq batareya Taxtakópirdiń dúkanlarınan tabılmay da qaladı. Al, Nókiske awıldan háptege adam barmaydı, sebep bolmasa. Sonnan keyin fonariktiń zor bolǵanınıń ne paydası bar, janbasa?

— Aǵa, ana shómishtey jeti juldız ne dep ataladı? — deydi Bekbergen. Bálkim, qorqqanınan aǵam uyqılap qalmasın dep sóyletkisi kele me?

Peshexanamız qalıń bolǵanı menen juqa bózden dala, aspan jaqsı kórinedi.

— Ana jeti juldız ba? Ol Jeti qaraqshı, degen. Sholpan juldızdı urlamaqshı, — dep bizlerge Jeti qaraqshı haqqındaǵı hámmemiz biletuǵın ápsananı qayta aytıp beredi. Sóytip:

— Al, boldı, balalarım uyqılańlar. Saǵal, porsıq, shoshqalar búgin-erteń kelmes. Kelse de adam iyisin sezip, atızǵa jolay almaydı. Onıń ústine ot ta jaǵıp qoyıppız. Ara-tura dawıslap baqırıp turaman, ózim. Sizler arqaym uyqılańlar, — dedi. Aǵamnıń «kelmeydi» degen sózinen keyin júregimiz ornına túsip, arqayın uyqılawǵa kiristik. Tap onı aytpaǵanda da, qorqsaq ta arsız uyqı qısıp, kózlerimiz jumılıp baslaǵan edi. Buzawbas qusaǵan jánliklerdiń shırıldılarına, tún quslarınan bayıwlınıń qıyǵırıwına qashshan qulaǵımız, tánimiz úyrenisken, uyqımızǵa kesent ete almaydı.

Tún ortalarında qattı shıńǵırıq-ókirikten oyanıp kettik. Tún tınıshlıǵın buzıp shıńǵırǵanda qulaǵıńdı jaradı. Qarasaq, aǵam joq. Qorqısıp, úrpeyisip xor menen:

— Aǵa-a-a! — dep baqırǵanımızdı bilmey qaldıq.

— Oyandıńlar ma? Maǵan uzın, asha qadadan birewin ákelip beriń.

Qadanı súyrep aǵamnıń dawısı shıqqan sheńgellik jaqqa júrdik. Jaqınlaǵanda dım úlken bolmaǵanı menen toray da emes, eki-úsh jasar shamasındaǵı dońızdıń qaqpanǵa ayaqtan ilingenin kórdik. Azıwı menen jerdi súrip, úsh ayaǵı menen topıraq shashıp, qıshqıradı. Aldıńǵı bir ayaqtan qaqpanǵa túsken bul jabayı haywan qansha urınsa da shınjır menen uzın temir qazıqqa baylanǵan qaqpandı súyrep kete almay atır eken.

— Jaqınlaspań! Ber, tayaqtı.

Aǵamnıń qolında shırpı shóbinen sál qalıńlaw bekkem sım oramı. Sımnıń ush betin duzaqtay etip dóńgeleklegen. Sonı shoshqanıń moynına salmaqshı. Jabayı ań ayaqtan «baylanǵanına» shıdamay tartınadı, tórt tárepine julqınbaqta edi. Qadanıń ushındaǵı dóńgeleklengen sımdı áytewir óldim-azarda shoshqanıń moynına saldı-aw. Oramdı jazdırıp, uzaytıp, sımnıń ekinshi ushın sol jerdegi jas torańǵıldıń túbine bayladı.

Moynına sırtpaq túskenine shıdamay burınǵıdan beter julqınıp edi, tartınǵan sayın sım moynın, alqım, kegirdegin qısıp, dem jetpey, qırıldap jerge quladı.

— Bir saatlardan tań da atıp qalar. Endi hesh nárse jolamaydı. Dońızdıń kúni menengi ólerdegi dawısınan barlıq haywanlar bul átiraptan qarasın óshirdi. Men bul shoshqanıń obalına qalmayın. Izeykesh qazıp atırǵan orıslarǵa barıp, «mal»ıńızdı alıń dep qaytayın. Aǵam kiyinip, eshegine minip, awıldıń ekinshi tárepindegi ayaǵı kólge quyatuǵın, paxta atızlar boylap ótetuǵın izeykesh betke jol aldı.

Neshshe jıllar boyı qazılmay, ishine qamıs, jeken ósip, suw da júrmeytuǵın dárejede batıl bolıp qalǵan izeykeshti

tereńletip qazıp atırǵan strelası uzın, shómishi úlken ekskavatordı eki orıs aydaytuǵın edi. Birewiniń hayalı bar. Kóshpeli úy — budkada jasaydı. Aǵam sonı aytıp atır.

Bizler ornımızǵa kelip jattıq. Uyqılap ketippiz. Tún uyqımız bólingennen soń azanda kesh turdıq.

Túsiniksiz dawıslardan oyanıp ketsek, quyash qızdırıp atır eken. Waqıt, shaması onlar bolıp qalǵan shıǵar. Bálkim, toǵız shıǵar, óytkeni jazda quyash tez kóterilip, tez ısıtadı.

Bıdırlap júrgenler betleri jún-jún, awzın da murt, saqal basıp, tek sóylegende kórinetuǵın uralskiyler dep atalatuǵın ekskavatorshı eki orıs eken. Shalama-shákki qaraqalpaqsha biledi. Aǵamnıń eki-úsh awız orısshası bar. Gápleriniń, háreketleriniń rámáwizine qaraǵanda, shaması dońızdı qalay alıp ketiwdi oylastırmaqta.

— Arbam mákiriw bolatuǵın boldı ǵoy, — deydi aǵamnıń shıja-pıjası shıǵıp. Olar: «Búgin mashın taba almaymız. Sonlıqtan, arbań menen aparıp ber. Soyǵannan soń budkaǵa aparıp duzlap almasaq sasıtıp alamız», dep aytpaqta, menińshe.

— Mákiriw bolmaydı. Ústine boyan taslaymız, — dep atır olar da aǵamdı úgitlep. Áytewir kóndirdi.

— Allan, Polat, úyge barıp arbanı aq eshekke jegip keliń, tez.

Bizler eshek arbanı ákelgende eki orıs dońızdı soyıp bolǵan eken. Jilik-jilik penen qoyıptı. «Úyi»ne aparıp maydalaytuǵın shıǵar.

— Gósh berip keteyin, — dep atır olar. Aǵam eki qolın kóterip:

— Yaq, yaq, bizler jemeymiz! Olla jemeymiz, — dep qashadı, tap bir olar góshti awzına shiykiley tıǵatuǵınday. Biziń musılman shoshqanı jemeytuǵının esitkenbiz. «Shoshqa haram» delinedi. Onnan xabarımız bar.

— Onda búgin keshte góshten kábap etemiz. Qıyamet boladı. Shashlikten berip jiberemiz. Óziń jemeseń mına balalarıń jeydi. Mazalı boladı, dúzdiń shoshqasınıń góshi.

— Kerek emes dedim ǵoy. Bar, alıp ketiń. Eshek arbanı qaytıp berip jiberseńiz boldı.

— Meyli.

Olar arbaǵa góshlerdi tiyep, bizler Polat ekewimizge:

— Ózlerińiz minip, aydap aparıp bereǵoyıń. Sizlerdiń eshegińizdiń tilin bilmeymiz. Qáne, aydań arbanı. Shuw. Ózlerimiz izińizden baramız, — dedi. Aǵama qarasam, basın iyzep maqulladı.

Budkaǵa barıp túsirip keteyik dep atırsaq orıs kelinshek shıǵıp, pechene, shokolad, povidlo, «moloko» berdi. Barlıǵın bir tawar qaltaǵa salıp, arbanıń ústine qoydı. Al, qolımızǵa áwesek bulka nan, bulochka uslattı.

Baǵanaǵı orıstıń birewi:

— Toqtay turıń, — dep ishke kirip ketip, eki qısımenapattay aqshanı alıp shıǵıp, maǵan berdi.

— Kerek emes, almayman! Aǵam baqıradı.

— Al, al. Baqırmaydı. Ol baqırsa apańa bereseń. Sizlerge oqıwǵa kiyim, ruchka, dápter alıp beredi, — dedi. Bulardı aytqannan soń alayın, dedim. Olsız da alǵım kelip tur-aw, tek aǵamnıń baqırısınan qorqıp edim. Negizinde kim aqshanı jaman kóredi. Usı pul joqlıqtan ǵoy, qıtay fonarigin ala almay júrgenimiz. Eger qıtay fonarigim bolǵanda jasırınbaq oynaǵanda qorqpay hámmeni izler edim. Aldım. Taslap ketiwge kózimiz qıymadı. Polat ta ım menen «Ala ber», dedi.

— Haram shoshqa satqan attı alatuǵın boldıq-aw. Nege aldıńlar? Aparıp beriń, — dep edi apam, bizler:

— Apa, bul shoshqa ushın emes, «meniń de úyimde sizlerdey balalarım bar. Ózim kishkenelerdi jaqsı kóremen. Sonlıqtan, qalıs berip atırman. Sentyabrge oqıwǵa kiyim, kitap, dápter alasız» dep berdi. Qaytıp aparsań qayta uyat boladı, — dep kóndirdik.

Keshke taman bir sırlı kostryul tolı gósh quwırdaq-shashlık keldi me deyseń. Jarqılıqtıń iyisin aytpaysań ba?! Ájayıp-ájayıp, jaǵımlı!

— Pisken astı taslamay-aq qoyıń. Balalar jesin, yaqshı, — dep aǵam náyilaj ruqsat etti. Óziniń de awzınıń suwı shubırǵan bolsa ájep emes.

Ájaǵam Uzaqbaydan tartıp ájapamlar Bazargúl, Názigúl, Perdegúller de jegisi kelip, ıntıǵı qurıp, ólip tur eken. Awzıńda ózi erip kete beretuǵınday babında pisipti. Ózi qayttıǵa toydıq. Sheptegi qońsı hám tuwısqan Tolıbay, Almagúllerdiń, oń jaqtaǵı qońsı Aymurat, Gúlistan, Qaljamaldıń úyine de bir-bir tarelkadan berdik.

— Ne qılasız, búgin de barasızlar ma? — deydi aǵam, shóllep birese suw, birese shay simirip atırǵan kishkentaylarǵa.

— Awa, — dedik bir awızdan.

— Onda tayınlanıń. Arbanı da jegiń. Azanda erte turıp qawın-ǵarbız tiyep, bazarǵa aparıp kóreyin. Azıq-awqat, kerek-jaraq ákeliwge aylıq irkilip atır ǵoy.

— Arbaǵa qaysı eshekti qosayıq?

— Aq eshek.

Aǵam túlki, saǵal, porsıq keledi-aw degen qawın atızdıń kóp jerlerine jaqsılap, bilindirmey balpaq tıshqan, qoyan qaqpanlar menen shoshqa qaqpanın qurıp tasladı. Atız átirapındaǵı qalıń puta, sheńgel, qamıslıqlar arasınan haywanlar júrip-júrip, dóńgeletip, soqpaq-tesik salǵan. Sonday bir neshe tesiklerge duzaq ta qurdı. Aǵam jatıwǵa qayımlasqannan hámmemiz ózlerimizdi peshexanaǵa urdıq. Tek Aqqus sırtta qaldı. Ol baǵana aq eshek penen qalmaqshı edi, eplep, shashlik, nan berip aldastırıp ákeldik. Ózlerimizge es kóremiz.

Bala tınısh jata ma saǵan? Aǵama:

— Ertek, dástan-ápsana aytıp beriń? — dedik.

— Keshe baslaǵan «Alpamıs»tıń izin aytayın ba, ya basqası ma?



Birewlerimiz:

— Awa, «Alpamıs»tan, — dese, geyparamız:

— Basqa qandayı bar? «Alpamıs»tı bilemiz. Kitaptan oqıp ta alamız. Basqasın ayta ǵoyıń, aǵa.

— Yaqshı, — dep ol márt Tumaristen sózlep ketedi. Kirdiń jawızlıǵı, massagetlerge topılısı, Tumaris patshanıń balasın aldap, hiylekerlik jol menen óltiriwi, oǵan ǵázeplengen anamızdıń qaharmanlarsha urıs etip, zulım patshanı jeńiwin kórkemlep, mazalı etip, uyıtıp aytıp beredi, hátteki bazılarımız izine deyin shıdamay uyqıǵa ketemiz.

Kózlerimizdiń jumılǵanı da sol, bıyqa-bıyq bola qaldı. Aqqus qattı úrip, atızdıń qubla tárepine shaptı. Oyanıp hámmemiz juwırıstıq.

— Qoyannıń dawısı. Qaqpanǵa túsken qusaydı, — dep baratır aǵam bizlerge túsinik berip. Aqqus shabalanıp jaqınlaǵanda qaqpanǵa ayaqtan túsken kók qoyan jazdırılıp qashtı. Iyt izinen quwıp edi, qalıń búktiń arasına kirip ketti.

Qaqpanǵa kelsek, qoyan janıwar ózine juwırǵan iyt hám adamlardan qorqqanınan qattı julqınıp, bir ayaǵınıń tirseklikten tómengi jaǵın «sawǵa»ǵa berip zıtqan eken. Shaması, shoshqa qaqpan súyegin sındırıp, et-terisin kesip jibergen qusaydı. Biysharanı ayadıq.

Azanda erte turıp, atızdaǵı eń pisik, saylandı qawınǵarbızdı arbaǵa tiyep, aǵamdı qalaǵa jónettik. Kún ısıyman degenshe qostan baslap atızdıń tórt jaǵına biyiklewden, bizlerdiń moynımızǵa keletuǵın shamadan

jip, sımlar tarttıq. Hár jerden ağashlar kómgenbiz. Jiplerdi soğan bekkemlep, oğan hár jerinen ishine mayda bolt, gaykalar salınğan konserva qutılar bayladıq. Jiptiń ushın tartsaq qutılar dańğırlap-duńğırlap ses shığaradı. Bul da haywanlardı qashırıwdıń, quwıwdıń bir ámeli.

Ağamnıń bazarğa ketkenin bildi me (ağam awıldıń barlıq úylerine, balalarına qawın úlestiredi. Tek olarğa zayalamań, pálekti basqılamań, deydi. Sonnan qısınatuğın shığar), awıldıń bir topar balaları atızımızğa keldi. Ózi qayttığa qawın, ğarbız jedi. Keyin «Úlken jap»ta qalaq oynadıq, «Bajbanoy»dıń suwı tartılıp balıq shığıp atır eken, degen gápti esitip, kúndiz sağal-pağal kelmes, dep hámmemiz úyge shawıp, baspay, shanıshqı, temir jabalardı alıp shıqtıq.

Kólde adam kóp eken. Basa-bas balıq quwıw, uslaw. Sharapat penen Bekbergendi úlkenler kólge túsirmedi. Shanıshqı, temir jabalar tiyip keter, dedi. Kólde balıqshı da kóp, balıq ta kóp. Onıń ústine adamlardıń quwğanınan suwdağı balıqlar sekirip, ushıp júripti. Sol pát penen, eger ishińe, búyirińe dúkse jığadı. Al, eń kishisi shığanaqtay keletuğın belomor, aq balıqlar bet aldıńa tumsığı menen urılsa ğoy, awzı-murnıńdı qan etedi.

Balıq uslaw qıyın bolmadı. Ushıp keledi, qolımızdağı kespeltek penen bir uramız, shır góbelek aylanıp, suwğa túsip, qalqıydı. Tek janıńdağını urıp almasań boldı. Alamız da Beken, Sharapatlarğa ılaqtıramız. Olar dizbege dizedi. Sóytip, demde-aq jigirmalağanın uslappız.

Balıqtı jegen de jaqsı, lekin uslağan, jegennen beter qızıq hám jaqsı. Usınday patır-putır, basa-bas balıq kóp bolsa sharshağanıńdı bilmeyseń.

Biraq, awıldıń jası úlkenleriniń burınnan tártibi sonday, eger úy ishińe bir-eki kúnge asıwğa, quwırıwğa jeterlik balıq uslasań, boldı, saldawıńdı tartasań. Zıyatın qurı satıp alasań, onnanshı suwda júrse, ózińdiki esabı ğoy, kerek waqta uslaysań.

Balıq degen awır boladı. Hárqaysımızdıń qolımızda bes-altawdan bar, zorǵa arqalap, kóterip, terimiz kózimizge quyılıp kiyatır.

Úyge jaqın jerdegi salma boyında tazalap, apama birotala quwırıp, asıwǵa tayarlap berdik. Chexankadan kelip apam bir talay kespe quwırdı. Ráhátlenip jep, shólden ańqamız kewip, suw ishemiz. Qarnımız isip ketedi.

— Shay ishiń, shólińizdi basadı, — deydi apam. Íssı shaydıń suwıwına taqatımız joq, suwdı simiremiz.

Kóp uzamay qaladan arbalı aǵam keldi. Bizlerge bir qatar kiyim-kenshek ákelipti. Konfet, pecheneler, nabatı bar. Eń baslısı, úsh qıtay fonarigi bar edi. Qollarımızǵa uslatqanda «Urra»lap quwanıp kettik. «Sizlerdiń qawın qorıqqa járdem etkenlerińiz ushın sıylıq» degenge mardıydıq.

— Al, balalarım, búgin men túni menen ǵawasha suwǵarıwım kerek eken. Tórtewińiz qawın basında bola alasızlar ma? Ulıwma adamsız qalsa haywanlar qawınlardı atızı menen búldirip, zayalap keter. Baqırıp, dańǵırlatıp, kesek ılaqtırsańız qashadı ǵoy, — dedi.

— Boladı. Qollarımızda fonarik bar. Úyrenistik ǵoy, qorqpaymız, aǵa.

— Yashań, meniń balalarım Alpamıs, Tumaris, Shıraqtay batır ǵoy, — dep marapatlaydı apam da.

Atızdamız. Tútinlik tútetip qoyıppız. Fonarigimiz bolsa da aǵam bolmaǵannan soń tómende jatıwdan qorqtıq. Qos basına tósek saldıq. Kóp kesek, kespeltek aǵashlardı tambasqa shıǵarıp qoydıq. Dıńǵırlawıqtıń jiplerin jalǵap, qostıń tóbesindegi baǵanlarǵa baylap aldıq.

Awılda hámme úy qawın-ǵarbız egedi. Lekin, bizlerdiki erte hám qunarlı jerge ekkennen soń tez jetilip pisti. Saǵal, porsıqlar da qawınnıń piskenin jeydi. Házirshe tek biziń qawın-ǵarbız piskennen soń dúnyanıń ańı biziń atızǵa ósh eken.

— Onlağan kúnnen basqalardiki de piskende olar basqa atızlarğa da ketip, azayadı, — degen edi, ana kúni ağam, turmıs tájiriybesinen kelip shığıp.

Sağallardıń mına ulıwı bolsa, awıldağı basqa qawınlar pispegen bolıwı kerek. Búgingi qawın qorıq ańsat bolmayjaqtay. Dawıs jaqınlap kelse kesek zıńğıtamız. Azğantay tısırlı esitilgen tárepke de kesek ılaqtırıp «ket-á, ket» dep dawısımızdıń barınsha baqıramız. Qorqqan adamnıń dawısı da qattı shığa ma deymen, birimizdiki-ekinshimizdiń qulağımızdı shıńlatadı.

Túste balıqqa ketip uyqılamağannıń aqıbeti, kózimizge uyqı tirele basladı.

Gezeklesip, ekewden eki saattan uyqılawğa kelistik. Dáslep men menen Beken uyqılaytuğın boldıq. Shiyrin bir tús kórip atır ekenmen.

— Tura tur, Allan, tur, Beken, — degen qáweterli dawıstan oyansam, Polat penen Sharapat.

— Pay qoyıń-dá. Qızıq tús kórip baslap edim. Izin kóreyin. Ele eki saat bolğan joq. Jańa ğoy jatqanımız...

— Turıń, turıń! — deydi dawısın ásteletip.

— Ana qarań, jin be, shaytan ba? Eki jerden eki jalın, ot júrip kiyatır.

Kózimdi uwqalap-uwqalap, ashıp, atızğa qarasam, tuwrı aldınızdan jerge jabısıp otlar kiyatır. Ottıń júretuğının birinshi kóriwim. Qorqayın, dedim. «Bissimilla! deń», deymen ağamnıń qorqqanda aytasań degenlerinen birewi awzıma túsip.

Eki qarıq ishi menen eki ot qosqa jaqınlay berdi. Bizler tóbedemiz. Sonlıqtan, onsha qorqpadım hám fonarikti tuwrılap jağıp, anıqlap qarasam, ottı alıp kiyatırğan tasbaqağa usadı.

— Wáy, qorqpańlar. Bul — tasbaqa! Ústine ılay jabıstırıp, kerosinge sińdirilgen paxta oralğan tayaqtı ılayğa tığıp, ot bergen. Sóytip, bizlerge jibergen, — dep baqırdım.



— Wá-á! — degen art betten dawıslar esitildi. Bul hiyleni islep júrgen awıldıń ushıńǵırları Aytbay, Perdebay, Óteniyaz benen Ańsatlar eken.

— Sizler eken-ǵo, bizlerdi qorqıtpaqshı bolǵan. Bilip qoydıq.

— Qorqtıńız-ǵo, — deydi olar záńgiden kóterilip atırıp.

— Polat penen Sharapat sizlerdi oyatıw menen boldı-ǵo.

— Heshqanday da! Ámet Shamuratovtıń «Eski mektepte» povestinen bunday sumlıqtı oqıǵannan soń qorqpadıq, — deymiz bizler de moyınlamay.

— Bizler sizler menen qonıqlawǵa keldik. Úylerimizden ruqsat aldıq, — dedi olar. — Aǵań, «barıń» dep edi baǵana.

— Júdá jaqsı, onda. Tıǵılısıp jatsaq, sıyamız.

Túnniń qalǵan jaǵı bizlerge qorqınıshlı bolmadı. Uyqı da qashıp ketti. Qızıqlı áńgimeler, anekdotlar, jumbaq, jańıltpashqa deyin ayttıq. Kórgen shpion haqqındaǵı filmler, ásirese hind kinoların talasıp aytıstıq. Qostan

túsip, eki mártebe atız ishine barlaw jasap qayttıq. Sebebi, porsıq, hátte, sağaldıń da ulığanı menen, qawın urlıqqa anıq kelgende tısırlatpaydı.

Barlıq jaqqa kesek, tayaq zıńğıtıp, birli-yarım tımtırıs kelgen haywanlardı beziktirdik. Joralarımızğa qay jerde qaqpan qurıwlı ekenin aldınnan aytıwdı da umıtpadıq.

Tań ağara baslağanda «Kavkaz tutqını» filmindegi uyqı dári salınğan Nikulin, Vicin, Morgunovlarday jağımız ahığıp keterdey qayta-qayta esnep, shiyrin uyqığa kettik.

Sol kúni uyqıdan tal túste turdıq. Ağam bir kelip xabar alıptı. Qattı uyqılap atırğanımızdan túni menen kóz ilindirmegenimizdi abaylap, sharshağanların shığarsın, dep oyatpay ketipti.

Úyde shay iship atırsaq apam:

— Sizlerdiń ekewińiz mağan shóje, tawıq bağıwğa kómeklesesiz, — dedi.

Ayırılğımız kelmese de hám qıyınsınsaq ta apamdı ayap «Yaqshı. Gezeklesemiz. Bir kún Polat penen men, bir kún eki úkem qaraydı» dep, soğan kelistik.

Shóje, tawıqqa qaraw qattı qıyın. Sebebi, olar tınımsız. Qurt-qumırsqa, shekshek quwıp, mazalı kók shóp shoqıyman, dep pomidor, geshir, piyaz atızğa da urıp kete beredi. Ol atızda bir saat júrse tıp-tıypıl etedi. Sonlıqtan, ol tareplerge jaqınlatpay arqadağı jońıshqalıqqa, aq terek atız ishine, bağ arasına bağamız. Tawıq degeniń, al endi jáne bir qıyınshılığı, boqlıqtı jaqsı kóretuğın qus boladı. Maldıń bir japasın kórse boldı, shúykildep hámmesin shaqıradı. Kóbinese ózleri mal qora betke jayıladı. Bizler de aldın qaqpaymız. Sebebi, ol jerde sağal bolmaydı. Bazda azanda mal qorağa kirgennen túske shekem tezek shoqıp júredi. Bizler sál arqayınlasamız.

Kózińdi almay baqıraytıp otırmasań, onıń hákke, pıshıq degen jawları bar. Túlki, sağalınnıń ózi tawıqtıń dawısın estise, kúndizligine qaramay, awzınan silekeyi ağıp, júwerinin arası, shópliktiń ishi menen tasalanıp kelip,

birewin qağıp ketedi. Abaylamay da qalasań, qayaqtan kelgenin. Sonnan tawıqlar ğoğaqlap, shójeleri shúykildesip, juwırıp, anasınıń janına toplanısıp qaladı. Usınday bolğannan soń bul jumısta arasında láńki tebiw, kóshpek oynaw degenler bolmaydı. Eki bala tawıqlardıń eki shetinde, qollarımızğa kesek, tayaq alıp, rogatkamızdı moynımızğa asıp júremiz. Hákke shıqılıqlasa rogatka menen atamız. Tiymese de qashadı.

«Háy, ket, tót» dep baqırıp awzıń tınbaydı.

Apamnıń shóje, tawıqlardan basqa da jumısları bıjnap atır: sıyır sawıw, onı pisiriw, qatıq uyıtıw, súttiń mayın alıw ushın gúbide pisiw, ayran tayarlaw, toraq islew, nan jabıw, zağara ushın geshir, palawqabaq qaynatıw, kiyim-kenshek, qazan-tabaq juwıw, awqat pisiriw, mallardıń astın alıw, buzaw, ılaq, qozılarğa jońıshqa orıw, salıw, suw beriw, geshir, piyaz otaw, paxta otağına, chexankasına kómeklesiw,... dım kóp. Úlken ájağam Uzaqbay, ájapamlar da bunday jumıslarına kómeklesedi, lekin barlığınıń juwapkershiligi apamnıń bir ózinde.

Qawın qorıqta búgin ağam, men hám Polat edik. Usı kúni tańğa taman qaqpanğa náhán bir porsıq tústi me deyseń? Bul ańdı tiriley birinshi kóriwim. Júniniń reńi sarğısh, bozğılt qızğıshlaw keledi eken. Jer bawırlap júretuğınday ayaqları kelte. Jemis kóplikten bul porsıq shoshqanıń úsh-tórt aylıq torayınday dım iri hám semiz eken.

Porsıq degeniń qattı ashıwshaq, jawız bolatuğın qusaydı. Aqqus bir neshe mártebe talawğa urınıp kórgende, awzın ırjıytıp, tislenip, aybat shegip edi, iytimiz betley almay qaldı.

Ağam tayaq penen urıp kórdi, «porsıq urğan sayın semiredi» degen durıs eken, onıń may, bılqıldaq denesine tásir etpedi. Urıp atırsań ba, degendey bir eti shimirkense qánekey, yamasa qıynalğan belgi bildirse eken, janıwar. Janına sáddaq!

Azanda ájaǵam qatarlı jigitlerden: Temirxan, Maqset, Qurbaniyaz, Ábdikerim, Qıdırbay hám Begdulla ájaǵamlar kelip, kóplep-kómeklep degendey porsıqtı bir ámellep basıp, uslap, soydı.

Porsıqtıń eti, mayı barlıq keselge taptırmas dawa, sonlıqtan ara-tura porsıq jep turıw kerek eken.

Ájaǵamlar atızdıń qaptalındaǵı tereklik arasınan otırarlıq orın tayarladı, shetinen jer oshaq qazdı. Sóytip, awıldan ákelgen úlken bir qazandı (kópshilik úyler porsıq pisiriwge «qazandı haramlaysań», dep bermegenlikten jas xojalıq Máden aǵanıń úyinen Bazar jeńgeme qáyinleri zorlıq etip alǵan qusaydı, esitiwimshe) oshaqqa qoydı. Ishine maylı góshti toltırıp, tuwrap saldı.

Bizler de otın terip ákelip, dasturqan jayıp degendey, járdemlesip júrmiz. Qawın ákelip, kesip tayarlap qoydıq. Sátbay, Hákimniyaz, Sıdıq hám Genjek ájaǵamlar qaladan (Taxtakópir orayın bizler «qala» deymiz) orıslardikindey etip kóp etip bólke nan ákeldi. Sumkalarında shiysheler de shıńǵırlap ketti. Soǵan qaraǵanda awıldan sırttamız ǵoy, dep azmaz vino yamasa pivo ma (shiyshelerdegi sonday bir ishimlik bolıwı kerek, eger limonad bolǵan da beredi ǵoy, bizlerge), iship, jazılajaq qusaydı.

Qazandaǵı gósh piserden aldın piyaz, kartoshka, geshir, pomidor da salıp atır. Aǵash qaqpaǵın jawıp qoyıptı.

Bizler dasturqannıń tayarlıq jumısları pitkennen soń qosımızǵa barıp, shashkadan jarıs ótkerip atır edik. Bir waqta «bas aspaz» Orınbay ájaǵamnıń:

— Háy, balalar, tabaq, kostryullerińdi alıp kelin. Awqat pisti, — degen dawısı esitiliwden, payımızdı tap bóriw alıp ketetuǵınday, ıdıslarımız benen ayaqlarımızdı qolǵa alıp, jarıspaqqa juwırdıq.

Erkinbay ájaǵamnıń:

— Hámmeńiz úymelespeń. Qazan basında tek ıdıs uslaǵanıńız qalıń. Awqattı súzgende mayı shashırap, kúydirer, — degenine qaramay qazanǵa úńilemiz.

— Haw, húrmetli «bas aspaz», qazanǵa suw quyıp jibergenseń be, ne bále, «sorpa»sı kóp ǵoy, mınanıń, — deydi Yusipbay ájaǵam.

— Bir gramm da suw quyılmadı. Góshtiń mayı ǵoy, erip, quwırdaqtı «sorpa»day suyıltıp jibergen, — deydi Orınbay «bas aspaz» juwap berip.

— Porsıqtıń quwırdaǵı-dá, — deydi Jańabay ájaǵam «usını da bilmeyseń be?» degendey jorası Yusipbayǵa qarap. — Sonıń ushın bólke nan ákeldi. Ráss, mayına basıp jey bereseń.

Eń dáslep biz, balalarǵa salıp berdi. Kepkirdi silkip, mayın qazanǵa aǵızıp salǵannıń ózinde tabaǵımızdaǵı quwırdaǵımız mayda júzip júrdi.

Qosqa ákelip (terek astında «jeyik» desek, úlkenler «barıń-barıń» dep quwıp saldı. Olar baǵanaǵı shiyshelerdi ishedi, onıń ústine bári de úyleniwdiń ǵamındaǵı jigitler, qız haqqında sóylesetuǵın bolǵanlıqtan bizlerdi qaslarına jaqınlastırmadı) mayın shıǵanaǵımızǵa shekem sorǵalatıp, quwırdaqtı nan menen jep aldıq.

Sóytip, qazannıń basınan xabar alayıq, dep barsaq, Yusipbay menen Jańabay, Atanazar ájaǵamlar bosaǵan shiyshelerdi suw menen shayıp, qazandaǵı maydı quyıp atırǵan eken. May jigirmalaǵan shiyshege jetti.

Qazandı bosatıp, góshtiń qalǵanın salıp jáne quwıra basladı. Shaması, olar túni menen shaǵal-máslik etejaq qusaydı.

Onda bizler búgin qawın qorıqqa kelmesek te boladı. Házirdiń ózinde ájaǵamlardıń waǵırlısı saǵallardıń ulıwınan bálentlew qusaǵan.

«Qarnıń toysa qurban hayt» degen, biz, balalar shomılıwǵa kettik. Sebebi, porsıqtıń mayı, eti deneni qızdıradı, biyhal etedi eken. Bir bilgish «suw sorıp aladı. Kettik», dedi.

Ház etip shomılıp atırmız. «Úlken jap»qa eńkeyip ósken terek shaqasınıń ushına deyin órmelep barıp,

ózimizdi suwǵa taslaymız. Geyde qarınnan túsip, uwday ashıydı. Qızarıp ketedi-ǵo, qarın degeniń.

— Balalar, mınań qarań, bizlerdiń ústimizden may shıǵıp atır, — dedi kókirek awızǵa kelerlik tereńlikte turǵan Tolıbay suwdı qolı menen uwıslap kórsetip.

Qarasaq, haqıyqatında da, suwdıń ústinde maylar qalqıp júripti. May degenniń suwǵa qosılıp ketpey, ústi betinde júretuǵının traktorshı ájaǵamlardıń bazda may-may qolların, betlerin aǵın suwǵa juwǵanınan bilemiz.

— Áne, kúni menengi jegen porsıqtıń góshiniń mayları ter menen denemizden shıǵıp atır, — dep onı maqulladı Allabergen de.

Erteńi esittik, keyingi qazanǵa salınǵan góshten ádepkiden de kóp may shıǵıptı. Jáne bir qızıq nárse, otırıspaq ústine kelip qalǵan Záripbay menen Hámirniyaz aǵalar bir-biri menen básekilesip, Zárip aǵa bir shiyshege jaqın porsıq maydı suwday simiripti. Al, utılǵanı kelesi ekshembide bir qoyın soyıp otırıspa beriwge májbúr bolıptı.

Awıldıń hárbir úyine bir-eki shiysheden may úlestirildi. Al, porsıqtı uslaǵan biziń xojalıqqa onlaǵan shiyshe ákelip tasladı.

— Onı ne qılasız? Bul may menen awqat aspasańız, apa, — deymen.

— Wáy, balam, bunıń mayı da, góshi de emlik qásiyetke iye, taptırmaytuǵın dári ǵoy. Lekin, mollamız «Mákiriw. Bolmaydı» degennen soń sózin atlap ótip, jey almay dińkemiz qurıp tur ǵoy. Bolmasa bir toyıp jeseń ǵoy, qısı menen tımaw bolmas edik.

— Apań durıs aytadı, — deydi aǵam maqullap. — Qısı menen ayazlaǵanda bir qasıǵın tamaqqa taslasańız, sol waqta ayıǵıp ketesiz. Tońsańız, awırsańız usı maydan jaǵıp, ısqılaymız. Biraq, bizlerge ekewi de jetedi. Qalǵanın aǵayinlerge úlestiremiz. Ásirese, porsıq mayı ókpe awırıwdıń dawası. Ókpesi samallaǵan jiyen apańızǵa eki shiyshesin beremiz.

Sol jılğı qawın pisiktegi qorıqta bunnan basqa da qızıqlar boldı. Olardı kelesi sapar aytıp berermen. Aytpaqshı, ağam satqan qawınlarınıń aqshasına sentyabrdegi jańa oqıwğa zor qara shalbar, aq kóylek, jempir, palto, etik alıp berdi. Ásirese, papkasın aytpaysań ba? Burın bizler tawardan tigilgen papka kóterip júrsek, usı jılı tórtewimizge de arqalamay, qızğısh reńli, qalıń teriden tigilgen úsh qaltalı, shırt etip ilinetuğın temir ilgeshegi bar sup-sulıw bir-bir papkadın alıp berdi. Ushıp-ushıp quwandıq.

Qawın qorıqta alğan usı papkamnıń gónergen jurnağın pal balalıqtan estelik retinde úyde ele saqlap júrmen.

*2017-jıl, 15—28-yanvar.*

## 5. NÁPSIQAW JÍLAN

Úydiń janındağı japta shomılıp atırsaq, Tolıbaydıń:

— Aytbay, Óteniyaz, Polat, tez beri keliń. Biziń otınnıń astında jılan bar, — degen dawısın esite sala suwdan ata shığa juwırıp jetip bardıq. Onıń jıynawlı jıńğılınıń astında tawığınıń uyası bar edi. Sol uyağa tuwatuğın pópekli qızıl tawığı qurıq bolğanda Tolıbaydıń



apası sol jerge jatqarǵan edi. Barsaq, pópekli qızıl tawıq ashıwlı: párlerin úrpeytip ǵurqıldap júr, al uyanıń shetinde ishi buwıldırıq-buwıldırıq bir úlken qara jılan jılıslawǵa shaması kelmey jatırıptı.



— Tiri jılan ǵoy. Nege qashpaydı? — dedi ańgódeklewimiz Aytbay.

— Qalay qashsın, kórip turǵan joqsań ba, nápsiqawlanıp, qızıl tawıqtıń astındaǵı máyeklerdiń birazın jutıp qoyǵan ǵoy, — Tolıbay «haqqınnan» degendey jılanǵa jaman kózi menen qarap qoydı.

— Háy, balalar, — dedi ishimizdegi saqlawı Polat, — bılaylaw turayıq, bolmasa uwın shashıp jiberiwi múmkin.

— Durıs-áy, balalar, uwın shashsa sespey óleseń.

Bizler biraz keyin serpildik. Usı waqıtta qaydan kelgeni belgisiz, Tolıbaydıń mańlayı aq qara pıshıǵı juwırıp otınnıń arasına kirip ketti de, jańaǵı jılandı basınan tislep súyrep, bılaylawdaǵı júweriliktiń arasına sińip ketti.

*1981-jıl, sentyabr.*

## 6. SHÍMSHÍQ PENEN JÍLAN

Bizıń awıldıń qublasındaǵı órkesh-órkesh qumlardıń arasında kishkene-kishkene bir-biri menen tutasqan kóller bar. Olardıń atları Shımboltay, Bajbanoy hám Quwraylı degen.

Bir demalıs kúni bizler balalar menen qarmaq hám baspay-sheleklerimizdi alıp balıq uslawǵa shıqtıq.

Ayaqtı kúydiretuǵın qumda hár putanıń kóleńkesine bir hákkelep ketip baratırmız.

Bir gezde «shıyq-shıyq» etken ólpeń dawıs esitildi.

— Shımshıqtı jılan shaǵıp atır, — dedi birden-aq Tolıbay, — júriń qutqarıp jiberemiz, — sóytti de ol bizlerdi baslap shıyqıldı shıqqan úlken seksewil tárepke juwırdı. Barsaq bir shımshıqtı orap alǵan shól jılanı bizlerden setemlenip, moynın burıp qarap tur eken. Shaması, shımshıq mına laplaǵan ıssıda halıqlap qonaqlap otırǵanda abaysızda jılan jılıslap kelip, atlıǵıp uslap alǵan bolsa kerek.

— Urıń! — dedi Óteniyaz urıwǵa jerden qolaylı zat izlep atırıp.

— Qarmaq sap penen uramız, — dedim de birden urıp qaldım. Lekin, seksewildiń putaqları kesent etip, tiymey qaldı. Jılan shımshıqtı jazdırıp, seksewiller shoǵırınıń arasına kirip, kózden ǵayıp boldı. Shımshıq alarǵan kózlerin bizlerge tigip, hálsiz shúykildemekte. Ushqısı kelip, ári-beri talpınıp edi, hálsirep qalsa kerek, birden usha almadı.



Bizler seksewildiń arasınan shıǵarıp, kóleńkege qoyıp, onıń ushıwın kútip biraz otırdıq. Bir qanshadan keyin ǵana ol huwıshına kelip áste júrip, soń kóterilip ushıp, anaday jerdegi putalardıń usha basına qondı.

Bizler bir shımshıqtı jawızdıń tırnaǵınan qutqarǵanımızǵa máz bolıp, kólge qaray júriwimizdi dawam ettik.

*1981-jıl, 8-sentyabr.*

# GÚRRIŃLER

## JÍLTÍR MONSHAQLÍ SHARSHÍ

Jańa jıl bayramındaǵı demalıstan soń jáne mektepke qatnay baslaǵan Aybek apasınan kúnde, saqqız, qoraz kámpit alıp jeymen, dep bes-on sum alıp ketiwdi ádetke aylandırǵan. Dáslepki bir háptesinde apası soraǵanın berip júrdi. Keyin «búyte bersem sabaqlarına kesenti tiyer, soraǵanın dárhal qolına bassam, jas balanıń kewli ósip, másirip ketip, oqıwına, tárbiyasına kesiri tiyip júrer, onıń ústine házirgi balalardıń qızıǵıp alıp jeytuǵın qorazı da, saqqızı da, mazalı zatları da sapasız, adamǵa ziyanlı hár qıylı ximikatlar qosılǵan deydi ǵoy, kóp jey berse ústine qıshıma, jara shıǵıp ketedi, yamasa ishki qurılısın buzadı. Qullası, jaqsı emes deydi. Al, mektep asxanasında satılatuǵın bórek, somsalar maylı, ishiniń bári piyaz, balamnıń ózi sarı awırıw boldı, olar da jaqpaydı» dep oylanıp, pul bergisi kelmey, balasına ózi úyinde sútke iylep japqan mazalı shórek, alma, ánar, máyekti qaltaǵa salıp, mantı degendey zatlardı tayarlap, azanda sumkasına salıp qoyatuǵın boldı. Sonda da Aybek «aqsha ber» dewin qoymadı.



— Haw, mınalardı jeseń ash bolmaysań. Ózi oqıytuǵınıń úsh-tórt sabaq, házir

awqatlanıp toyıp aldıń. Sońıraq ekinshi sabaqtan shıqqan tánepiste shóregińdi máyek penen jep al, dese de qılmaydı, otırıp alıp qıńǵırlay beredi. Sonda da apası bermese, eń qurıǵanda, aǵasınan sorap alıp ketedi.

Aǵası da bir-eki márte sonıń ústinde apasınan sóz esitip qaldı.

— Balanı jaman úyretetuǵın boldıń. Men usı baladan qızǵanıp bermey otırman ba?! Birewimiz bermegennen keyin sen de bermewiń kerek edi, — deydi apası.

— Qoysań-a, balanı bileseń ǵoy. Úyden ne berip jiberseńde, ózi barıp pulǵa shimishki bolsa da satıp alǵandı máp, qızıq kóredi. Oǵan tarshılıq etpey-aq qoyayıq, anası.

Solay etip, Aybek apasınıń anajaǵına bir shıǵıp, bes-on sumın qaǵadı, dım bermese ákesinen aladı, qullası, mektepke pulsız ketpeytuǵın boldı. Biraq, bunıń menen Aybek ya sabaqlarınan tómenlep, yamasa apasınıń oylaǵanınday menmensip ketip atırǵan joq. Qádimgishe xosh kewilli, álpayım, úkelerine miyirman. Ara-tura úkesi Juldızǵa shokolad ákelip berip te quwandırıp júredi. Bul háreketlerinen ákesi de, apası da súysinip, shad bolıp qaladı. Erteńine:

— Búgin óziń alıp je, úkeńe ózilerimiz ákelip beremiz ǵoy, — dep apası-aq ańqıldap on, on bes sumǵa deyin bergenin bilmey qaladı.

— 8-mart — «Hayal-qızlar bayramı» aldında muǵallimimiz soǵıp gúl aparıp beriń, dedi — dep, sulıw etip kartonnan qaǵazǵa gúl salıp, «Apa, bayramıńız benen qutlıqlayman!» dep tóbesine jazıp, anasına ákelip berip, tóbesin kókke bir jetkerip tasladı. Apasınıń quwanıshında shek joq. Aymalap súyip atır, súyip atır.

— Bul sawǵamnıń bári emes, — dedi ol sonda súyispenshilik penen kúlimsirep qarap.

— Boladı ǵoy, qozıshaǵım, qoshantayım. Írımın islegenińnniń ózine kewlim ál-aspanǵa kóterilip qaldı. Al,

bári bolmaǵanda jáne ne sawǵa etpekshi ediń? — dedi qızıqsınıp, bir jaǵınan onı sóyletpekshi bolıp.

— Házirgi hayallardıń tartıp júrgen sharshısı bar ma, jiyekleriniń bárine jıltır temir qıstırılǵan?...

— He, awa. Jıltır monshaqlı oramal ma, sharshı?

— Sonnan alıp beremen, bayramıńa. Bola ma, apa?

— Usı aytqanıń-aq, niyetińdi bildirgeniń-aq jetip atır, balam. Raxmet. — Apası onı burınǵıdan beter bawırına qısıp, saw jerin qaldırmay súye basladı. Sen jańa birinshi klassań. Ele úlkeyeseń. Oqıw pitkerip, jumısqa kirip, pul tabatuǵın bolasań. Sol waqıtta sennen táme etemen, qozıshaǵım. Oǵan deyin «Bayramıńız qutlı bolsın!» dep sóz benen kewlimdi alıp qutlıqlasań jetip atır, bawırım, gójekǵanam!

— Yaq, alıp beremen.

— Boladı, yaqshı, — dedi apası qoymaǵannan keyin biypárwalaw.

8-mart bayram kúnine bir kún qalǵanda túske taman Aybek bazarǵa ketti. Bazar onıń úyine dım jaqın edi. Sonlıqtan, tez jetip bardı da, aralap shetlerinde jıltır temiri bar sharshı izley basladı. Onday sharshı bazarda bar eken. Ózine unaǵan qıp-qızıl reńlisinen satıp aldı. Sóytip, ol endi shokoladlar satılatuǵın jayma betke júrdi. Niyeti — úyindegi qız úkesi Juldızǵa bir «plitichnıy» shokolad satıp alıw. Hayal-qızlardıń bayramı bolǵanlıqtan 8-mart Juldızdıń da bayramı ekenligin, sol ushın onı da bayramda bir quwandırıp taslawı kerek. Al, Juldızdıń «plitichnıy» shokoladtı júdá jaqsı kóretuǵının biledi.

Bazarda shokoladtıń neshshe túri bar eken. Birinen biri jaqsı, birinen biri mazalı, sulıw. Kózdi qızdıradı.

Ol qaramı úlkenirek, sırtındaǵı qaǵazı dım sulıw «plitichnıy» shokoladtı satıp almaqshı boldı.

— Apay, mına «plitichnıy» shokoladıńız neshe sum turadı?

— Seksen sum, — dedi satıwshı apay, keyin, — Óziń jewge almaqshısań ba, yamasa bayramda anańa aparıp bereseń be? — dep soradı. Sebebi, ol Aybektiń qolındaǵı sharshını kórip turǵan edi.

— Yaǵ-aw, — dedi Aybek, — Analarǵa bayramda shokolad aparıp beriwge bola ma? Apalar shokolad jey me, saǵan? Ózime de emes. Qız úkem bar, atı — Juldız. Soǵan aparıp berejaqpan. Biraq, pulım jetińkiremeydi eken, seksen sum bolsa, — dep basqaların kóriw ushın ketiwge ıńǵaylastı.

Satıwshı hám onıń qasındaǵılar da Aybektiń «Apalar shokolad jey me?» degenine bir ház etip dawıslarınıń barınsha ishek-silesi qatıp kúlisip aldı.

— Tura tur, — dedi satıwshı apay. — Neshe sumıń bar?

— Alpıs segiz.

— Sol pulıńa-aq bereyin, — dedi satıwshı apay kúlkisin tıya almay atırıp Aybekke «plitichnıy» shokoladtı usınıp. — Jaqsı bala ekenseń. Túpá. Úlken jigit bol... Al, mına shokoladtı bolsa óziń jeyseń, bola ma? — dep jáne «snikers» degen shokoladtan alıp berdi.

— Yaq, almayman. Kerek emes. Aǵam urısadı, — dedi Aybek. — Pulım jetpese de mına «plitichnıy»di bergenińiz ushın-aq sizge minnetdarman. Raxmet.

— Yaq, ala ber balam, ala ber. Meniń de sendey balam bar. — Satıwshı apay onıń «snikers»ti almasına qoymadı.

— Raxmet! — dedi Aybek qoymaǵannan soń alıp. — Siziń de erteńgi bayramıńız qutlı bolsın, apay!

— Raxmet, balam. Bara ǵoy, barıp apańdı, qarındasıńdı quwant. Joldan abaylap ót.

— Yaqshı, — dedi de Aybek úyine qaray shawıp ketti.

Úyge kelse aǵası, apası, úkesi — bári túslikke jıynalıp, awqat, shay iship atır eken. Dasturqan ústinde úlken, tompaq, ústine shokolad penen shıraylı bir gúl salınǵan

hám «8-mart — bayramıńız qutlı bolsın!» degen jazıw da jazılǵan tort ta turıptı.

— Keldiń be, balam? Qayda kettiń, tús waǵında? — dedi aǵası.

— Mına torttı aǵań úkeń menen maǵan ákelip berip edi, sen kelsin dep jemey, kespey otırmız. Kele ǵoy, dım mazalı tort eken, shokoladı, mayı kóp. Úkeńniń de awzınan suwı aǵıp otır. Sheshin, — dep atır anası.

— Meniń de, apa, saǵan, Julduzǵa sawǵam bar, — dedi ol. Sóytti de sumkasın ashıp ishinen jıltır monshaqlı sharshını alıp, apasınıń basına saldı. Keyin sulıw qaǵazlı «plitichnıy» shokoladtı Juldızǵa usındı.



Apası aldındaǵı kishkene Islambegin jerge jatqarıp, Aybekti qushaqlap alıp, aymalap atır, súyip atır.

— Qulınshaǵım, raxmet sawǵańa! Ónip-ós, úlken jigit bolǵaysań! Baxıtlı bol! — Apası Aybekti kishkene baladay etip aldına alıp, erkeletip ırǵıtıp, súyip atır.

— Puldı qaydan aldıń? — dep soradı ağası, túsin suwıtıp.

— Bayağı yanvardan berli kúnde sizlerden shokolad, pechene, pirojnıy alaman, dep alıp ketip júrgen aqshalarımdı jıynap júrdim-dá, 8-mart keletuğının bilip.

— Aqılınan aynalayın deydi, balamnıń! — dep kúlip apası burınğıdan beter aymalap atır. — Men ǵoy, jaman bala bolıp ketedi dep pul bermey júrsem...

— Bunday sawǵaǵa pul alǵanıń ushın raxmet. Biraq, apama, Juldızǵa sawǵa alajaqpan degeniñde ǵoy, menaq beretuğın edim, aldap pul soraǵansha, — dedi ákesi endi jıllı shıray menen.

— Yaq-aw, sennen aqsha alıp ákelsem, onda seniń sawǵań bolıp ketedi ǵoy. Al, meniń ózimniń pulıma alıp bergim keledi-dá, — dedi Aybek más bolıp kúlip.

— Raxmet, balam! Eń tiykarǵısı — niyetiń dúziw. Bári jaqsı. Biraq, aǵań aytqanday, aldamay-aq sawǵaǵa dep sorap alǵanda bunnan da jaqsıraq bolar edi, jan balam. Raxmet, saw bolǵaysań, baxtımızǵa!

Ol balasınıń awzın da, kózin de, júzin de, murnın da, qolın da qaldırmay súyip atır, súyip atır.

*1997-jıl.*

## ANALÍQ MEHIR

Beknazar anası menen awıldağı atasınikine qıdırıp ketiw ushın tayarlıq kórmekte. Anası alıp ketetuğın nárselerin jıynastırıp edi, úlken eki sumka toldı.

Balası jempiriniń sırtınan kostyumın kiydi de jolǵa shıǵıp edi, onı kórgen anası:

— Háy, qolǵabıńdı alıp, paltonıńdı da kiyip alsań-o, — dep súrenledi.

— Kerek emes. Kún jıllı.

— Ishten shıqqandiki, bolmasa kúnniń kózi shıǵıp turǵanı menen sırtta azmaz tursań bileseń, qatıp qalasań, ayaz. Qıstıń kúnine isenbe, balam. Onıń ústine atańlardikine avtobustan túskennen soń da bir talay jayaw júreseń. Kiymeseń de alıp júr. Meniń qolım bos emes. Kiymeseń erteń qaytqanda suwıq bolsa kiyerseń, — degenine de qulaq aspadı.

— Onda óziń bil. Sońıraq tońdım dep aytpaysań, — dep jekirindi anası da.

Olar avtovokzalǵa kelip bir saat rayonnıń avtobusın kútiwine tuwra keldi.

Beknazar tońa basladı. Sonda da baǵanaǵı sózi bar, bildirmewge háreket etpekte.

Atasınıń awılınıń tusınan avtobustan tústi. Anasınıń qolında eki sumka.

Kún de keshke jaqınlasıp, suwıta basladı. Beknazar suwıqqa qatqanın qansha bildirmeyin degeni menen bolmadı. Kem-kemnen iyekleri dirildep, tisi-tisine tiymey saq-saq ete basladı. Ayaǵı tońǵanınan sekelek ata basladı. Qolları, barmaqları sárriyip qatıp, awzı sóylewge kelmey baratır.



— Apa-a-a! Tońdım. Jaqınladıq pa? — dewge zorǵa shaması keldi. Jılap jiberdi.

Anası júrisin toqtattı. Sumkaların jerge qoydı. «Paltonıńdı, qolǵabıńdı kiyeseń be?» — dep sumkasınan shıǵarıp berdi.

Beknazardıń olardı kiyiwge qolları juwıspadı. Anası kiydirdi.

Jıllı kiyimlerdi kiygennen soń azı-kem jılınǵan balası anasın súyip-súyip aldı.

— Apa, endi siziń aytqanıńızdı qılaman, siz jaqsısız. — der edi. Erksiz aqqan kóz jasları betiniń almalıǵın juwıp atır.

*2003-jıl.*

## JERKENISH

Saǵıydulla 9-klasta oqıydı, yaǵnıy pitkeriwshi esabı. Oqıw tamam bolıwǵa shamalasqan sayın, onıń ústine báhár kelip kún jılıy baslaǵannan sabaqtı emes, puldı oylaytuǵın bolıp qaldı. Bası shırıldawǵa tústi. Óytkeni, báhárge kiyim-kostyum, yamasa jempirge pul kerek, ayaq kiyimge aqsha, klasslasları da ózlerinshe bolıp, murınlarına samal enip, hárqaysısı tuwılǵan kún, bayram dep shaqırıspaqlar da bolıp atır, pul kerek, pitkeriwshimiz «vinetka» isletemiz dep atır, aqsha kerek, onıń ústine klass basshısı mektep remontına enapattay pul ákelesiz, dep qoyıptı, dene tárbiyası muǵallimi topqa jıynap atır, klasslasları 8-mart, «Nawrız» bayramların kóshege shıǵıp birge bayramlawdı oylasıp qoyıptı, qurı aylanasań ba, pul kerek. Bul bayramlarda muǵallimge de sawǵa alıw kerek. Hámme balalarda velosiped bar, eger onı alatuǵın bolsa ol da bir etek aqsha. Bala ǵoy, kózi qızadı, joralarına qashanǵı «bir aydap bereyin» dep júredi. Qısınadı, júzi tómenshik bolıp qaldı, tili qısıq, joqlıqtan, jetispewshilikten. Balalardıń mazaqlaytuǵını da Saǵıydulla edi.



Bir kúni Baxtıyar degen bala qarızın sorap qaldı. Ana kúnleri bir kempir mekteptiń janına shokoladlı muzqaymaq ákelip sattı. Tánepiste hámme oqıwshılar basa-bas, úmbe-dúm satıp aldı. Bunıń da kózi qızıp, bárqulla qaltasında aqsha júretuğın usı Baxtıyardan sonda qarız alğan edi.

— Joq edi. Apam aylığın ala almay atır, — dedi tómen qarap. — Beremen ğoy.

— Bunıń apası aylıq almaydı. Qashan sorasań alğan joq, beremen deydi. Bermey-aq qoy, sadaqam sağan, — dep mazaqlap kúldi Baxtıyar. Hámme duw kúlisti.

— Buğan qarız bergen seniń de esiń joq, — dep Sağıydullanıń basına urıp ótti jáne bir bala ishek-silesi qatıp.

— Anası aylığın alsa da bul ulıwma bermeydi. Bere almaydı. Úyindegi qarızları da basınan asıp atır, bilemen ğoy. Onıń ústine sağan qarızın bergennen góre, góne bazardan bolsa da góne tufli alğanı jaqsı. Sóytip, kún álleqashan jıllı bolsa da taslamay júrgen, mına jamaw, jırtıq etigin taslaydı, — dep qońsı turatuğın bir bala gáp penen qoymay, iyni menen de qağıp ótti. Hámme qıran-topalań kúlki. Ásirese,

qızlardıń da klasta barlıǵı, kúni menengi gáplerdi esitiwi Saǵıydullaǵa qattı battı. Ol qızlardıń ishinde buǵan kewli jaqın, jaqınnan sırlaspasa da sırtlay bir-birin unatıp júrgen dos qızı bar edi. Gıjırdanı qaynap ketti. Ózin tuta almay qaldı, gijinip, tislenip qońsı balanı uslap alıp iyeginiń astına mush penen berip qaldı. Jıǵıp salıp moynınan qısıp qılqındırıp tasladı. Balalar zorǵa jazdırıp, ayırıp aldı. Sonıń arasınsha «Muǵallim kiyatır!» dedi bir qız. Hámme óz partalarına otırıp, tım-tırıs bola qaldı.

Klass basshısınıń sabaǵı edi. Ol da kele sala sálemlesti de qurǵaq shópke may quyıp jiberdi.

— Qáne, remontqa aqsha bermegen kim qalıp edi? Umıtpasam tórt oqıwshı bermegen shıǵar. Men bloknotımdı alıp dizimdi kórip otırmay-aq qoyayın, ákelseńizler, berińler.

Úsh oqıwshı aparıp berdi, tek Saǵıydulla qaldı.

— Xojabaev, búgin de joq pa? — dedi zilli. Saǵıydulla partada túrgelip tómen qarap tura berdi. — Otır, erteń alıp kel. Qáne, balalar, onda sabaǵımızdı baslaymız. Kitap, dápterińizdi ashıńlar.

Muǵallim sabaq sorap atır, túsindirip atır. Onıń basına hesh nárse kirip shıqpadı. Ízadan, ardan isinip ol kóp shıdap otıra almadı. Oqıwshılardıń barlıǵı onı aytıp, ishlerinen kúlisip atırǵanday. Sabır-taqatı tawsıldı. Túrgelip, papkasın kóterip, muǵallimnen de ruqsat soramay, isinip sırtqa shıǵıp ketti. Hámme lal bolıp qaldı.

— Haw, haw, Xojabaev, ne boldı? — dedi muǵallim dálizge izinen barıp, dawıslap.

— Basım awırıp tur, — dedi Saǵıydulla.

— Onda dalaǵa shıǵıp samallap al. Qasıńa bala qosayın ba?

— Yaq, ózim...

Balanıń miyine qalay bolmasın pul tabıw shárt, degen qıyal bekkem ornasıp alǵan edi. Biraq, qayaqtan? Qaydan? Qalay? Onı bilmeydi. Oǵan aqılı da jetpeydi. Bala, onıń

datine ashıw-kek kókiregin kernep turǵanda aqıl bola ma, basta? Úyine barǵan menen, anasına aytqan menen, onıń qolına tutqızıp jiberetuǵın kók tiyini joq, belgili. «Kúndelikli nanıńızdı tawıp bergenime quwanıń, shıraqlarım. Ákeń ne qılsın, múgedek. Jatıp qala beredi. Óziniń pensiyası dári pulınan awıspaydı. Áytewir, aldıńızda aman bolsın. Qatarımnan kem kiyindim, jedim dep nalınbań. Barlıǵı jaqsı bolıp ketedi, bizlerge de ıǵbal, baxıt kúlip baǵar. Aydıń on besi qarańǵı bolsa, on besi jaqtı degen, balam. Bunıń ushın jaqsı oqıń, jaqsı oqıń. Sonda adam bolasız» — dep qurı aqıl-násiyat beredi. Hátteki «oqıwıńız qalıp qoyadı», dep oqıwdan soń «bazarǵa shıǵıp anaw-mınaw satayıq, tashki aydayıq» dese de ruqsat etpeydi. Sonıń arqasında ma, jaman da oqımaydı. «Úyge barmawım kerek! Biraq, pul tabıwım Oyla! Kóp pul! Biraq, qáytip?». Ol barlıq nárse bazarda goy, degen qıyal menen sol jaqqa qaray ıǵıstı.




Lekin, bazarjayǵa jetpey bir gazeta-jurnal kioskasınıń janınan ótińkirep irkildi. «Bazarǵa barǵanım menen birew

pisirip qoyıp pa? Sonsha adam. Usı kioskadan qolayı joq. Qapısı da tasa jaqta». Biledi, qulpı da kishkene. Temir suǵıp bir-eki bassa ashılıwı múmkin.

Bul jol Saǵıydullanıń tez-tez ótetuǵın jolı. Bazarǵa baradı degendey. Sonlıqtan, kózi túsedi, kioska tús payıtında bárqulla jabıq turadı. Soǵan qaraǵanda kioskashı apay túste bala-shaǵasına shay-awqat pisiriwge ketetuǵın bolsa kerek.

Ol armanlaw barıp, terektiń sayasında kioskashınıń ketiwin kútip otırdı.

Tús te boldı ma, kioskashı ashıp qoyǵan áynegin jawıp, qapıdan shıǵıp qulıplap úyine qaray zıńǵıdı.

Jolawshılardıń joqlaw payıtın ańlıp turıp, jeńine armatur temirdiń bir bólegin tıǵıp alǵan Saǵıydulla kioskanıń esigine barıp, urman-purman qulıptıń arasına armaturanı salıp basa basladı. Silkip-silkip basıp atır, qulıptıń ashılatuǵın túri bolmadı. Terlep te ketti, bir jaǵınan qorqıp ta baratır. Biraq, ol alǵan baǵıtınan qaytqısı kelmedi. «Qalay bolmasın kúni menengi sawdasın alıwım kerek. Karton yashikke salıp tómenge qoyadı, aqshanı».



Aqırı qapı ashıldı: qulıp buzılmaǵanı menen shıńǵası qaǵılǵan qapınıń ernegi sınıp ashıldı.

Ishke zońq etip kirdi de qapını japtı. Ózi de búksheńlep júripti. Korobkadan puldı taba almay albırap ta qaldı. Bir waqıtta bılaylawda turǵan sumkanı kórip ashıp edi, pullar sonda eken. Kitap salınǵan papkasın ashıp aqshalardı soǵan salıp aldı. Sóytti de jaqın jerde ayaq dıbısı esitilmegenlikten dárhal sırtqa shıǵıp, tasa-tasa menen jelip-jortıp parkke jetti. Adam joq bir orınlıqqa otırıp, sanap shıqtı. Joldıń ústi bolǵandiki me, kioskashı biraz sawda islegen eken, yamasa ótken kúngi pulı da qosılıp júr me, áytewir, aqsha Saǵıydullanıń oylaǵanınan, ózine jaqın arada kerekliginen eki ese kóp shıqtı. Pul qolına tiygeni menen onıń keyni ne bolar eken, degen qorqınısh pa, burın islew túwe, oylap ta kórmegen buzıq jol — urlıqqa qol urǵanınan ózin-ózi jekkóriwshilik pe, sezimi onı biylep alıp, táshwishte otırdı.

«Úy ishine bildirmewim lazım! Muǵallimniń, otırıspaqtıń, toptıń pulın, qarız puldı azanda alıp ketip, qalǵanın bir jerge jasırıp qoyıwım kerek».

Erteńine muǵallimlerdiń pulların, klasskomǵa otırıspaq, sawǵalardıń pulların berdi. Tánepiste hámmeniń kózinshe, ózi unatqan qızdıń da kóz aldında mardıyıp turıp Baxtıyardıń qarızın:

— Má, sadaqań zárúr emes, — dep mańlayına urǵanday etip berip qoydı. Úlken tánepiste asxanadan belyashi menen qatıq alıp ishti.

Sabaqtan qaytıp úyine kelip, shay ishiwge dasturqan átirapında shańaraq aǵzaları menen otırdı. Anası gáp basladı.

— Baǵana bazarǵa baratırsam joldıń ústindegi ana kioska bar ǵoy, sonıń satıwshısın kórip edim. Tanıs bayal edi. Dártin aytıp atır, biyshara. Ózleri zorǵa otırǵan xojalıq edi. Onıń ústine keshe túste úyine ketkende bir urı kioskanıń qapısın buzıp, pulların alıp ketipti, insapsızlar. Urılar tabılmay atır eken. Eger



tabılmasa ózi aylığınan tóleytuğın qusaydı. Usı jetpey atır edi, dep jılap atır, ǵárip. Kúyewi máskúnem, bir ózi bes balanıń nanın zorǵa tawıp berip otırǵan eken. Endi ne qılaman, dep qattı kúyinip atır, — dedi apası.

— Way-buww! Qıyın bolǵan eken. Jıǵılǵanǵa judırıq, degen usı-dá, — ákesi de qattı qıynaldı.

— Nayinsap urı! Alǵanı buyırmaǵay! Eń jaman ádet — urlıq! Adamnıń pási — urlıqshı, qaraqshı. Sebebi, ol hesh miynet etpey, birewdiń jıynaǵanın, tergenin aladı. Urı hesh waqıt bayımaydı, biri eki de bolmaydı. Urlıq penen bayıǵan adamdı kórmedim, — dedi apası da pikirin bildirip.

— Jazalaw meniń qolımda bolǵanda urınıń urlaǵan qolın, júrip barǵan ayaǵın kesiwdi buyırar edim, — dep ǵázepke mindi ákesi tislenip.

Bul gáplerdi aqırına deyin tıńlap otıra beriwge Saǵıydulla shıdamadı.

Bunday iplas iske qol urǵanınan arlandı. Onıń ústine kioskashı apaydıń bes balası kóz aldına kelip tura qaldı:



ózindey bolıp pul sebepli qıynalıp, klasında mazaqqa qalıp otırǵan kóz aldına eleslep ketti. Kóshede nan sorap telmirip turıptı. Usılardı oylap qıynaldı. Ashıw, qızıwqanlıq penen jaramas iske qol urǵanınan pushayman boldı. Ózin eń bir jaman, pás, jerkenishli baladay sezinip, ózinen-ózi jerkendi. Turıp sırtqa shıǵıp ketti de puldıń qalǵanın kómip qoyǵan jerinen alıp kioskaǵa qaray zıtıp ketti.

Kioska ashıq eken, buǵıńqırap bardı da betin kórsetpey qolın kóterip, aqsha oralǵan cellofan qaltashanı ashıq terezeden ishke ılaqtıra sala qashtı. Juwırıp kiyatır. Ózin endi tap ushqan qustay jep-jeńil seze basladı.

*2003-jıl, 26-aprel.*

## BADÍRAYǴAN «EKI»

Qomsbay mektepten kelip awqatlandı. Soń kúndegi ádetinshe divanda jatıp, bir saattay uyqılap ta aldı. Jaqsı tınıǵıp, kewli sergek tarttı. Bet-qolın juwıp, súrtindi.

Keyin papkasın alıp, úyge tapsırmalardı orınlawǵa otırdı. 5-klastaǵı ájapası Anardıń járdeminde qaraqalpaq tili, matematikadan berilgen tapsırmalardı tayarladı. Endi súwret páninen tayarlasa boldı, keshke shekem qolı bos, arqayın televizor kórip, oynasa da boladı.

Muǵallim jaydıń súwretin salıp keliwdi tapsırǵan edi. Ájapası Qonısqa jaydıń súwreti bar óziniń kitabın úlgi ushın berip:

— Usıǵan qarap sala ber. Aldın basqa bir qaǵazǵa salıp qolıńdı úyretip al. Soń súwret dápterińe salasań. Men apama úy jumıslarına járdemlesemen. Kerek bolsam shaqırarsań, — dep túsindirip shıǵıp ketti.

Usı máhál Qonıstıń otırǵan ójiresiniń áynegi taqıldadı. Ol áynek aldına juwırıp barsa, qaǵıp turǵan qońsısı, klasslası Joldas eken. Qolında tobı bar.

— Qonıs, júr, arǵı kósheniń balaları menen biziń kósheniń balaları futbol oynayjaq. Kettik.

— Joq, — dedi Qonıs. — Sabaq tayarlap atırman.

— Kelip tayarlaysań-ǵo, júrse. Shıq tez.

Joldastıń esi-dárti — onı futbolǵa alıp ketiw. Sebebi, Qonıs jaqsı oyınshı, ásirese, dárwazada tursa, ekinshi tárep top ótkeriwden gúderin úze berse de boladı. Maymılday shaqqan, sheber dárwazaman. Sonlıqtan, alıp ketejaq, ótken sapardaǵıday utılıp qalıwdan qorqıp turıptı.

— Keyin baraman. Súwret sabaǵınan jaydı salıwım kerek.

— Basqaların boldıń ba?

— Awa.

— Wáy, onda emi ańsat ǵoy. Men degen qıyamet sulıw etip sızıp qoydım. Qonıs, tez, sonday sulıw, shıraylı, «5» alatuǵınday etip salıwdıń jolın úyreteyin be?

— Úyret, — dedi ol qızıqsınıp.

— Biraq, muǵallimge aytıp júrmeyseń.

— Yaqshı, — dedi Qonıs oylanbastan-aq.

— Biziń úyde jaydıń súwreti sızılǵan kitap bar. Ol kitaptıń jaydıń súwreti bar betiniń astına súwret dápterińniń taza betin qoyasań da, ústinen ruchkanı qattı batırıp sızasań, dápterge súlderi túsedi. Sol súlder boyınsha qálem menen sızıp shıǵa qoyasań. Jaydıń dál ózi bolıp shıǵadı hám tez bolasań. Men jańa sóyttim. Kitaptı ákelip bereyin be? He, aytpaqshı, 5-klastaǵı ájapamnıń kitabı ǵoy. Seniń de ájapań besinshide oqıydı, sonıń kitabın alsesh. Men úyge barıp júrmey-aq qoyayın. Bol, tez sızıp al da, júr. Sen barmasań bolmaydı. Ótken háptedegidey jáne utılıp qalamız. Onda da sen barmap ediń. Endi búgin jáne utılatuǵın bolsaq dım uyat boladı, shermende bolamız. Mazaqqa qalamız.

— Joldas, men kitaptı búldire almayman. Sen de kitaptı búldirip qáte islepseń. Kitap búlingen, onıń ústine óziń salıp úyrenbeseń ne paydası boldı? — Qonıstıń da qattı oynaǵısı kelip tur edi. Lekin, dostınıń bunday islegeni oǵan maqul túspedi. Ol hárqashan da, mektepke barǵalı, yaǵnıy úsh jıldan berli, aǵası, apasınıń úyretip tashlaǵanı, sabaqların tayarlamay oyın-poyınǵa bet burǵan emes, sol oǵan úrdis bolıp ketken. Házir de taza toptı kórip, arqası qozsa da shıqqısı kelmedi.

— Háy, óziń bil onda. Bir ret óytken menen súwret sabaǵınan tómenlep keteseń be? Sen de bir tırjıydıń ǵoy.

— Joldas, tırjıyıp otırǵanım joq. Bir saatlardan keyin oynayıq. Soǵan shekem salıp bolaman.

— Oynap kelip-aq salǵanda ne qıladı?

— Bir oyınǵa shıqqannan keyin, kúndi batırmay qayta alamız ba? Onıń ústine sharshap keleseń, súwret sala alasań ba, saǵan? Sabaqlarımdı tayarlamay oyınǵa shıqsam apam baqıradı.

— Háy, qoysa, úsiytip kósheniń abırayına tartpasań ekinshi ret oyınǵa qospaymız. Seni joram dep júrmen-aw.

Joldas tap jılaǵanday bolıp ókpelep, qolın bir siltep oyın maydanına qaray juwırıp ketti. Shınında da, onıń

ókpelewiniń reti bar. Sebebi, ekewi jan jora, hátteki, klasta bir partada otıradı.

Bir waqıtta Joldas jáne áynekti qaqtı.

— Qonıs, aytpashaq meniń jańaǵıday etip kitaptan kóshirip sızǵanımdı muǵallimge aytıp qoyma. Jańa aytpayman dep ediń ǵoy. Wádeńde tur, yaqshı ma?

Qonıs neniń ne ekenin bilmey turıp «aytpayman» dep wáde berip qoydı ǵoy. Bunday, kitaptı búldirip, muǵallimdi aldap, jaqsı salıwdıń, kózboyawshılıq jolın úyretpekshi ekenin aldın bilgende kelisim bermes edi. Házir bolsa óz sózinen ózi uslanıp otır. Sonlıqtan, basın iyzedi. Soń barıp otırǵıshqa otırıp, súwret sızıwǵa kiristi.

Ol úsh-tórt betti shıjbaylap búldirdi. Anıǵında búldirgen joq-tá, biraq salǵan jayı ózine unańqıramadı. Qapılǵır, kitaptaǵınıń dál ózindey shıraylı shıqpay atır. Óz isi menen mashǵul ol waqıttıń da ótkenin bilmeydi. Bir payıtta jáne áynek dúkildedi.

— Kimseń? — dep dawıslap áynek aldına barsa, kelgen Joldas eken. Entigip zorǵa demin aladı, top quwalap sharshaǵan, onıń ústine juwırıp kelgen bolsa kerek.

— Al, Qonıs, júrmeseń bolmay turıptı. Birinshi taym tamam boldı. Bizler úshke nol bolıp utılıp atırmız. Dárwazada Pirniyaz turıp edi, óziń bileseń ǵoy, onı. Áytewir, arqayın uslawǵa bolatuǵın toptı da uslap bilmeydi: ebi joq. Boldıń ba?

— Yaq, bolǵan joqpan. Házir on bes-jigirma minutlardan barıp qalarman. Shamalasıp turman.

— Qoysa, júrse tezirek. Házir ekinshi taym baslanadı. Endi bizler olarǵa gol urǵızbay, ózlerimiz keminde tórt gol, qapılǵanda úshewin ótkermesek bolmaydı.

— Bara ber, men azǵantaydan baraman.

Bir súwretti ezip jáne-jáne sala bergennen keyin onıń qolı biraz úyrenisip, kónligip te qalǵan edi. Biraq, sonda da ele súwret óziniń oyındaǵıday bolıp shıqpay otır. Lekin, ol jaqqa da barmasa bolmaydı. Joldas jáne jaǵdaydı

aytıp ketti, bir jağınan óziniń de oyınğa barğısı kelip otır. Sonıń ushın jaydıń súwretin asığıs pitkerdi de, kitap-dápterlerin jıynastırıp, oyın maydanına qaray qustay ushtı.

Haplığıp kelse esap beske bir eken. Kóshe balaları dárhal Pirniyazdıń ornına dárwazağa Qonıstı shaqırdı. Oyın qızıp atır.



Qonıstıń kóshesiniń balaları da futboldı jaqsı oynaytuğın edi. Lekin, sheber dárwazaman joqlığı sebepli ótken saparı hám usı oyınnıń birinshi tayminda utılıp qalğan.

Olar endi tájiriybeli dárwazaman kelgennen keyin arqayınlasıp, qorğanıwdı qoyıp hújimge ótti. Bes minut ótpey bir toptı ótkerip úlgerdi. Birli-yarım dárwazağa kelilgen toptı Qonıs maymılday shaqqanlıq penen qaytarıp turdı. Solay etip, oyın aqırında eki komanda da altığa-altı bolıp, oyın teńge-teń menen juwmaqlandı.

Balalar úylerine qaytqanda quyash ta batqan edi.

Qonıs azanda erte turdı. Súwret sabağınan tapsırmanı tolıq, oyındağıday etip orınlamağanı yadına túsken ol dápterin ashıp súwretke jáne qaradı. Jaman emestey.

Eger jáne yarım saattay shuǵıllanǵanda bunnan da jaqsı, sulıw bolıp shıǵar edi. Neteseń. Bul da jaman emes, «5» qoymasa da muǵallim «4» qoyarı anıq.

Súwret páni muǵallimi oqıwshılardıń hámmesine partalarında dápterlerin ashıp qoyıwın sorap, birme-bir kózden ótkerip, baha qoya basladı.

Joldastıń sızǵan jayı, shınında da, ájayıp, sulıw eken. Onıń janına kelip súwretti kórip, tańlanǵan muǵallim:

— Óziń saldıń ba? — dep soradı. Joldas áste ǵana «awa» dedi. Oǵan «4» qoydı.

Qonıstıń súwret dápterine birinshi márte «5» bahası tústi.

— Jaqsı. Biraq, Joldastikindey bolıp shıqpaǵan. Kóbirek mashıq etpepseń. Ayttım ǵoy, jaqsı bolıp shıqqansha sala beriń, sala beriń, dep.

Qonıstıń qattı ashıwı, ǵázebi, arı keldi. Joldastıń kitaptı búldirip, kóshirip alǵanın aytıwǵa bir neshe ret oqtalıp turdı da, sóz bergennen keyin úndey almadı. Ol bolsa más bolıp otır.



Muǵallim hámmeniń dápterin tekserip bolıp, Joldastıń salǵan súwretin basqalarǵa úlgi tutıp, maqtay basladı. Usı waqıtta «Muǵallim» degen Qonıstıń artındaǵı partada otıratuǵın Gúlzadanıń dawısı shıqtı.

— Qaljanova, ne edi? Ne aytpaqshısań? — dep soradı onnan muǵallim. Gúlzada ornınan turdı.

— Muǵallim, bul súwretti Joldastıń ózi salǵan joq, onı 5-klastaǵı ájapasınıń kitabınan batırıp sızıp, kóshirip alǵan. Sol kitabı házir papkasında. Qonıstı da súwret sabaǵınan tapsırmasın durıslı orınlatpay asıqtırıp alıp ketip, futbol oynaǵan. Baǵana maqtanıp ózi ayttı. Kitaptı da kórsetti. «5» alaman dep maqtandı.

Joldas artına burılıp Gúlzadaǵa jaman kózi menen qarap qoydı.

— Qáne, Álimbaev, taxtaǵa shıq! Nege qaraysań?! Shıq, beri! Papkańdaǵı jańaǵı aytqan kitaptı da alıp kel.

Joldas náyilaj kitaptı alıp, moynı salbırap taxtanıń aldına keldi.

Muǵallim kitaptı ashıp, jaydıń súwreti salınǵan betti ashıp kórdi de oǵan tiyisip ketti. Baqırıp atır. Kóp waqıt keyidi. Uyalttı. Aytılmaǵan sóz qalmadı. Hátte, itibarsızlıǵı sebepli ájapasınıń da kitabın óziniń papkasına salıp alıp kelgenligin de ayttı. «Ekinshi aldama, jeńildiń atı menen júrme», dedi. Qullası, kóp baqırıslar, násiyatlar aytıldı. Keyin dápterge qoyǵan «5»tiń ústinen eki sızıp, onınan shıyırıp, badıraytıp «2» bahasın qoydı. Joldas burıshtay qızardı. Islegen islerine pushayman jep, moynı salbırap tómen qarap turdı.

Muǵallim bunıń menen de tınshımadı. Qonıstı túrgeltip ótken kúni ne bolǵanın bastan baslap aytıp beriwin talap etti. Ol barlıq waqıyanı dizip aytıp berdi.

Barlıǵın tıńlap, oy eleginen ótkergen muǵallim Qonısqa da: «Sen nege Joldastıń kóshirip alǵanın aytpadıń?» dep soradı. Ekinshi ret úyge tapsırmanı orınlawǵa itibarsızlıq penen qaramawın, bundaydı qaytalamawın eskertip qoydı.



Muǵallim Gúlzadaǵa haqıyqatlıqtı óz waqtında ashıq aytqanı ushın maqtaw sózler aytıp, alǵıs bildiriwdi de umıtpadı.

*1999-jıl.*

## TATÍWLÍQ

Ana tawıq qurıq bolıp, máyek basıp jeti shóje shıǵardı. Bárqulla shójelerine pármana. Aradan tórt-bes ayday waqıt ótti. Shójeleri úlkeyip anasına jeteǵaba, teńles boldı. Ózleri de júdá sulıw. Hár qıylı porodadan. Kórgen adam súysinbey tura almaydı. Pópeklileri de, ayaqlarında párleri bar «sibirskiy» de, moynında pári joq «boecovoy» da, kógis, aq, qızǵısh, kúlreń, qarası da bar. Ana tawıq ele olarǵa pármana: bir jerlerdi shoqıp, tintip, dán-pán tapsa, óziniń tamaǵınan ótpey, ózine teńlesken «shójelerin» shaqıradı. Qolda ósken attıń tayınshaq atı qalmaydı, degenindey, xojeyinniń balaları, qızları dán salıwǵa da biyzar. Balaların uslap aladı dey me, aybat shegedi, dúrlep taslanadı. Sonlıqtan, dán, suwın xojeyinniń ózi beredi. Dánge talasıp, bir-birin shoqıy



ǵoysa, shoqıǵan, «tártipsizlik» etkenin Ana tawıq izinen quwıp shoqıp, támbisin beredi. Yaǵnıy bir shańaraqtay bolıp jasap atırǵan olar arasında awızbirshilikti de qatań saqlap júrdi.

Bir kúni xojeyin qoraǵa sırttan bir tawıq ákelip qostı. Ol tawıq kele sala shójelerge tiyisip edi, Ana tawıq ózi menen teń sırttan qosılǵan tawıqqa topıldı ma de, qarsılası



shıdam bere almay qashıwǵa májbúr boldı. Sonnan baslap sırttan qosılǵan tawıqqa Ana tawıq dıq saqlap kún bermey júrdi: dán de, suw da ishkizbeydi, jaqınlasa izinen quwıp, shoqıydı, keshte ózleriniń janına qonaqlatpaydı da. Dán, suwdan qaǵılıp ábden boldırǵan sırttan qosqan tawıǵın xojeyin basqa qorada óz aldına baǵıwǵa májbúr boldı.

Olardıń «shańaraǵı»nıń tatıwlıǵın kórip, sezip xojeyin de tań qaldı. Awızbirshilik, sıylasıqtı saqlap turǵan Ana tawıqqa, onıń analıq mehir-muhabbatına qayıl bolmasqa ilajıń joq.

*2004-jıl.*

## TÚSTIŃ PAYDASÍ

*(qısqa yumor)*

Perdebay jorası Seytmurat penen kosmos korablin[illegible] minip jerden shıǵınıp ketipti. Galaktikada júrip-júrip bir planetaǵa gezlesipti. Ol planetanı ózlerindey balalar basqaradı eken. Planeta basshısı ózleri menen túydey jas — 14 jasar Iparanas degen menen jaqınnan tanısıp, doslasıptı. Iparanas bul ekewin mazalı taǵamlar, muzǵaymaq penen sıylaptı. Úsh-tórt kún planetasınıń eń sulıw jerlerine aparıp qıdırtıptı.

Bir kúni Perdebay:

— Iparanas dostım, endi bizlerge ruqsat ber. Awılǵa qaytayıq, saǵınıp kettik, sıy-húrmetińe raxmet, — depti.

— Máyliniz, — dep planeta basshısı olarǵa bir kosmos korablin beripti. — Usı korabl menen ketseńiz tez jetesiz. Sebebi, bul sekundına 8 mıń kilometr aralıqtı basadı, yaǵnıy jaqtılıq tezligindey tezlik penen júredi.

Sóytip, aydaw, júrgiziw usılların úyretip, xoshlasıp qalıptı. Bular sheksiz galaktikada zıtqıp baratır.

Bir waqıtta korabldiń bir jerinen:

— Sizlerdiń massańız arttı, biraq kerisinshe kólemińiz kishireyedi, — degen dawıs esitiledi. Perdebay jorası

Seytmuratqa qaraǵan edi, haqıyqatında da kishireygen. Ózi de aynaǵa qarap kórdi. Ózi de kishireyińkiregen. Al, denesi bolsa ap-awır, shoyınnan quyıp qoyǵanday. Ol qorqıp ketti:

— Way-way, Seytmurat, endi usınday bolıp qalamız ba? Bul korabl sıyqırlı shıǵar, sirá. Jaqsı bolǵanda berer me edi? — dep hawlıǵıp sóylendi.



— Qálegen deneniń tezligi jaqtılıq tezligi S ǵa jaqınlasqan sayın massasınıń artatuǵının bilmeyseń be? Aytpaqshı, sen qayaqtan biletuǵın ediń, hesh fizika sabaǵın oqımasań, — dep Seytmurat onıń basına úp-úlken, ap-awır judırıǵı menen salıp jiberdi me de. Perdebay «way» dep qıshqırıp [illegible]genin bilmey qaldı. Oyanıp ketse basın káttiń qırına urıp alǵan eken. Tura sala aynaǵa qaradı. Bayaǵı turısı [illegible]lıǵın kórip, bunıń bári túsi ekenligin bilip quwanıp ketti. Basın uslap otırıp: «Háy bala, hár kúni sabaqlardı [illegible]ılap tayarlap oqımasań bolmaydı eken. Bilim túsińde de kerek bolıp qaladı eken-aw» — dep uyqılamastan [illegible] [illegible]ǵıtıp qoyǵan papkasın alıp sabaq tayarlawǵa kiristi.

*1980-jıl.*

## HESHQAYSÍŃÍZDIKI EMES!

Aqlıǵınıń birewin kóterip, ekinshisin jeteklegen Palwan ata seyil etip júripti. Bir waqıtta jetektegi aqlıǵı Murat jol boyında ósip turǵan gúldi kórdi de:

— Ata, gúl, — dedi. Atası qıynala birewin úzip alıp berip atırǵanda qolındaǵı Asqar da qıńǵırladı.

— Haw, ósip turǵan gúldi úze beriwge bolmaydı. Olar da tiri jan, — dese de jılap, shataq sala bergennen soń oǵan da alıp beriwge májbúr boldı.

Olar qalanıń sulıw jerlerinen júrip kiyatır. Jol boyında miywesiniń kópliginen eki búgilgen jemis daraqları kózdiń jawın aladı.

— Aǵa, alma...

— Maǵanda...

— Bolmaydı. Uyat boladı.

— Boladı-ǵo, ata. — Murat jol boyında tarbayaqlap júrmey turıp aldı. Oǵan qosıla Asqar da sózge túsinbey «alıp bey» dep jıladı. Al, endi alıp bermey kór.

Jan-jaǵına qarap kiyatırǵan Murat bir gezde tońqalaq asıp tústi. Shalqasına qulap jatırǵan onıń kózlerin aspandaǵı kúlimlegen quyash nurı qamastırdı. Ol ornınan ushıp turdı da atasınıń shalǵayına asıldı.

— Ata, anaw ne?

— Ol ma, quyash.

— Alıp ber, ya?

— Yaq, maǵan alıp bey, yaqshı ma, ata.

— Haw, onı ala almaysań, uzaqta ǵoy, balalarım.

— Uzaq emes, aldaysań. Ana jaydıń basında turıptı.

— Jaydıń tóbesine shıǵıp alıp berse, ata, hih-hih, hih-hih-h... — Asqar jılawǵa qaradı.

— Asqarǵa alıp berme, birinshi men kórdim. Quyash — meniki.

— Yaq, meniki. Muyatqa beyme, ata.



— Heshqaysıńızdiki emes! — Palwan ata ekewine eki shappat urdı. — Bola ma? — Onıń nelikten de ashıwı kelip ketken edi. Múmkin, tirishiliktiń tiregi bolǵan quyashtıń bir adamdiki bolmaytuǵının, pútkil insaniyatqa tiyisli múlikti jeke ózi iyelewge qızıǵıwshılıq sıyaqlı jaman, buzıq oydan aqlıqların usı bastan saqıt etkisi, onday naádil qıyallardan pák etip tárbiyalaǵısı keldi me, qullası onı ashıw qısqan edi.

Murat ta, Asqar da úlken ayıp islegendey jım-m bola qaldı. Usınnan soń ǵana Palwan ata pásine qayttı da, estiyarlı adamlar menen sóylesip kiyatırǵanday, olardıń onsha túsinbeytuǵının bilse de (bálkim qulaqlarına quyıla bersin, usı bastan, dedi me) aqıl ayta basladı:

— Balalarım, quyashtı bolsın, hawanı, suwdı bolsın, awız Jerdi... bolsın, qullası bunday pútkil adamzat iygiligine jaraytuǵın múliklerdi jeke adamnıń iyelewine bolmaydı. Olardı sizler de ekinshi ret «meniki», «seniki» dep aytıwshı bolmań, jaman boladı. Hámmeniń teńdey paydalanıwı kerek. Onı bárqulla yadıńızda saqlańlar, bola ma?...

## QÍSÍNÍSPA

Klaslar aralıq futbol jarısınan shıqqan Omar menen Álimbay mektep asxanasına kirip, álpayımlılıq penen ishtegilerge sálem berdi, soń awqat alıp, qońsısı — mektep zavxozı Jańabay ağasınıń janındağı stolğa otırdı.

Bir gezde awqatlanıp otırğan Álimbay ayağı menen Omardı túrtkishledi. Omar jorasınıń ımlap kórsetken jağına qarağanda Jańabay ağasınıń qolındağı, awzındağı awqattıń juqların nan menen súrtip, tarelkağa taslap atırğanın kórdi. «Bul ne degen aqmaqshılıq!» dedi ishinen Omar, atasınıń jerde jatqan nandı kórgende aytatuğın gápin qaytalap. Biraq, betine ayta almadı. «Kórgensizlik bolar óytkenim, — degen oyğa keldi, — átteń, usı jerde atam bolıp seniń ne islegenińdi kórgende me, tap mına adamlardıń kózinshe burıshtay qızartar edi. Hátte, iyeginiń astın «sıypap» qoyıwı da múmkin». Sebebi, onıń atası nandı qádirlemegen adamdı hesh ayamas edi. Sonı biledi, Omar. «Barlıq nárse nanğa baylanıslı. Adamnıń nandı qádirlemewi — onıń qásiyetsiz, menmen, jaman ekenliginen dárek beredi. Onday adamdı, adamğa adamnıń, hátte, oyı da jetpeytuğın haramılıq, jawızlıq isleydi dese de iseniwge boladı». Bunnanda basqa nannıń ullığı haqqındağı hikmetli sózlerdi, ráwiyatlardı kóshesiniń balaları menen birgelikte otırıp Omar talay mártebe atasınan esitken edi.

* * *

— Jańabay kiyatır, — dep sıbırladı kóshede oynap atırğan Álimbay balalarğa. Hámme kórmegendey bolıp óz oyınların dawam ete berdi. Sebebi, onıń biyqásiyetsizligin jańa keliwden Álimbay menen Omar joralarına jetkerip úlgergen hám úlgi tutatuğın Jańabay ağasınıń onday kórgensizligi olardıń da qattı ızaların keltirgen edi.

Jańabay hárqashan jumıstan qaytqanda balalar oynap atatuğın, ózin kóriwden-aq oyınların tuwarıp, hámme

jabırlasıp sálem berip, jıllı qarsı alatuǵın edi. Soǵan úyrenip ketken onı balalardıń dım úndemewi, qayta ashıwlı qarasları qattı qolaysız jaǵdayǵa salıp, táshwishlendirdi. Abaylamay atırǵan shıǵar dep tusına kelgende ótirikke jótkirindi, qaqırındı, botinkasınıń shańın qaqqan bolıp, ayaǵın jerge urıp tapıldattı. Lekin, balalar áste urlanıp qarastı da óz oyınları menen bola berdi. Endi hárqashan ol jumıstan qaytqanda balalar aldınan juwırıp shıǵıp sálemlespeytuǵın boldı.

«Nelikten eken-áy?... Awzınan sarısı ketpegenlerdiń sálemlerine kúnim qarap turıp pa? Terisine sálemlessin», — usılayınsha degen menen, negedur, sol kishkenelerdiń kózqaraslarınıń ózgeriwi, onı qattı oylandıratuǵın boldı, juman jaǵdayǵa túsiretuǵın edi. Balalardıń qasınan ótiwdiń ózi oǵan qolaysız seziletuǵın bolıp qaldı: jasqanatuǵın edi. Bul qolaysız sharayattan shıǵıw — kishkentaylardıń qatnaslarınıń ózgeriwiniń sebebin biliw ushın balalardıń birewin muzqaymaq penen qorazǵa «satıp» aldı. Sonnan dárhal balalardı jıynap, óziniń kemshiligin moynına alıp, keshirim soradı. Endi qaytalanbaytuǵının da eskertti. Usınnan baslap Jańabay aǵa menen balalar qayta doslastı.

## ANA TÚYETAWÍQ

Jer jayda jasawshılardıń arasında tawıq baǵıwshılar kóp gezlesedi. Sebebi, tawıq baǵıw bir jaǵınan ermek, balalarǵa tárbiya-jumıs, qızıq-oyın bolsa, sonıń menen birge qala ishinde qay jaqqa taslawdı bilmey qalatuǵın pálle, shopaq (pisikshilik máwsiminde), qalǵan-qutqan nan, awqatlıq zatlardan «qutılasań», máyegin jeyseń degendey, ulıwma tawıq asıraǵan zıyan emes.

Kishkentay balalar Islam, Beknazardıń jeti-segiz shaytan tawıǵı bar: birewi kókshil, qızıl... tawıstay hár reńli túske dónip turǵan sulıw ata qoraz, qalǵanları — mákiyenler. Balalar kúndelikli jem-suwın salıp, jegenlerine

qızıqsınıp qaraydı. Mákiyenlerdiń tuwıwǵa jatqanın ańlıp júrgeni. Máyek tuwıwǵa uyasına ketkenin kórse boldı, shıqqansha on barıp kóredi. Góǵaqlap shıqqannan juwırısıp barıp máyekti alıp, jerden jeti qoyan tapqanday «máyek» dep quwanıp baqırıp úyge ákeledi.

Qıstıń ayaqlarında apası bazardan túyetawıqtıń bir qoraz hám mákiyenin satıp ákelip qoraǵa qostı.



Shaytantawıq degen áneyilikte «shaytan» degen laqap almaǵan ǵoy, ózinen úlken túyetawıqlarǵa aybat shegip, shoqıp, olardı bir basıldırıp aldı. Olardan túyetawıqtıń mákiyeni sirá, úp-úlken qorazı da ózinen «kishkene» Ata qorazdan, hátte shaytannıń mákiyenlerinen de qorqadı hayran qalasań. Áwdiygen boy, dene bergeni menen tóbeleske túyetawıqlar onsha joq boladı eken. Olarǵa «shaytan»lar dán jegizbedi. Sonnan Islam menen Beknazar dándi úsh-tórt ıdısqa salıp júrgeni. Túyetawıqlar qashıp pushıp bir ıdıstan ekinshisine barıp, bir dán shoqıy ma, shoqımay ma, bir «shaytan» keledi de «quwıp» saladı. Biysharalar, sonnan áwdiyip jáne birewine baradı: tamaq degen de jaman ǵoy. Biraq, onnan da quwıladı.

Sonnan Beknazar menen Islam dán salatuǵın ıdıslar arasın dım alısqa qoyatuǵın boldı. Balalar eki túyetawıqtı óz aldına qoraǵa qamap, yaki dalaǵa shıǵarıp jem berip te júredi.

Sonday menen kún óte berdi.

Túyetawıq mákiyeni apreldiń ishlerinde ǵurıq boldı. Bir aylar shamasında astına salǵan on bes máyekten (onı túyetawıqtiki, qalǵanı shaytannıń máyegi. Shaytantawıqtikin apası bir hápte kesh saldı) sarras on eki shóje shıǵardı. Qarasań sadaqaǵa ketken úsh máyek te túyetawıqtiki bolıp shıqtı.

Solay etip, jeti túye, bes shaytantawıq shójeleri anası menen óz aldına qorada baǵıla berdi. Olarǵa irimshikke máyek aralastırılıp berilip turdı.

Islam menen Bekoshtıń talabı-oyını shójeler boldı. Kipkishkene dińkildegen aq, sarı, qara, ala shójelerdi uslap kórgisi keledi. Lekin, anası aybat shegip balalardı qasına jolatpaydı. Sonnan anasına, aǵasına, ájaǵası Aybek, ájapası Juldızǵa «bir shóje uslap ber» dep júrgeni. Ana túyetawıq olardıń da qolların bir neshe mártebe shoqıp aldı.

Shójeler úlkeyip, irimshik, máyek, kók piyazdan basqa da dán-jem jeytuǵınday «temir qanat» bolǵan waqıtta olardı basqa tawıqlarǵa qosıw kerek bolıp qaldı. Óytkeni, bul waqıtta jaz da kelip, olar saqlanǵan «kladovka»ǵa aqlaw jumısları isleniwi zárúr edi.



Solay etip, shójeler anası menen basqa tawıqlar turatuǵın qoraǵa qamaldı.

Sırttan kelgendi jatırqaw, bir-birinen ústem bolıwǵa umtılıw pútkil janzatqa tán qásiyet bolsa kerek. Shınında da, sırttan qosılǵan mal menen basqa mallar bir súzisip aladı, eshek penen eshekler, at penen atlar bir shaynasıp, tebisip, birewi jeńip ústem bolmaǵansha «alısıp» júredi. Sol sıyaqlı bayaǵı shaytantawıqlar shójelerge, shójelerdiń anasına bir dúrlep basıp aybat shegip kórdi.

Túyetawıqtıń mákiyeni — shójelerdiń anası endi bayaǵı qorqaq tawıq emes: aybatlı, ashıwshaq, qaytpas bolıp alǵan. Dáslep ol ózin, shójelerin shoqıwǵa háreket jasaǵan shaytannıń mákiyenlerin quwıp, gásin shoqıp, bárin tım tırıs etti. Endi qoranıń atamanı — Ata qoraz Ana túyetawıqqa topıldı. Ekewi birazǵa shekem shayday ayqastı. Shóje shıǵarmay turıp, shaytannıń mákiyenlerinen de qorqıp, dán jey almay júrgen Ana túyetawıqta qanday da bir tosınnan kúsh, ǵayrat, qaysarlıq, erjúreklik payda bolǵan deyseń, qoya ber, sirá: hesh qaytpay tóbelesti, shoqıstı, tebisti. Gá Ata qoraz dúrlep ústine ushıp minse, gá túyetawıq onıń ústine dúrlep minedi. Shójeler qoranıń bir mushına, shaytantawıqlar bir mushına uylıǵısıp, tıǵılısıp qalǵan. Usılayınsha olar bir shay ishimdey waqıt shaması ayqastı. Aqırı, ana túyetawıq basım keldi. shaytannıń qorazı qan-qan basın qorǵashalap, qashıwǵa qaradı. Sonda da ana túyetawıq izinen qalmay onsha úlken emes qoranıń ishinde zırlatıp quwıp, shoqıp júr...

Qoranıń ishindegi patır-putırdı esitken Beknazar menen Islam juwırısıp keldi. Tawıqlardıń ishindegi eń kúshli dep júrgen Ata qorazınıń párleri túsip, bas-moyınları qan-qan bolıp, Ana túyetawıqtan qayaqqa qashıp tıǵıların bilmey júrgenine ádep isenbey qarastı. Rastan da, jeńilip atırǵanına Ata qorazdıń mushqa basın tıǵıwınan, al Ana túyetawıqtıń sonda da ústine dúrlep minip alıp, ayaǵı menen ezgilep, shoqıp atırǵanınan isenisti. Ayap ketti. Dárhal tawıq qoranıń esigin ashtı. Ata qoraz sırtqa birinshi juwırıp shıqtı da otınnıń arasına kirip ketti.

Mine, usı waqıyadan soń tawıqlarǵa dán, jem salǵan Islam, Beknazarlar Ata qoraz, mákiyenlerdiń dán ıdısqa keliwge júreksinbey turatuǵının, al Ana túyetawıqtıń shójeleri menen arqayın, qálegen ıdısqa barıp dán-jemdi jegenin kórer edi.

Bir ret mınaday da waqıya boldı: Ana túyetawıq shójeleri menen anaw-mınawdı shóplep qoradan sırtta júr edi. Bir pıshıq áste kelip shójelerge atlıqtı ma deyseń?! Bir shóje awzına ilingenin bilemen, ana degen sezgir boladı ǵoy, ana tawıq ta oqtay zuwlap atlıǵıp pıshıqtı búrip, astına basıp shoqıdı. Pıshıq jan qayǵıda, mıyawlayman, dep awzındaǵı shójeni jiberip aldı. Bul bir qas-qaǵımday waqıtta boldı, ekewiniń de háreketine kóz ilespes edi. Islam tek ekewiniń alısıp, urısıp atırǵan waqtında ǵana jetip bardı. Uslawǵa úlgermedi, kósheniń qańǵıbas pıshıǵı Ana túyetawıqtıń ótkir búrgen tırnaǵınan, júni menen tesip, julıp alǵan shoqıwınan bir ámellep qutılıp, «myaw»lawı menen zım-zıya boldı.

Shıqılıqlap shójelerge jaqınlaspaqshı bolǵan hákkelerge de sonday aybat sheger edi deyseń, hákkeler Ana túyetawıqtıń tarpıwına ushıramay-aq jelke párin úrpeytip, oq jılanday atlıǵıp shoqıwǵa tayarlanǵan onıń qáhárinen-aq qorqıp, bir-eki háleklenip kórdi de, soń darımaytuǵın boldı.

Shójeler ayırım gezleri óz ara tartısıp, bir jemtikke talasıp, bir-birin quwıssa, izlerine jetip alıp, «jónsiz biybastaqlıq islemeń» degendey dápinedi. Sonnan ıńǵaydı, kózqarastı sezip, anasınıń tábizine túsip shójeler de tım-tırıs boladı.

Tuwıwdı, kóbeyiwdi bergen Jaratqan iyem haywannıń da, qustıń, insannıń sirá, barlıǵınıń Ana degen ilahiyda húrmetli jaratılısına mehir-muhabbattı da, kúsh-erkti de ayamay-ashımay bergen qusaydı. Ana degen hasılzadanıń shójesin (perzentin) qorǵawda hesh nárseden qaytpaytuǵının, sheksiz kúsh-qúdiret iyesine aylanatuǵının Islam, Beknazar, Juldızlar ózleriniń usı Ana túyetawıǵınan bilip alıstı.

*2008—2011-jıl, 8-mart.*

## PÍSHÍQ KEPTIRIW

Diana burınnan pıshıqtı jaqsı kóredi. Qashan kórsen uslap alıp, qushaqlap, mıjǵılap qısıp alıp júrgeni. Awqattıń waqtında da bir qolı menen moynınan, belinen basıp otıradı. Túnde uyqılaǵansha jibermey alıp jatadı.

Bıyıl ol oqıwǵa bardı. Mektepke papkasına salıp bir aparıp kórip edi. Klasta qolınan shıǵıp ketip, ashıq aynadan qashıp ketti. Sonda Diana boz-boran bolıp jıladı. Sonnan klastıń oqıwshılarınıń bári dalaǵa barıp quwdı. Olarǵa úlken klass balaları qosıldı. Bir waqları zorǵa uslandı. Sonnan baslap mektepke pıshıǵın alıp barmaydı.

Biraq, pıshıǵın saǵınıp mektepten tuwrı, tez úyge qaytadı. Kele sala uslap alıp qushaqlap, kókiregine basıp júrip kiyimlerin sheshedi.

Bir kúni kelse appaq pıshıǵınıń ústi bayqıl-bayqıl, qara kúye. Kúshik, iytten qashıp, úyiniń ishi Diananıń birinshi klasqa barǵanın belgilegen jaqındaǵı — sentyabrdiń basındaǵı shashıw toyın bergende islengen úy aldındaǵı pechtiń ishine kirgen be?!

Diana kiyimlerin sheship, oyın kiyimlerin kiyip sırtqa shıqtı. Qolında pıshıq. Sıyırǵa túste beriwge jılıp tursın dep úy aldında quyashlamaǵa qoyǵan suw tolı shelek bar edi. Soǵan ákelip salıp, pıshıqtıń qashpaqshı bolıp tırnaǵanına da shıdap sabınlap juwındırdı.

Quyashlamada tursa da sentyabrdiń salqını emes pe, suw salqınlaw edi. Qolı tońdı. Qaytadan appaq bolǵan pıshıǵı da qaltırap, dirildey basladı.

Diana tez úyge, asxanaǵa kirdi. Apasınıń túste qol juwıwǵa áste ısıp tura bersin dep qoyǵan suw qazanın óldim-azarda gaz oshaq janına otırǵısh ákelip minip, jerge túsirdi. Sóytip, qolın, pıshıqtı janıp turǵan gaz otına tuta basladı.

Pıshıqtıń áste-áste suwları sırqılıp, ústi qurǵay basladı. Qaltırawın da qoydı.

Gaz oshaq tutqasın tawlap ashtı. Endi ot gúrkirep, jalını bálentlep jana basladı.



Lapıldağan jalın pıshıqtıń tula-bedenin qızdırıp, biraz jerleriniń júnleri de «bıj-j» etip kúyip, ózi bolsa qattı-qattı myawlay basladı.

Diana bolsa pıshıqtıń barlıq jerin birotala qurğatıp alıp oynayjaq. Ol anasınıń ayırım waqları kiyiw kerek ızğar kiyimlerdi gaz oshaqqa jalınğa tiygizbey joqarıdan taplap alatuğının kórgen edi. Pıshıqtı sonday etip tezirek keptirmekshi boldı. Sonlıqtan, ıǵal degen jerlerin jalınğa tuta berdi. Al, pıshıq jalın kúsheygennen soń barınsha «myaw»lap, onıń qolınan shıǵıp ketiwge, tırnawğa háreket etti.

Usı waqıtta pıshıqtıń ayanıshlı, qorqınıshlı sestinen hám jún iyisinen qáweterlengen anası asxanağa juwırıp keldi. Dianannıń islep atırǵan háreketin kórip tez qolınan pıshıqtı julıp aldı. Gaz oshağın óshirdi. Qızın otırğıshtan jerge túsirdi. Sóytip, bolıp:

— Ne qılıp atırsań? — dedi oğan baqırıp.

— Pıshığımdı keptirip atırman. Oynayın desem ústi palas eken. Shomıldırdım.

— Haw, sen búytpe, ekinshi ret. Pıshıqtıń ústi suw bolsa, góne kóksi kiyim, tawar menen sıpırasań. Jańağıday etip taplasań kúyip, ólip qaladı. Jáne bir nárse, — dedi anasınıń qattı ashıwı kelgen bolsa kerek, Dianannıń qulağın ásten buradı. — Gaz oshaqqa jaqınlama, qozǵama hesh jerin. Úydi órtep alasań, yamasa uwlanıp óleseń. Eger

jáne usınday qolaysız nárselerdi ózligińshe islesen, mennen tayaq jeyseń. Yadıńda bolsın, usı gáplerim. Bola ma?

— Yaqshı, apa!

*2011-jıl, 27-fevral.*

## TAWÍQTÍŃ SANÍ

Qudaybergen oyınnan qarańǵı túse keldi. Dárwazadan kiriwden murnına tawıqtıń taza sorpasınıń jaǵımlı iyisi urıp, qarnı sırnay shalıp turǵan onıń birotala awzınıń silekeyin aǵızdı. Ayaǵın, qolın shala-pala juwa sala asxanaǵa barıp, awqattıń pisken-pispegenin biliwge barıwǵa, apasınıń «usı waqqa shekem júre bergenshe erterek kelip sabaǵıńdı tayarlasań, tawıqqa dán salıp, qamawǵa járdemlesseń boladı ǵoy» degen baqırısın esitpew ushın ayaǵın ep penen basıp bildirmey, ishki bólmege zıp berdi. Sabaq tayarlap atırǵan inisi — 3-klass Ayapbergenniń janına barıp, «Awqat tayar bolayın dep tur ma, sen barıp kórip kel. Eger ertelew bolsa may jaǵıp nan ákelip ber» dep jumsadı. Úkesi asxanaǵa barıp kelip, anasınıń gúrtikti tabaqqa súzip salıp atırǵanın ayttı hám qosımsha:

— Gúláńgir qorazdı soydıq, ájaǵa. Tawıqtıń góshin jep, sorpasın ishemiz. Qollarıńdı juwıp dasturqanǵa bara beriń. Men apama pıshaq, qasıq, keselerin ákelisemen, — dep shıǵıp ketti. Tawıq sorpa, gósh degen gápler Qudaybergenniń awzınıń suwın birotala shubırttı. Kóz aldına ıljırap-bıljırap pisken tawıqtıń sanı elesledi. Mertimek súyegin ǵayzaǵandı aytpaysań ba? Shaynap-shaynap sorısań, onnan tatlı dám joq.

Dasturqanǵa hámme jıynaldı. Ortadaǵı úlken tabaqta puwı burqıraǵan tawıq gúrtik awqat. Apası «balalarım toyıp jesin» dep úlken qorazdıń góshinin barlıǵın salǵan úlken tabaq ortasında tolıp turıptı: jambaslar, qanatları, dúmǵoza, tós, bawır, júrek, moyınǵa shekem bar.

Aǵası góshlerdi qırmaǵa bólek aldı. Dástúr solay: hárkimge ustiǵan úlestiredi, soń qalǵanın ortaǵa tuwraydı.

Qudaybergenniń eki kózi qırmada. Bolıq jambas súyektiń uwıljıp pisken góshin qashan ákesi beredi, awzıma qashan órli-ǵurlı salıp jeymen, dep otırıptı.

Aǵası ustıǵan úlestirmesten aldın ózi góshten bir shımtım alıp «ya, bisimilla!» dep jep aladı. Bunı «payǵambar asaw» deydi. Ulıwma awqat, shay ishkende birinshi jası úlken, yaǵnıy bul úyde aǵası usılay baslap beredi.

Búgin de solay boldı. Keyin kishi bala Allambergenge tolıq bir sandı usındı. Berip atırıp:

— Jey ǵoy, ózińniń baqqan qorazıń, — dep te marapatlap qoydı. Bunnan keyingi gezek Qudaybergendiki: ol aǵasınıń qırmadaǵı qolınan kózin úzbey qarap otır. Ekinshi jambastı bir uslap turdı da, keyin qanattı aldı. «Apama bermekshi boldı ǵoy», dep otırsa:

— Má, Qudaybergen balam, — dep aǵası oǵan usındı. Qudaybergen bunı kútpegen edi.

— Haw, aǵa? Maǵan da san berińse? Qanattıń góshi az boladı, — dedi bala ashıwlanıp, gúrt etip. — Jemeymen!

— Qudaybergen, balam, sen úlkenseń. Biraq, sonda da «Úyge qarasayın, aǵam-apam jumısta ǵoy», dep, úy jumıslarına járdemlespediń. Sonnan keyin qalay endi jambas beremiz. Usı soyǵan tawıǵımız shóje gezinen baslap: «Dán sal, hákkeden qorıp tur, Qudaybergen. Sawǵa túsip ketpesin, pıshıq jep ketpesin, Qudaybergen!», dep apańnıń, meniń awzımız awırdı ǵoy. «Yaqshı», deyseń de, azmazdan soń zımǵayıp joq bolıp keteseń. Al, úkeń Ayapbergen shóje, tawıqlardıń qasınan shıqpay baqtı, qaradı. Kitabın da sol jerge aparıp oqıp júrdi. Sonlıqtan, ol tawıqtıń qálegen jerin jewge haqılı. Al, sen, bergendi jeyseń, balam. Túsindiń be? — dedi ákesi Qudaybergen jılap jibermesin degendey kúle shıray berip sóylep.

Qudaybergen de ún joq. Bir jaǵınan óziniń soraǵanınan uyalıp ta ketti.

— Yaqshı, ağa, apa, keshiriñler! Endigiden bılay tawıqqa, qoy, eshkilerge de ózim qarayman, — Balanıń tik qarawğa beti shıdamay bası tómen salbıradı.

— Áne, áne. Jańa aqılğa endiń, — dep ağası onıń da qolına gósh tabaqtan tawıqtıń ekinshi sanın alıp uslattı.

*2012-jıl, 29-sentyabr.*

## JUWAPKERSIZLIK AQÍBETI, YAMASA ARÍWXAN APA HÁZILI

Oktyabrdiń jigirması. Tumaris kelesi aydıń tap usı kúni bir jasın toltıradı. On ayınan-aq eńbeklep úyrengen ol qızıq kórip ana bólmeden mına bólmege ketip qala beredi: tınımsız. Úshinshi klass ájağası Beknazardıń izinen júrgeni, bir zattı tartıp tógip almasın, keselerdi sındırıp almasın, ya ıssı shay, awqatqa kúyip, baspaldaqtan jığılıp qalmasın dep. Bir kúni mınaday ıńğaysız waqıya boldı: ağası, apası jazda jayınıń janına jáne bir-eki bólme qosqan, sol pitip shamalasqan edi. Endi jıllılıq tarmağın tartajaq bolıp, temir kepserlewshilerdi alıp kelgen. Ağası olar menen sóylesip, olarğa qalğan jağın kelinshegi menen oylasıp, kemis-qutıq nársesi bolsa sorap, isley beriwdi tapsırıp, azanda jumısına ketken.

Solay etip, anasınıń Tumariske qarawğa waqtı bolmay, emizip bolıp túste oqıytuğın Beknazarğa «oynatıp otır» dep ózi gá ustalardıń islewin qadağalaydı, gá úydi tazalap, qazan-tabağın juwıp júredi.

Sol arada bir saattay waqıt ótip te ketken. Bir waqıtta sırtqı dárwaza betten qońsısı Arıwxan kempirdiń dawısı esitildi.

— Kelin, há kelin!

— Haww! Keliń, apa. Sálem berdik, — dep Tumaristiń anası aldına shıqtı.

— Kelin, Tumaris qızıń úyde me?

— Awa, he, ne edi?

— Biziń úydegi kim onda, qaysı qızıń? Kózińdi úzbey qarap otırsań boladı ǵoy, pay, kelin-áy! Úlken mashın jol betke ketip baratır eken. Joldıń bergi jaǵındaǵı «MTP» mákemesiniń janınan alıp úyge apardım. Arǵı jaqtan kiyatır edim.

— Way, haw... — Tumaristiń apası tutlıǵıp, qaldı. — Men Beknazarǵa tapsırıp sál arqayınlaw júrip qalǵan ekenmen... Beknazar!

Televizor jaydan bala juwırıp shıqtı.

— Tumaris qayda? — dedi Arıwxan kempir oǵan.

— Ya? Úyde... Bar ǵoy. — Ol ján-jaǵına qaradı, keyin basqa bólmelerdi juwırıp kórip shıqtı. — Apa, qayaqta Tumaris?

— Men sennen soramayman ba? — Apası sorawǵa soraw menen juwap berdi. — Qarap otır dep saǵan tapsırdım ǵoy.

— Ustalar dárwazam ashıq qaldırıp, eńbeklep kóshege shıqqan. Sonnan cıganlar alıp ketken, — dedi Arıwxan kempir.

— Wá-áá! — dep jılap jiberdi Beknazar. Apasın qushaqlap alǵan. — Apa, ákeliń! Barıń, tez!

— Apańa bermeydi. Men barsam berer. Ákelip bersem, Beknazar maǵan ne bereseń? Keshegide alǵan taza velosipedińdi bereseń be, Bekosh?

— Beremen, Arıwxan apa. Maǵan Tumaris kerek, wá-á!

— Házir ákelemen, — dep kempir tez shıǵıp ketti. Birazdan soń Tumaristi kóterip kirip keldi. Apası da, balası da juwırısıp Tumariske jabısıp qushaqlap, súye berdi.

— Boldı, beti juqarıp qaladı. Tumaris kerek bolsa endigiden bılay jaqsılap qarap otırıń. Sonnan men gezlespey, mashinalar qumırsqaday tınımsız, úzliksiz júrip turǵan úlken jolǵa shıǵıp ketgende ne qılar edińiz?! Yamasa suw alıwǵa túsip ketse?! Ya birde mákeme aldında turǵan

kóp mashinalardıń biriniń astına eńbeklewi menen kirip ketse, shofyorı da abaylamay aydap salsa... Qoy, Qudaydıń kózi dúziw bolıp, Alla ózi ondaylardan saqlasın, túpiw-túpiw!! — Arıwxan kempir kóyleginiń jaǵasın ashıp túpirindi. Birazdan soń Beknazarǵa: — Biziń velosipedti ákel, endi.

Beknazar juwırıp zalǵa kirip, ele dóńgelekleri tósewli gilemnen basqa jerge tiymegen shılt jańa «Kama»sın jeteklep kempirge ákelip berdi.

— Ala bereyin be? Jılamaysań ba?

— Yaq, sóz berdim ǵoy, — dedi Beknazar.

Kempir balanıń basınan sıypaladı.

— Má, ózińe qutlı bolsın, Bekosh balam! Oynap aytıp edim. Úkeńdi jaqsı kóretuǵınıńdı bildim. Endigiden bılay apań «qarap otır» dep tapsırǵannan keyin televizorǵa úńile bermey isenimin aqlap, oynatıp, qarap otıratuǵın bol, yaqshı ma? Apań da saǵan isenip qalǵan ǵoy. Kishkene juwapkersizliginiń aqıbeti qanday jaman nársege alıp keletuǵının kórdiń be?

— Awa. Arıwxan apa, endi qaytalamayman.

*2011-jıl, 8-mart.*

## QALÍS XÍZMET

Balalardıń oqıwdan qaytıwı da bir qızıq, qoy-eshkilerdiń bir-birin quwısıp, urısıp-dúgisip, quwıp-qashıp padadan qaytqanınday. Sol aytqanday, mektepten shıqqan bir topar úyleri bir táreptegi kishi klass balaları arqalarında papkaları jalp-jalp etip juwırısıp, quwıspaq oynap kiyatır. Olar ushın qaytar joldıń hárbir adımı tanıs: jol boyında salma bar: on qádem bılayıraqtaǵı payapıldan ótiw ornına «salmadan kim burın ótpek»ke jarısıp ılaqtay sekirisedi. Keyin qalǵanǵa kúledi. Onnan kele bere úlken bir mákemeniń kirer awzında keń baspaldaǵı bar: onlaǵan teksheli. Soǵan tapır-tupır minedi. Baspaldaqtıń eki shetine joqarıdan tómenge pásletip adam uslap túsiw ushın súyenip, minip-túsetuǵın uslaǵısh

deymiz be, qatırıp islengen. Uslaǵısh jıltır mramor tas penen órip jabılǵan. Áne, sol uslaǵısh-sırǵanaq balalardıń keminde bir sırǵanap ótetuǵın ornı.

Bunnan ótip balalar trotuar menen sóylesip, oynap baradı. Aldılarınan shaqaları trotuar joldı jawıp shamalasqan bir terek shıǵadı. Negizinde bul trotuar shetindegi terektiń shaqaları joqarıǵa ósip, joldı jappas edi, bul da usı balalardıń jónsiz qılıqları sebebinen boldı: olar terek basına minip, shaqaǵa asılıp, tómenge salbıraydı. Kúnde minip, awırlıq salıp iye bergennen soń usı bir úlken tarbayaqlanǵan shaqası tómen salbırap, joldı jawıp taslaǵan esabı...

Terekke jaqınlaǵanda balalarǵa qarsı úlkenlew jastaǵı, uzın boylı, qalpaqlı bir ata kele berdi. Qızıǵı, terek shaqaları jawıp turǵan joldan ótemen dep basın qansha iygeni menen putaqlardıń biri qalpaqtı ilip qaldı. Om alaman dep izge burılıp atırǵanda qolı putalarǵa tiyip, olar shertilip qalpaqtı ushırıp jiberedi. Ushqan qalpaq trotuar shetindegi salmaǵa túsip ketti. Suwǵa malınǵan qalpaqqa qol sozǵanı sol ata alımıp, ayaǵı da trotuar shetindegi barderǵa qaǵılıp, salmaǵa bastan taslawdan qaldı: ele de shaqqan eken, qolın jerge tirep ózin zorǵa uslap qaldı.

Balalar biypul qıran kúlkige qaldı. Biraq, oqıwshılar ishinen Muratbay ayırılıp shıǵıp, juwırıp ataǵa járdemlesiwge asıqtı: ıǵıp baratırǵan qalpaqtı salmadan alıp, suwın qaǵıp, atanıń qolına berdi.

— Bereket tap, balam! Ónip-ós, — dedi ol balanıń basınan sıypap.

Muratbay úyine kele sala papkasın stolǵa taslap, qolın juwıp dasturqannan nan aldı. Úy kiyimlerin kiydi. Sóytip, asbaplar salınǵan qobdıyshadan pıshqı, kishkene balta alıp, qaltashaǵa saldı.

Mektepke barar joldaǵı baǵanaǵı joldı japqan terek janına jaqınlap, qaysı shaqalardı shapsa jol ashılatuǵınına ser salıp qarap aldı. Sóytti de qolındaǵı qaltashasınan balta menen pıshqısın alıp terekke órmeledi. Zıyat, joldı

bógep turǵan shaqalardı shawıp, shabıw ıńǵaysız jerde pıshqılap, biraz ter tógip, jumıstı pitirdi.

Tómenge túsip, «uh-h!» dep ózine ırza keyipte bir dem alıp aldı. Kesilgen shaqa-putaqlardı joldan shetlewge súyrep aparıp, taqlap jıynadı. Sóytip, úyine qaytıw aldınan eńkeyip shalbarınan shıqqan kóyleklerin salıstırıp, ústilerin qaǵıstırıp, ásbapların qaltashaǵa salıp atır edi:

— Haw, balam, mennen burın pitkeripseń ǵoy. Bereket tap. Úlken azamat jigit bol! — degen sózden basın kóterip qarasa aldında baǵanaǵı júzi ısıq ata tur eken. Onıń da qolında pıshqı, baltası bar edi.

— Awa, sizden basqalardıń da ótiwde qıylanıp júrgenin kórip, kópten berli kesip taslayman, dep oylap júr edim, ata, — dedi Muratbay.

— Seni tárbiyalaǵan ata-anańa raxmet, ulım!..

Erteńine klasqa muǵallim menen birge keshegi Ata da kirip keldi. Olar Muratbaydı túrgeltip, jámiyetshilikke etken paydalı isleri ushın maqtaw gápler ayttı, minnetdarshılıq bildirdi. Hámme oqıwshılarǵa:

— Muratbaydan órnek alıń. Oqıwshı usınday bolıwı kerek! — dedi olarǵa. Hámme balalardıń Muratbaydav bolǵısı, qalıs xızmetler etkisi kelip ketti.

Keyin, muǵallim, abaylap júrgen qusaydı, klastaǵı Muratbaydıń úy betinen qaytatuǵın balalarǵa jol boyında tınısh-tatıw júriwi, baqırısıp-shaqırısıp, tártipsizlik etpey qaytıwları, payapıldan ótip, uslaǵıshtan sırǵanamawın da aytıp eskertip ótti.

*2012-jıl, 30-sentyabr*

## JAMAN AT BIR ERMESIN...

Bir kúni túste awqatlanıp bolıp, jáne jumısqa keteyin dep taza kostyum-shalbarın kiyip atırıp Qurbanbay qaltasınan bir mıń sumnıń alınǵanın bildi.

Oqıwdan kelip endi shay iship atırǵan balalarına kelip:

— Meniń qaltamnan kim aqsha aldı? — dep soradı. Hesh qaysısı da men aldım, dep moyınlamadı.

— Mıń sumıńnıń joǵalǵanı anıq pa? — dep soradı Qurbanbaydan kelinshegi Aypara.

— Awa, anıq. Túste kelip sheshingenimde bar edi, qaltamda.

— Qáne, aǵańnıń bólmesine qaysıńız kirdińiz? — dep Aypara balaların tergestire basladı. — Báribir anıqlayman. Onnanshı ózleriń aytıń.

— Aǵamnıń zayına Sabılbay ázaǵam kiydi, — dedi apasınıń pátinen qorqqan kishkene Gúlnaz.

— Solay ma, raxmet. Qáne, Sabırbay, sen nege kirdiń? Alǵan bolsań, tez shıǵar, aqshanı, — dep dápinip edi, ekinshi klass Sabırbay qorqıńqırap qaltasınan bir mıń sumdı shıǵarıp berdi.

Sol jerde Sabırbayǵa aǵası da, apası da baqırdı, násiyat etti. Qaytıp soramay almaw kerekligin eskertti. «Urlıq — túbi qorlıq» dep túsindirdi.

Bir kúnleri Aypara «stoldıń ústine qoyǵan sumkamnan aqsha urlanǵan» dep qaldı. Dasturqan átirapında otırǵan hámme — aǵasınan baslap Gúlnazǵa shekem, balalardıń barlıǵı, anası da Sabırbayǵa birden jalt qarastı.

Sabırbay qızarıp:

— Men alǵan joqpan! — dep jılap jiberdi. Qurbanbay Ayparaǵa:

— Oylanıp kór, basqa jaqqa qoyǵan joq pa ekenseń? — dedi.

— Bay-buww, mańlayım qurısın! — dep eki betin eki balan úyrek barmaqları menen sızdı bir gezleri Aypara. — Baǵana túske taman gazden kontrollyor bala kelip, soǵan tólep jibergen ekenmen ǵoy. Esim joq, meniń.

Ol Sabırbay balasınıń janına barıp, qushaqlap súydi.

— Keshir, balam, — dedi. Sabırbay isinip, birotala óksip-óksip jıladı.

— Qoy, endi, — dedi birazdan soń Qurbanbay balasına. — Áne, balam, bir urlıq isleymen dep hámme sennen gúmanlanatuǵın bolıp qalǵan. Sonlıqtan, urlıq degen jaman ádetti bir ret te islemew, birewdiń jerde jatqan iynesin de sorawsız almawıńız kerek.

*2010-jıl, 14-oktyabr.*

## MUǴALLIMNIŃ «BES»I NESHEW?

3-klass Beknazardıń muǵallimi Ziywar sabaqtan aldın ya keyin 4—5 minut oqıwshılardıń júris-turısı, kiyiniwi, sóylew ádebi, qullası tárbiyasına baylanıslı sózler aytatı edi. Sonday gáplerdiń birinde «Meniń bir mıńday ǵana «bes»im bar, kóp emes. Sonlıqtan, barlıq sabaqlardan jaqsı tayarlanıp, tawsılmastan aldın «bes»imnen kóbirek alıp qalıńlar» dedi kúlip.

Burın da jaman oqımaytuǵın Beknazarǵa bul gáp júdá qattı tásir etti. Endi ol oqıw kitabı, ana tili, matematika, muzıka... barlıq pánlerden puqta, jaqsı tayarlandı. Sırttaǵı futbol, úydegi kompyuter oyınların azayttı, klasta sabaq payıtında tınısh muǵallimniń aytqanların tıńlap, tapsırmaların orınlap bardı. Burın ayırım pánlerden ara tura «4» bahasın da alıp tursa, endi ol muǵallimniń «bes»inen kóplew alıp qalıw ushın barlıq tapsırmalarǵa ayrıqsha tayarlanıp kelip, tek «bes»ke oqıdı.

Dáslepki kúnleri klasta muǵallimniń oqıwshılarǵa qoyǵan «bes»lerin sanap, bir bet qaǵazǵa jazıp júrdi 100, 150, 200, 540. Eki júz qırqtan keyin ol aljastı.

Waqıt ótken sayın muǵallim Beknazarǵa, onnan basqa da bilgish oqıwshılarǵa kóp «bes» qoyıp atır. Oqıwdıń altınshı ayınan — fevraldan baslap endi Beknazar qáweterge túse basladı: «Muǵallimniń qoyǵan «bes»leri bir mıńǵa jetip qalǵan shıǵar». Ol endi burınǵıday sabaqqa

jaqsı tayarlanıp kelip, taxtada úyge tapsırmanı aytıp, jazıp, shıǵarıp berip bolıp ta qobaljıp turar edi. Muǵallimniń «bes»i tawsılıp, jaqsı aytsa da, sonsha oqıǵanına «4» qoyıp júreme, dep qorqadı. Yaq, tawsılmaǵan qusaydı, jáne Beknazar búgin úsh sabaqtan «bes» aldı. Basqa balalar da «bes» alıp atır.



On besinshi fevral kúni ol erinbey kúndeligindegi «bes»lerin sanadı. 137 eken. Eń jaqsı, ayrıqsha oqıytuǵın klasslas doslarınan da neshe «bes» alǵanın sorastırdı. Tumaris, Aypara, Qabıl, Dáwletnazar, Juldız, Qundız, Gúlayım, Arıslanlardıń hár birinde 100 den zıyat «bes» bar eken. Ózinikin qossa bir mıńnan asıp ketedi. Buǵan bilgishlerden basqa hárbiri 20, 30, 40, 50 ret «bes» alǵan ortasha oqıytuǵın doslarinikin qossa, ulıwma bir mıń bes júzdey bolıp ketedi.

Beknazar qorqıp ketti. «Muǵallim aljasıp, bir jaǵınan bizlerge jaqsılıq etemen, dep «bes»leri tawsılsa da «bes» qoyıp júrgen bolsa. Keyin mektep direktorınan, yamasa tez-tez keletuǵın komissiyadan baqırıs esitse. Bile tura

aytpağanım uyat boladı ğoy... Qoy, búgin Ziywar apağa eskerteyin: «bes»ińiz tawsılğan. Siz sonda da aljasıp qoyıp júrsiz deymen».

Sabaqtan aldıngı «tárbiya minutları»nda Beknazar qol kóterdi.

— Awa, Beknazar, ne gáp bar? — dedi muğallim.

— Muğallim, siziń «bes»ińiz tawsıldı ğoy. Bilmey júrsiz be? Qansha «bes» qoyğanıńızdı sanamadıńız ba?

— He, ne edi? Túsinbedim! — dep Ziywar Beknazarğa hám basqa oqıwshılarğa ne gáp degendey bir qarap shıqtı.

— Ózińiz sentyabrde «Meniń «bes»im bir mıń. Jaqsı oqıp tezirek alıp qalıń» dep edińiz ğoy. Házir siz barlıq oqıwshılarğa bir mıń bes júzdey «bes» qoyğan ekensiz...

— He-e-e. — Ziywar muğallim bir pás kúlip aldı. — Awa, awa aytıp edim. Biraq, men gáptiń saltı ushın, bir jağınan házillep, kóp emes, bir mıń ğana «bes»im bar dep edim. Sonı sen tuwrı mániste túsingen ekenseń ğoy. Sóytip, sanap júrdiń be, meniń «bes»lerimdi? Oy, jaqsı bolğan eken. Sebep penen kóp san sanawdı, qosıwdı da úyrenipseń, Beknazar ya? — dep házilkesh Ziywar muğallim gáptiń izin oyınğa aylandırdı. Júrip Beknazardıń qasına keldi. Jıllı alaqanları menen onıń basınan sıypaladı. — Oqıwshılar, usı yarım jıllıqta eń kóp «bes» alğan Beknazarğa raxmet aytamız.

Hámme, muğallim de qosılıp:

— Beknazarğa raxmet! — dep baqırdı. Keyin muğallim taxtanıń aldına barıp turdı.

— Oqıwshılar! Sizler muğallimniń «bes»i azayıp qaladı dep oylamań. Ayrıqsha oqısańız «bes» tawıp bere beremen. Men de «bes» sanawsız.

Usınnan keyin ğana Beknazar «uh-h» dep suwıq demin aldı. Sonnan baslap sabaqların jaqsı oqıp kelse ol «4» qoyıp jiberedi dep qorqpay, arqayın keletuğın boldı.

*2011-jıl, 27-fevral*

## MAQTANSHAQ QORAZ

Burıńǵı ótken zamanda bir qoraz bolıptı. Ol kishkene shójeler menen jasaptı. Shójelerge aqıl beriwdiń ornına maqtanıwdı kár etipti. Túnlerde de ózin-ózi maqtap, basqalarǵa uyqı bermepti. Sonlıqtan, tawıqlar oǵan «Maqtanshaq qoraz» dep laqap beripti.

Bir kúni sol maqtanshaq qoraz:

— Men sonday qattı qıshqıraman-aw, bay-buww, usınday qásiyetti bergen atama mıń-mıń raxmetler aytaman, — dep úyrenshikli sózin baslaptı, — házir qayta páseygeni, bolmasa sizlerdey waqtımda dawısım bunnan eki ese kúshli shıǵatuǵın edi. Jáne dım tap bir jaǵımlı nama shertilgendey bolıp esitiledi.

Ol birden qıshqırıp jiberedi. Dawısı bir qansha bálent edi. Qansha aytqan menen jıllaǵan qorazdıń qıshqırıǵı emes pe? Sonlıqtan, múlgip baratırǵan shóje tawıqlar shorshıp oyanıstı. Hátte, birazları qorqqanınan otırǵan aǵashlarınan qulap ta ketti. Maqtanshaq qoraz tawıqlardıń barlıǵı qonaqlap bolǵannan keyin maqtanıwın jáne dawam etti. Biraq, onıń úyrenshikli sózin heshkim de aqırına deyin tıńlaǵan joq: manawsırap, uyqıǵa ketti. Kóp sóyley, qıshqıra bergenlikten onıń tamaǵı qarlıqtı. Lekin, ol állen waqıtqa deyin erteńgi maqtanatuǵın sózlerin oylaw menen bánt bolıp, uyqılaǵan joq.

Erte azanda maqtanshaq qoraz joq gezde shójelerdiń oylasıǵı baslandı.

— Onnan qutılıwdıń ilajın etiw kerek. Onıń ushın biz onı xojeyinniń jekkóriwine sazawar etiwimiz lazım. Ane sonda xojeyin, «ǵıyq» etkizedi, — dep bir shóje qoraz qızıp sóyledi.

— Uyat bolmas pa eken, birewge gór qazǵanımız?

— Nesi uyat. Sonda maqtana bermey júrsin. Biziń túnde, kúndiz dem alıwımızǵa kesirin tiygizbesin.

— Men ilgeride joq sózlerdi tawıp, «ózińdi kóp maqtay berme, bul ádetińdi qoy. Túnde mezgilsiz qıshqırıp, bizlerdi dúrliktire berme? Onnan qala berse, seniń dawısıńdı esitip, ata jawlarımız; túlki, saǵal, málim pıslıq kelip, jep ketse ne boladı?», dep edim, ol maǵan: «Maǵan aqıl beriwge jassań. Maqtaǵanda seni maqtap atırǵan joqpan, tınıshıńa júr, ya shoqıp taslayın ba?» — dep dápindi. Sonda da jáne bir eskerteyin. Onda da «sizlerlik jumıs joq» dep ádetin qoymasa, ilajın tabarmız, dep shójeler usı aqılǵa toqtastı. Erteńine bes-altawı barıp maqtanshaq qorazǵa aytıp edi, tıńlamadı.



Sonlıqtan, shójeler onıń kózin qurtıwdıń jolın oylastırdı.

Bir kúnleri bes-altı shóje barıp, maqtanshaqqa:

— Sen xojeyinniń kapusta atızına túsip, kapustasın jep qoya alasań ba? Háy, yaǵ-aw, qorqasań, — dep ǵıjaq berip sóyledi.

— Nege qorqaman. Kapustası túwe barlıq eginlerin jegenimde de meni soymaydı: sıylaydı. — Sóytip de maqtanshaq qoraz pátlenip kapusta atızǵa túsip ketti. Hár kapustam bir shoqıp, birotala barlıǵın búldirip tasladı. Onı kórgen xojeyinniń hayalı qattı ashıwlandı.

«Soydırıp taslasam ba eken?!», dep te oylandı. Biraq, sıqmar bolǵanlıqtan kózi qıymadı.

— Bále kórine me mınaǵan, — dep sóylenip júrip, jerden kesek alıp qorazǵa qaray ılaqtırıp jiberdi. Tap kesek te dál qorazdıń basına saq ete qaldı. Onıń kópke sheyin bası zeńip, miyi awıljıp, jatıp qaldı. Kózine topıraqtıń qıyqımları da túsken eken, jasawrap ketti. Azmaz ózine kelgennen soń basın salbıratıp, shójelerdiń janına keldi.

— Kesektiń kiyatırǵanın kórdim hám shaqqanlıq penen qaymıǵıp qaldım. Tek azmaz qaǵıp ketti. Mende shaqqanlıq qásiyettiń bar bolǵanı qanday jaqsı boldı, bolmasa sol jerde mupqaǵar edim. Eger sizlerdiń birewińiz meniń ornımda bolǵanda barma, qashshan o dúnyaǵa atlanıp edińiz ǵoy. Oǵan sóz joq: sebebi sizler ańqawsızlar, — dep zorǵa sóyledi de ketekke qaray jol aldı. Sebebi, bası aylanıp, mazası ábden qashıp tur edi. «Awısh bolıp ketpesem bolar edi, ońbaǵan kesek qattı tiydi», dep sóylendi ishinen ketip baratırıp ol.

Maqtanshaq qoraz tórt kúnnen soń burınǵı qáddin aldı. Úyrengen ádet qala ma, táwir bolıwdan úyrenshikli ádetine bastı. Sonlıqtan, shójeler jáne onnan qutılıwdıń ilajın oylastırdı.

— Sizdi shaqqan emes, balpańlap zorǵa júredi deydi ǵoy, — dedi bir shóje tawıq maqtanshaq qorazǵa.

— Kim aytıp júr onı? Meniń shaqqanlıǵıma samal da jete almaydı.

— Yaqshı, siz shaqqan bolsańız sınap kóreyik.

— Sınań, sınań, men tayarman.

— Gáp bılay, — dep basladı shójeler, — házir xojeyinniń dánxanası ashıq turıptı. Sen kirip jey baslaysań. Al, bizler seniń kirgenińdi xojeyinniń hayalına xabarlaymız. Ol dánxananıń awzına kelgenshe qashpaysań. Kelip bolǵannan keyin qashıwǵa háreket eteseń. Eger sonnan qutıla alsańız, siziń zor shaqqan ekenińiz. «Shaqqan qoraz» dep ataymız.

«Eger uslanbay shıǵa alsam, abırayım kóteriler edi. Maqtanıwǵa da sebep bolar edi», dep oylanıp, qoraz dánxanaǵa jol aldı. Shójeler baqlap turıptı. Bir shóje xojeyinniń hayalına xabar berip te úlgerdi. Bul rette xojeyinniń hayalı qattı ashıwǵa mindi.

— Ólimine asıǵıp júr me? Ózi biymezgil shaqıradı. Sirá bunıń gellesin almasam bolmas, — degen niyet penen kele sala dánxananıń awzın bekkem etip basıp tasladı. Sóytti de shıbıq penen dánxananıń ishinde quwıp júrip qorazdı sabay basladı. Sóytip júrgende, shıbıqtıń bir ushı hayaldıń betin tırnap ketti. Qan ketti, sawlap. Sonda da hayaldıń sıqmarlıǵı tutıp, soya almadı. «Qonaq kelse bolar» dedi de qoydı. Biraq, támbisin beriw ushın maqtanshaq qorazdı dalaǵa baylap, kópke shekem dán ya suw bermedi. Maqtanshaq abıray alaman dep júrip ádewir mashqalaǵa qaldı. Biraq, sonda da ózin maqtawdıń jáne bir jolın oylap taptı.

— Men xojeyinniń hayalınan keshegidegi óshimdi alıw ushın qashıp ketpedim. Sóytip, dánxananıń ishinde ushıp júrip, onı bir neshe ret tırnadım, shoqıdım. Inanbasańlar, betine qarań: qanap júripti. Al, onıń shıbıǵı hesh te tiymedi...

Baylawdan bosanǵannan keyin maqtanshaq shójelerdi jıynap alıp:

— Xojeyinniń balasın jılatıp bereyin be? — dedi.

— Óziń bil, — depti hámme.

Maqtanshaq qoraz ayaǵın eplep basıp uyqılap atırǵan nárestениń bas ushına barıp, bar kúshin salıp qıshqırıp jiberdi. Bala «shar-r» ete qaldı. Xojeyin shay ishıp otırǵan ıssı kesesin qolınan túsirip aldı. Kese shaynekke tiyip, pashaq-pashaq boldı. Ishindegi shayı ayaǵına quyıldı.

— Pıshaq ákel, qatın, mına atańa náletti bawızlap taslayın, — dep ashıwlı xojeyin ornınan ushıp turdı.

— Soysań soy. Meniń de taqatım qalmadı, — dedi hayalı. — Biraq, góhiniń barlıǵın qalay jep tawısanız

Qonaq shaqırǵanda bolar edi. Onnan keyin shaqırǵan qonaǵımızdıń úyine bizler de baramız ǵoy. Solay emes pe, xojeyin.

— Maqul, — dedi xojeyin. Sóytip, qonaq shaqırıw ushın kiyine basladı.

*1988-jıl.*

## ÓMIRBEK HÁM QÍRQ QARAQSHÍ

Kúnlerdiń kúninde Aral jaǵalawındaǵı qaraqalpaq awıllarınıń birinde jasawshı Ómirbek Xiywaǵa kelipti. Sháhárdi aralap júrse xannıń jarshısı:

— Keshe túnde xannıń ǵaznasınan kóp muǵdarda altın urlandı. Kimde-kim sol urılardı tawıp berse xannıń sıyı hám márhámatı bar, — dep atlı shawıp ótipti.

Ómirbek oylanıp: «Pay bala, tapqırlıq, zeyinligimdi bir sınap kórsem be eken?». Sóytip, xan sarayına barıp, ózi urılardı tabıwǵa táwekel etetuǵınlıǵın bildiripti. Xannan bir kepshik altın teńge alıptı. Sharbazarǵa kelip:

— Háy, mómin musılmanlar, bendeler. Kóp altın teńge tawıp alıp edim. Maǵan bunıń barlıǵı kerek emes. Ash-jalańash, kámbaǵallarǵa úlestirip bermekshimen. Kele qalıń, alıńlar. Qısmbańlar, — dep jar salıp baqıra beripti.

Sháhárdiń adamları insaplı, kórgenli eken:

— Óziń tawıp alsań, ózińe buyırsın. Bizler ash bolsaq ta ózimizdiń hadal miynetimiz benen tawıp jegen rısqımızǵa qanaat etemiz. Sizge raxmet, Ómirbek, — dep kete beripti.

Bir waqıtta saqal-shashları ósip ketken bir kisi kelip qolın jayıp tilenipti. Ómirbek oǵan bildirmey ser salıp qarap bir teńge beripti. Ol ketkennen keyin bir saatlardan soń birim-birimlep shashları uwdar-juwdar otız toǵız kisi kelip qayır-saqawat teńgelerin alıptı. Ómirbek te olardıń kelgenine kelgenley birim-birimlep: «endi ana shatırǵa barıp biypul taǵamnan awqatlanıp alıńlar, soń ol jerde jáne teńge

úlestiremiz» dep sol jerge jaqın jaylasqan, aldın ala kelisimge muwapıq xan jálladları kútip turǵan shatırǵa jibere beripti. Eń sońında baǵana birinshi kelgen saqal-shashları ósken kisi tanımasın degendey tómen qarap jáne kelipti. Ómirbek oǵan da jańaǵıday dep aytıp, shatırǵa jónetipti. Sóytip, ózi keyninen barıptı. Kelse qırqınıń da qol-ayaǵı baylawlı jatırǵan eken. Tóbelerinde qurallı jasawıllar.

Ómirbek jasawılǵa meniń aldıma birimlep ákeliń, dep ekinshi shatırǵa barıp otırıptı. Ómirbek jasawıllar alıp kelgen baǵanaǵı eki ret kelip teńge alǵan kisige:

— Qáne, urlaǵan altınlardı qay jerge jasırıp qoyıpsızlar? Aytsań tánha ózińe jeńil jaza bergizemen. Bul nárse, yaǵnıy qashan, qáytip urladıń, qay jaqqa aparıp jasırıp qoyıpsız, bizlerge bári álleqashan málim. Tek ózlerińizdiń awızlarıńızdan esitpekshimiz. Eger de moyıntawlıq etip aytqıń kelmese basıńdı kesip alamız, — depti. Qorqıp ketken qaraqshı bárin aytıp beripti. Sóytip, onıń qulaǵına paxta, awzına shúberek tıǵıp dus tómenine jatqarıp ekinshisinen de sol taqılette soraptı. Ol da qorqqanınan altınlardı qay jerge kómip qoyǵanlıqların, ózleriniń qırq qaraqshılar ekenligin jasırmay aytıp beripti.

Solay etip, toyımsız, ashkóz qırq qaraqshı ózleriniń aqılsızlıǵı, toyımsızlıǵı aqıbetinen uslanıp qalıptı. Al, Ómirbek xannıń ǵaznasınan urlanǵan kóp altındı tawıp berip, awılına kóp olja, sarpay-sıy menen qaytqan eken. Bul altın teńge, sarpayların jetim-jesirlerge úlestirip beripti.

*1981-jıl, 12-aprel*

## PALWAN MENEN QOYAN PATSHASÍ

Burınǵı ótken zamanda bir kempirdiń jalǵız balası bolǵan eken. Ekewi toǵaydan otın ákelip, satıp kúneltipti. Kúnlerdiń kúninde kempirdiń balası Palwan:

— Apa, maǵan oq jay soǵıp ber, ań awlap baxtımdı sınayman, — depti.

Kempirdiń duwaxanlıǵı bar eken. Oq jay soǵıp, dem urıp qoyıptı. Balası ańǵa keterde kempir:

— Balam, sen toǵaydı qansha sharlasań da hesh ań kórinbes. Keyin talabım oralmadı dep qaytpaqshı bolǵanıńda, aldıńnan suwmańlaǵan túlki shıǵar. Ol atpa dep jalınar, biraq sen at. Júniniń bir qılın da túsirmey alıp kel. Sońǵı waqıyalardı baxtıńnan kóre berersen, — depti.

Ańda kempirdiń aytqanınday bolıptı. Jarlınıń talabı qashan kelisken, dep bala tońqıldanıp, qaytıwǵa aylanǵanda, aldınan semiz túlki shıǵa kelipti. Bala dárhal atpaqshı bolıp oq jayın gózlegende: «Ne qáleseń sonı al, meni atpa, jiber» — dep jalınıptı. Balanıń rehimi oyanıp, endi jibermekshi bolıp oqtalǵanda, anasınıń aytqanı yadına túsip, túlkini atıp saladı. Túlki de duwaxan eken, lekin bul jerde kempirdiń oq jayǵa dem salǵanı qol kelip, túlki sespey qatıptı. Arqasına atıp urıp jigit úyine ráwana boladı. Biraq, bir qıl jolda putaqqa ilinip qaladı. Toǵaydıń shetine jaqınlaǵanda aldınan bir qoyan zıp etip shıǵadı. «Túlkini jewge bolmaydı. Keshki sorpa bolsın» dep qoyandı atıwǵa beyimleskende, ol da dárhal jalına baslaydı. «Ne qáleseń, sonı tawıp bereyin, járdemshiń bolayın, meniń janımdı qaldır», dep biyshara qoyan bıyqıldap sóylegende bala da, jábir bermeyin dep oylanıptı, Sóytip, oǵan:

— Yaqshı, atpayman. Men sennen táme etip turǵanım joq. Biraq, kewlińnen shıqqanın bere ǵoy, paydası tiyip qalar, — depti.



Qoyan balaǵa bir sıyqırlı ayna beripti. Bul ayna arqalı ózińniń dushpanlarıńnıń bar yamasa joq ekenligin kóredi ekenseń.

— Al, mınanı tútetseń, — depti qoyan óziniń bir túgin julıp alıp berip, — sol zamatta aldıńda tayın bolaman. Ózim kele almasam, toǵaydaǵı barlıq qoyanlar aldıńda tayın boladı, olarǵa tawıp ber deseńiz tawıp beredi. Men qoyanlar patshasıman, — dep bala menen xosh alliyar aytısıp, kózden ǵayıp bolıptı.

Bala úyine kelip qıldı tútetken eken, barlıq qoyanlar onıń aldında payda bolıptı. Bala awqat ushın ishinen birewin uslap alıptı. Bul qoyan balaǵa:

— Meniń terim menen basımdı qaldırıń. Góshimdi jep, súyegimdi terige salıp, túrtip jiberseń, qaytadan qoyan qálpine kele alaman, — depti. Kempir menen bala awqatqa toyıp bolıp, súyeklerdi jıynap, qoyannıń aytqanınday túrtip jibergen eken, qoyan sol zamatta uyqıdan oyanǵanday dúr silkinip, toǵayǵa sińip ketipti.

Bir kúni bala anasına:

— Apa. El aralap qaytayın, oq jayımdı ber, — depti. Sóytip, qoyannıń qılınıń jartısın anasına qaldırıp, atqa minip saparǵa shıǵıptı. Kóp jerlerdi gezipti. Qoyannıń túgi ash etpepti. Altı ay, altı kún júrgennen keyin bir sháhárge jetipti. Kelse barlıq adamlar uwayım-qayǵıda. Bala bunıń sebebin soraptı.

— Kúnde úsh baslı aydarha biziń qalamızdan bir qızdı jutadı. Bermeseń, eldi qıyrataman, dep qorqıtadı. Búgingi kún patshamızdıń qızına gezek kelip turıptı. Ótken saparı da bir qızın jutıp edi. Bul saparǵı qızı júdá aqıllı, sulıw, patshamızdıń eń jaqsı kóretuǵın perzenti edi. Bizlerdiń ǵám-qayǵıda júrgenimizdiń mánisi, áne usı, — dep túsindiripti bir adam, — Patshamız aydarhanı óltirip, qızımdı kim aman alıp qalsa, qızımdı soǵan beremen dep jar urǵızdı. Átteń, onı óltiretuǵın kúshli, márt tabılmay

atır. Aydarhanıń janı ózinde emes qusaydı. Sonıń sebebinen men-men degen qarıwlı jigitlerimiz nabıt boldı.

Bala tez túkti tútetkeni sol, jer jáhánniń qoyanları jıynalıp, xızmetke tayın bolıptı.

— Meniń aldıma patshańızdı jiberiń, — depti bala. Kóp ótpey-aq qoyan patshası payda bolıptı.

— Al, dostım, bizge aydarhanıń janınıń qay jerde ekenligin biliw zárúr boldı, — depti oǵan.

— Boladı, bilip alaman, — dep qoyan patsha ketipti. Bala aynanı alıp qaraptı. Ishinde úsh baslı aydarha menen qoyan patshasınıń sóylesip turǵanın kóripti.

— Men seni óltiremen, — depti qoyan aydarhaǵa.

Aydarha buǵan wa-ha-halap kúlip:

— Saǵan meni óltiriw qalıp pa? Sen túwe, ne bir batırlar mennen jeńilip, jemtik boldı. Hátteki, usı sháhárdiń Salamat patshası da mennen qorqıp, kúnde bir qızın beredi. Búgin jáne onıń bir qızın jeymen, — depti.

Sonda da qoyan: «Seni óltiriw qolımnan keledi. Janıńdı jáhánnemge jiberemen», — dep basın awırta beripti. Aydarha uslap almaqshı bolǵan eken, sıyqırlı qoyan patshası birde kórinip, birde kórinbey qashıp uslatpaptı (Bayaǵı túlki bolıp júrgen, bala atıp alǵan túlki duwaxan aydarha eken). Usı máháli sol túlkiden putaǵa ilinip túsip qalǵan bir dana túk aydarhanıń sırdı aytıp qoyatuǵının sezip jetip kelipti. Sóytip, aydarhaǵa janınıń qay jerde turǵanın aytpa dep eskertiw ushın, endi awzın jasqap atırǵan eken, qoyan patsha ol túkti otqa taslap jiberipti.

Úsh baslı aydarha bolsa qoyan patshanıń dıńǵırlısınan miyi aylanıp ketip:

— Ket, joǵal! Men ulıwma ólmeymen. Janım ózimde emes, aydarhalar patshasında, — dep salıptı.

— Sizlerdiń patshańız qay jerde? — depti qoyan patsha.

— Jetinshi tawdaǵı úńgirdiń ishinde. Patshamızdıń qarawında júz aydarha bar. Barlıǵınıń janı sonda. Qızdıń

súwreti salınǵan sandıqtaǵı meniń janım. Úńgirge kirerdegi shóp-shardıń arasındaǵı altın sandıqta patshamızdıń janı bar. Úńgirdiń awzında úsh aydarha qarawıllıq etedi. Solardan aman ótseń bara ǵoy. Meni tınısh qoy, — depti aqırında zaqqı bolǵan úsh baslı aydarha qoyannan qutılıw ushın. Bulardı aynadan gúzetip turǵan bala dárhal atın shawıp jetinshi tawdaǵı úńgirdi tawıp alıptı. Dem salınǵan oq jayı menen uzaqtan-aq úsh qarawıl-aydarhalardı óltirip, sol átiraptaǵı aydarhalar patshası janı saqlanǵan altın sandıqtı qolǵa túsiripti. Sóytip, ishke kiripti. Aydarhalar patshası dápingen eken, sol zamatta bala patshanıń bılqıldaq janın qısıp jiberipti.

— Way-y, way, ne tileseń de bereyin, — depti janı kózine kóringen aydarha patshası. Bala onnan barlıq aydarhalar janın alıp, úsh baslı aydarhadan basqasınıń janların qısıp jiberip óltiripti de, sháhárge aylanıp kelipti. Patshanıń qızına:

— Sen bara ber, janı mende. Óltire almaydı, — depti.

Úsh baslı aydarha qızdı jutpaqshı bolıp umtılǵanda, bala birden jandı qısıńqırap jibergen eken, aydarha jalmıw menen bolıptı.

Patsha ólimnen aman alıp qalǵan balaǵa qızın berip, qosılıw toyın úlken etip ótkeripti. Bunnan soń bala úsh baslı aydarhaǵa óziniń ash-áptada qalǵan xalqın, anasın úy-púyi menen kóshirip aldırtıptı. Eline aydarhanıń baylıqların teńbe-teń bólistirip beripti. Soń aydarhanıń paydasınan góre zıyanı tiyip júrer dep óltirip jiberipti. Házirgi waqıtta aydarhanıń joqlıǵı sonnan eken.

Salamat patsha qartayıp ólgennen soń, xalıq jigitti patshalıqqa kóteripti.

*1997 jıl*

## ALTÍN BALÍQ

Burıngı ótken zamanda bir awılda Quwat degen jarlı bala bolıptı. Onıń xojalıǵı birde tapsa, birde tappay otırǵan gedey eken. Bala jas bolsa da xojalıq jumıslarına járdem berip, oynawǵa qolı tiymepti. Sol ushın da ol qasharman top oynawdı da, durıslap asıq taslawdı da bilmeydi eken. Kerek dese júziwdi de bilmepti. Usınday boslıǵına awıldaǵı bay balaları masqaralap kúlip qoymaptı. Quwat olarǵa qarsılasıwǵa ilajı bolmay, qanshama masqaralamasın, úndemey jeńedi eken.

Kúnlerdiń kúninde bay balalarınıń ishleri pisip, qayıq penen kólge qıdırıp, balıq uslawǵa barıwǵa wádelesipti. Ishinen birewi:

— Quwattı da alıp keteyik. Eskek eser, júdá bolmasa mantıqtırıp «qızıq» kóremiz, — dep usınıs etedi. Usınıs barlıǵına maqul túsip, ózleri menen birge onı da sayaxatqa alıp ketedi. Kólge kelgen soń onı suwǵa mantıqtırıp «qızıq» kóripti. Ol da azday «qızıqların» taǵı da dawam etpek maqsetinde Quwattı kóldiń ortalarındaǵı qasqırı bar atawǵa qaldırıp ketedi.

Biraq, balalardıń qayıǵı atawdan uzaqlamay-aq, qayırǵa dus kelip júrmey qaladı. Ózleri shıǵayın degen menen nátiyje bermeydi. Kem-kem ólim qáwpi tuwadı. Sebebi, átirapın qaplaǵan suwda jayın bar eken. Sonlıqtan, kúshleri eki kózine jetip jılap, járdem sorawdan basqa ilajı qalmaydı. Sol máháli suwdan úlken altın balıq shıǵıp bılay depti:

— Men járdem bereyin. Biraq, shártim bar. Jaqsı deseńiz qutqaraman, bolmasa ózleriń bilesiz, — depti.

Bay balaları: — Shártińdi ayt?

— Onda esitiń. Men jılına eń qapıldı degende bir jalqaw, doslarına qıyanet isleytuǵın bala jer edim. Bıyıl onday balanı gezlestire almadım. Tap házir bolsa sizlerden solardı kórgendeymen. Sol ushın házir qayıqtı shıǵarıp, jolǵa salıp beremen. Esesine sizlerdiń birewińizdi jeymen, — depti.

— Jan altın balıq, bizlerdiń aramızda jaman bala joq. Bárimiz baydıń balalarımız. Eger qáleseńiz jaman bala tawıp bereyik. Atawda jaman bala bar, sonı jep, bizlerdi azat etiń, — dep jalınadı.

— Yaq, — depti altın balıq, — ol járdem soramadı. Shártime kónseńiz sol. Gápimdi jáne qaytalayman! Birewińiz qayıl bolsańız basqalarıńız aman qalasız. Bolmasa hámmeńizdi qosa jutaman, — depti aybat shegip.

Kimniń ólgisi kelsin. Bay balaları bir-birine «sen bar, sen bar», dep urısıptı. Hesh birewi mártlik islep, doslarıń qutqarıw ushın basın tigiwge jaramaptı. Aqırı altın balıq:

— Onda bárińizdi jeymen! — dep olarǵa umtıla bergeni, kúni menen baqlap turǵan atawdaǵı Quwat:

— Altın balıq, jan altın balıq! Olarǵa tiyme! Jaqsısı meni jep olardı qutqaraǵór. Birewiniń sebebinen hámmesi ólip ketpesin, — dep dawıslap baqırıp jalınıptı.

Altın balıq, negedur, oǵan qayıl bolıp, bay balalarınıń qayıǵın suwǵa túsirip jiberedi. Keyninen Quwattı ústine mindirip, suw túbindegi óziniń patshalıǵına áketedi. Altın balıq balıq patshası eken. Sarayǵa barǵannan keyin:



— Men barlığın kórip turdım. Olar sağan jamanlıq islep atawğa taslap ketti. Al, sen bolsań olarğa rehimiń kelip, jeme-jemege kelgende jaqsılıq islediń. Qutqarıw ushın basıńdı tiktiń. Nağız márt, adamgershilikli bala ekenseń. Seni jemeymen, mártligiń, adamgershiligiń ushın qayta sawğa beremen, — dep, kóp altın berip, suwdan shığarıp, xoshlasıp qalıptı.

Quwat úyine aman-saw kelip, altınlardı ashlarğa bólistirip berip, sońğılığında qurğın jasap, murat-maqsetine jetken eken.

*1997-jıl.*

## «MIYNETSIZ RÁHÁT JOQ»

Burıńğı ótken zamanda bir diyqan jasaptı. Onıń bir balası, alaqanday jeri hám bir ógizi bolıptı. Diyqan biyshara sonıńday miynetkesh adam eken, jerine ózleri ushın kerekli eginlerdi egip, gúl jaynatıp qoyadı eken. Jaz kúnleri asqabaq, palawqabaq, qawın-ğarbızlarınıń sarğısh gúlleri atızına ózinshe bir sulıwlıq bağıshlap, al gúnjileri átir suwday jağımlı iyis taratıp, atız janınan ótken adamlarğa zor lázzet bağıshlap, háwesin keltiredi eken. Usınıń bári diyqannıń erte báharden baslap qara gúzge shekem mańlayınan monshaq-monshaq ashshı terlerin tógip islegen badal miynetleriniń arqasında dórepti. Onıń sıyqırlı qollarınan topıraqqa túsken bir de tuqım kógermey qalmaptı.

Jalğız bala bolğanlıqtan diyqan qıynalıp qaladı dep balasın hesh jumsamaptı. Sonlıqtan, ol qosjaqpas, jatıpisher bir hayar bolıp ósipti. Úlkeyse de ákesiniń tapqanın jep biyğam oyın menen waqtın ótkere beripti.

Waqıt ótiwi menen diyqan qartayıptı. Kúnlerdiń kúninde bul dúnyadan jeytuğın taqanı tawsılıp, kóz de jumıptı. Ákesiniń ólgenine de balasınıń bası aylanbaptı. «Tamağım toysa qurban hayt» dep másirip júre beripti.

Sonlıqtan, awıllasları: «Paqır, qolı gúl, jaqsı adam edi» dep qásterlep jerlepti.



Balanıń jeri menen de isi bolmaptı. Awıllaslarınıń: «Jeriń taptan shığıp ketpesten burın tuqım taslap qal», dep aytıwınıń zorı menen tuqım shashqan bolıptı. Biraq, keseklerge túsken dánler kógermey shirip ketipti, topıraqtıń ústinde qalğanların shımshıq, kepterler terip jep qoyıptı. Bala egin kógerip shıqpağannan soń: «Jer anıqlağan ğoy, qansha jıldan berli egilip kiyatır. Alatuğın adam bolsa, sataman», dep járiyalaptı. Sebebi, ákesinen qalğan anaw-mınaw qulqınnan ótetuğın nárselerdiń barlığı da tawsılğan eken. Sóytip, jerin de ótkenine satıp, onıń teńgesi menen de bir neshshe ay kún kóripti. Aqırında tamaqtan ótetuğınday nárse bolmağanlıqtan jalğız ógizin de soyıp jep qoyıptı. Qullası, sózdiń keltesi, keyninde bala tuwılğan awılında qara basınıń kúnin kóre almay dorbasın moynına asıp tentirep ketipti.

Bala diywanashılıq etip júre bersin, endi biz jerdi satıp alğan adamğa keleyik.

Bul adam da balanıń marhum ákesi sıyaqlı nayatıy miynetkesh, tek jer taba almay óziniń bay diyqanshılıq tájiriybesin baydıń jerine jumsap xor bolıp júrgen birew eken. Endi jerli bolğannan soń ala báhárden baslap kúni-

túni bir tınbay miynet islepti. «Miynet túbi — ráhát» degendey kóp ter tógiwdiń arqasında barlıq taslaǵan daqıl tuqımları órre kógerip shıǵıptı.

Biyday, sulı, salı, arpalar «Men pistim, orıp al», degendey sap-sarı tolıq masaqların kótere almay samal menen ırǵalısıp turǵan máhál — gúz de kelipti. Teńkeyisken gúrbek, jiyde japıraq, tornabatlardıń murınǵa jaǵımlı iyisi pútkil átirapqa taraptı. Pomidor, geshir-piyazlarınan jarlı-jaqıbaylar kereginshe alıptı. Atızınan kim kelip alsa da urıspaytuǵın sonday bir keńpeyil, saqıy eken. Tek «búldirmey, páleklerin basqılamay alıń» deydi eken.

Kúnlerdiń kúninde onıń atızına ábden azıp-tozıp boldırǵan bir bala kelipti. Ol biypul qawın deregin esitip, atızǵa kele sala iyesine de xabarlaspay, onıń menen turmay másh, lobiya, gúnjilerdi, qawın páleklerin basqılap pisken qawın izley baslaptı. Sonsha miynetin ayaq astına basqan bul balanıń kórgensizligine shıdamaǵan diyqan dárhal barıp: «Atızdan shıq!» dep kiyligipti. Soń: «Áste aralap alǵanda bolmas pa edi?» dep baqırıptı. Bala keshirim soraw ornına: «Sen nege maǵan baqırasań? Basqılasam ózimniń jerim» dep, qarsı doq urıptı. Sonda ǵana bul biyshara halǵa kelgen balanıń óziniń jer satıp alǵan balası ekenin bilip oǵan: «Miynet etiw jaqpay óziń satıp, búginliginde biziki degeniń ne? Usı da jón be eken, balam? Aqılǵa en, endi kishi emesseń. Keregińdi úzip al, biraq wayranlama, páleklerin zayalama», dep diyqan oǵan kóp násiyatlar beripti. Bala usınnan soń ózinikiniń jónsiz ekenligin túsinip keshirim soraptı hám keyin: «Qalay etip arıqlaǵan jerden mol zúráát jetistirdińiz, ata?», dep tań qalıp soraptı. «Háy, balam-áy. Miynet etseń, arıq jerden de kóp ónim alıwǵa bola beredi. Onıń ushın tınbawıń, erinbewiń kerek. Men jerdiń arıqlıǵın bilip, tógin tóktim, suwǵardım, awdardım, keseklerin birimlep ezdim... Qullası, tınım degendi bilgenim joq. Balam yadıńda saqla: «Miynet etseń emerseń», «Miynetsiz ráhát joq».

Usınnan keyin bala da endigiden bılay miynet etiwge bel baylaptı. Nátiyjede «tamağı toq, kóylegi kók» degendey qurğın ómir keshirgen eken.

## QAR BALA

Bir adam qaqaman qıs baslanıwdan balalarınıń oynawı ushın Qar bala soqtı. Bar ıqlasın salıp sulıw etip dóretti: basına kaska kiygizip, qollarınıń barmaqların daraqtıń shaqasınan kesip isledi. Murnı — sulıw qızıl geshir, ayaqlarına baypaq kiygizdi. Moynına qızıl sharf taqtı. Jıltır qızıl rezinkadan kesip qulağın, awzın isledi.



Qar bala kúndizine sharbaq ishinde balalar menen qar ılaqtırıspaq, shana aydap, sırğanaq tewip, al túnemesine Iyt penen quwıspaq oynaydı eken. Júdá qattı suwıqta Iyt te jıllı uyasına súńgip ketkende ol qayta lázzetlenip, tósin dawılğa kerip turıwdı unatar edi. Usınday ájayıp ómirge kelgeninen ırza bolıp, ózin dóretken adamğa mıń da bir raxmetler aytıp, Qar bala shadı-qorram jasay beripti.

Qılısh súyregen qıs ta ayaqlap, fevraldıń ortaları bolıp qaldı. Ísırapıl úrgin, qara suwıq azayıptı. Báhárdiń lebi kele baslaptı. Ǵazday balpańlaǵan baypaqlı Qar balanıń sonnan baslap mánisi bolmaptı. Hár jeri awırıp, sızlaptı. Biytaqatlana beripti.

— Bunıń bári qıstıń suwıǵı ketip, báhárdiń baslanajaǵınan, — depti ol Iytke shaǵınıp.

— Durıs, ne shara endi?! Hár nárseniń de, hárkimniń de balalıǵı, jigitlik shaǵı, ǵarrılıq dáwiri boladı. Sóytip, paymanası tolǵanda kim bolsań da kete bereseń, ólip, joq bolıp. Seniń de deneń qarayıptı. Xojeyin saw tursa, quda qálese, kelesi jıl qıs bolıp, qalıń qar jabıwdan jáne seni appaq ájjedey etip soǵadı. Qayǵıra berme, — depti aqıllı Iyt basıw aytıp.

— Qıs tamam bolmaǵay. Báhár, jaz, gúz kerek emes! — depti ójetlesip ol.

— Sen óydeme. Qısta sennen basqa hesh nárse dóremeydi, tuwılmaydı, óspeydi. Yaǵnıy tirishilikke báhárde tiykar salınadı. Xojeyinler ótken jılı jıynaǵan dán, basqa da azıqların tawısıp shamalastı. Malları, qoy-eshkileri sútten shıǵıp boldı. Sonlıqtan, tezirek báhár



kelgey! Kún jılıǵay! Xojeyin egin egip, mal, qoy-eshkileri tuwıp, darqanshılıq bolsın!

— Maǵan darqanshılıǵınıń bir tiyinǵa keregi joq. Ishpeymen, jemeymen, kiymeymen de.

— Nege óydeyseń? Seni soqqan xojeyinimizdi ayamaysań ba? Qıs bolıp tura berse ash bolıp, jıynaǵan otını da shamalastı, tawsılsa, tońıp ólip qaladı ǵoy.

— Báribir, — ójetlene berdi Qar bala. — Tek ózim aman qalsam boldı!

— Háy, óziń bil! — Iyt menmenlikke berilgen dostına ókpelep, qońsı úydiń iyti menen oynaw ushın sharbaq tesiginen shıǵıp ketti.

Kókireklikke berilip isingen Qar bala «xojeyinniń úyin ısıtıp turǵan ıssıxanadan háwir kelip turıptı. Sol da maǵan jaqpay tur. Nawqaslıǵım da sonnan», dep oylap, óshirip taslaw ushın sol jaqqa jol aldı. Biraq, ol jerge kiriwden awhalınıń birotala tómenley baslaǵanın sezdi. Janıp turǵan ottı óshiriwge háreket etip edi, sozǵan qolı suw bolıp aǵa basladı hám aǵash barmaqları túsip qaldı. Onıń pútkil denesi ıssılıqtan erip baratırǵan edi. Birazdan soń talıqsıp, miyi awıljıp quladı. Kópke barmay laplaǵan ıssı sebebinen ol suw bolıp aǵıp, birotala tamam boldı.

— Endigi jılǵa shekem xosh, Qar bala! — dedi túnniń bir jarpında kelip Qar balanıń erip ketkenin kórgen Iyt onıń jerde jatqan sharfın tislep turıp qańsılap.

*2010-jıl, 13-oktyabr*

# ÁPSANALAR

## JEKKELIK

Bir bar eken, bir joq eken, Jer-Ananıń úsh ulı bolıptı. Ekewi ápiwayı balalar eken-dá, al kishkenesiniń denesi ayrıqsha jıltırap turadı eken. Olar óz ara tatıw turıptı. Azannan keshke shekem birge oynap, waqıttıń qalay ótkenin bilmey de qaladı eken.

Kúnlerdiń kúninde eseye kele genje balanıń oyına jaman pikir kelipti: «Men sonday sulıw balaman. Sonda ne ushın mına ústileri kir-ǵojalaq, túrleri kelispegen balalar menen oynaydı ekenmen. Oynamayman». Sóytip, ol kúnde Jer-Anadan aǵalarınıń birewin qusqa, birewin haywanǵa aylandırıp jiberiwin ótine beripti. Bir kúnleri onıń tilegi qabıl bolıp, ajaǵalarınıń birewi qusqa, birewi haywanǵa aylanıp ketipti.

Jıltıraq deneli genje bala kóp waqıt ótpey-aq jalǵızlıqtan zerige baslaptı. Tuwısqanları barda gózzal kórinetuǵın bul dúnyanıń hesh bir sulıwlıǵı onıń kewlin tınıshlandıra almaptı. Hesh qáwip-qáter bolmasa da onıń júregi háwliretuǵın eken. Aqırısında bolmaǵannan keyin ol tuwısqanların burıńǵı qáddine ákeliwdi Ullı Jer-Anadan ótinish ete baslaptı. Biraq, Jer-Ana úndemepti. Aqırısında jekkelikten jalıqqan, qorqqan jıltıraq deneli genje bala suwǵa taslap óliwdi uyǵarıptı da pátli aǵın suwǵa ózin





taslaptı. Jer-Ana onı qutqarıwǵa umtılǵan eken, úlgere almaptı. Solay etip, Jer-Ananıń kishi ulı balıq bolıp ketipti.

Barlıq balıq áwladı sol jıltır deneli (qabırshaqlı) kishi uldan órbigen eken.

## ANA SÚTI

Erterekte Shıǵıstıń bir patshası zıyapatta máy iship otırıp, qolındaǵı kesesin abaylamay túsirip aladı. Máy dasturqanǵa tógilip, kese shıl-párshe bolıp sınadı. Jas patsha úlken qısınıspaǵa ushıraptı. Sebebi, bul saraydaǵı zıyapatta qonsılas ellerdiń patshaları bar qusaydı. Endi olar: «Bul eldiń patshası bir parasatsız, jas jáne salaq eken» dep aytısıp ketetuǵın boldı-aw, degen uwayımǵa berilipti. Usı waqıtta onı bul qolaysızlıqtan sol otırıspada otırǵan bas wáziri:

— Zıyanı joq, ullı patshayım. Shalaǵaylıq hámmege tán. Sebebi, biz bárimiz de qam sút emgen bendelermiz, — dep patshanıń jan-sezimin terbegen ǵul-ǵuladan qutqarıp qalıptı.

Sol kúnnen baslap jas patshanı qayaqtaǵı bir oylar biylep alıptı: «Eger jas nárestege ananıń shiyki sútin

emizbey, basqa bir haywanınıń pisken súti menen asırasaq, bala aqıllı, sabırlı, qátelespeytuǵın batır jigit bolıp ósetuǵın bolıwı kerek. Aqırı, tek qam sút emgen bendeler ǵana qátelesip jasaytuǵın kórinedi» — degen isenimli pikir sanasına ornaydı da: «Eger balalı bolsam pisken sút penen asırayman», — dep aldına sert qoyıptı.

Aradan zuwlap aylar ótipti. Bir kúnleri Allanıń qúdireti menen jas patshanıń máliykası hám bas wázirinıń hayalı toǵız ay, toǵız kún degende ekewi birden qoshqarday ullı boladı. Tap sol kúni jas patshanıń shikarǵa shıǵatuǵın kúni eken. Ol bolasınlı, iri bolıp dúnyaǵa kelgen óz perzentiniń betlerinen bir-eki súyipti. Soń aylanasındaǵı saray kánizekleri menen balanı kútiwshilerge buyırıp:

— Balanı anası emizbesin! Qolına uslatıp júrmeń! Men ózim shikardan pisken sút jiberip turaman. Sonıń menen shahzadanı awqatlandırıńlar. Bunı orınlamasańızlar bárińizdi birimlep darǵa asaman!! — depti de atınıń basın jolǵa salıptı.

Jas patsha úlken tawdıń jiyegine shatırın tiktirip, ań awlaptı. Tiriley uslaǵan ana kiyiklerin sawdırıp, onıń sútin pisirtip, kúndegisin kúnde xızmetkerinen jiberip turıptı.

— O, patshayım! — deydi bir kúnleri sút tasıwshılar, — Shahzada tek júrek jalǵaw ushın ǵana bolmasa, ákelgen sútińnen ishpey jılay beredi. Jas náresteni ana sútinen ayırıwǵa bolmaytuǵın qusaydı. Sonı ulıńızdıń anası sizge jetkeriwdi buyırdı!

— Zıyanı joq, — patshanıń juwabı kelte bolıptı. — Soń úyrenisip ketedi.

Ol tuńǵısh balasın júdá jaqsı kórip qalǵan edi. Sonlıqtan, kiyiktey sulıw bolsın dep kiyik sútin, shaqqan bolsın dep taw eshkisiniń sútin kóbirek jiberip turdı.

Bir kúnleri jáne sút tasıwshı xızmetkeri patshanıń ayaǵına bas urıp, mınalardı bayanlaptı:

— Ullı, patsha iyem! Máliykanıń zarlı úninen qalaǵa kiriw múmkin emes. Nárestesin kórmegeninen jáne iygen

emsheginiń sızlaǵanına shıdamay shashların julıp jılamaqta. Bul barısınan jilli bolıp ketejaq. Ol «bir mártebe balamdı bawırıma basıp, mawqımdı basıwǵa ruqsat bersin, sora», dep zinharlap tapsırıp edi. Ne qılayın?

— Bolmaydı! — depti jas patsha. — Hayal degenniń aqılı kelte, shashı uzın boladı. Olar hesh nárseni bilmeydi. Onıń arzısın aytqansha Shahzadanıń awhalın ayt. Qalay ósip atır?

— Tez-tez talıp awıra beretuǵın qusaydı!

— Qorqpań, ele ózin alıp ketedi, semiredi. Mınalardıń qoyıw sútleri semirtpey de qoymaydı! — dep jáne atına qonıptı.

Patsha kóp kúnlik shikardan qaytıptı. Kele sala hesh jaqqa burılmay, saǵınǵanlıqtan balasın kórgenshe asıǵıptı. Ol esikti ashıp kirip kelgende kózdiń jawın alatuǵın gilemlerdiń ústinde eki bala oynap otır edi. Birewiniń túri dım azǵın, kózleri nursız, solǵın, misli waqtında suw ishpegen gúldey, al ekinshisiniń eki beti qıp-qızıl uzaqtan adamdı birden ózine tartatuǵın edi. Ol tárbiyashınıń qasıq penen bergen bókpenin qalay bolsa solay asap jep otırıptı. Bul eki nárestenin bir kúnde tuwılǵanın bilmeytuǵın adam, aralarında bir-eki jıl parıq bar shıǵar dep oylawı sózsiz edi.

Ilánázik bala wázirdiki, al awqatlanıp otırǵan irisi meniń balam dep oylaǵan patsha «selteń bermeyin, toyıp alsın», dep azıraq kútip otırıptı. Usı gezde tárbiyashı ilánázik balanı kóterip, patshaǵa uzatıptı.

Azǵın, nawqas, júzi solǵın qolındaǵı balanıń óziniń idiraldı perzenti ekenine usı waqıtta kózi jetken jas patsha ornınan turıp ketipti. Mańlayına qos qollap urıptı. Náresteni ana sútinen, mehirinen, ata-ana qushaǵınan hesh waqıtta ajıratıp bolmaytuǵınına sonda barıp túsinipti.

Patshanıń bul balası úlkeygennen keyin de gódek, qızba, jalqaw, erinshek bolıp ósipti. Ol el túwe, úsh tórt adamdı da basqara almaytuǵın bolıptı. Al, wázirdiń balası batır, aqıllı bala bolıp erjetipti.

## SHASHTÁREZ SHAHZADA

Ótken zamanda bir patsha bolıptı. Oǵan awılda jasaytuǵın bir shashtárez jigit nelikten de unap qalıptı da, shashı ósken waqıtta at arbada soǵan barıp aldıradı eken. Wázir, keńesgóyleri: «Sháhárdiń ishinde de qansha jaqsı, sheber shashtárezler bar, soǵan aldırsańız bolmas pa edi? Yamasa ol jigitti sarayǵa aldırayıq. Siziń onıń aldına barǵanıńız naqolay», dese de patsha: «Yaq, men onıń aldına qustay ushıp barǵım kele beredi. Shashımdı, saqal-murtımdı aldırıp otırıp ta xosh keypiyatta, yoshıp otıraman», dep olardı qaytarıp taslaydı eken.

Bir kúni patsha shashtárez jigittiń taxttan kem emes soǵılǵan gúrsisinde shadı-qorram bolıp otırıp:

— Al, balam, sen maǵan kópten xızmet etip júrseń. Xızmetiń unadı. Isenimime kirdiń. Saǵan qızımdı bermekshimen, — depti.

— Biz siziń qulıńızbız. Ne deseńizde orınlar edim. Lekin, bul usınısıńızǵa júreksine almay turıppan, ullı patsham. Máliyka menen men teńmen be? — depti eki búgilip.

— Men teń kórip otırǵannan keyin bolǵanı emes pe? Erteń sarayǵa bar. Qızım menen tanıs, — depti.

— Qullıq, ata. Hámirińiz qabıl, — dep qalǵan shashtárez ertesine kewli ósip, sháhárge, patsha sarayına keldi. Saray qarawıllarınan patshaǵa óziniń kelip turǵanın xabarlaptı. Qarawıllardan patsha:

— Onıń ne jumıs penen kelip turǵanın bilemen. Háddine baqsın. Men bir yoshıp, házil sıpatında ayta salıp edim. Bul jerde qarasın kórsetpesin. Qaytpasa on dúrre urıń, — degen xabardı jetkizipti.

Jigit, «dimarım qurıp turma, meniń de. Buyrıǵın orınlamawǵa qorqıp keldim ǵoy», depti de awılına hayt qoyıptı.

Kúnlerdiń kúninde patsha jáne saqal-shashın aldırıp, pardozlawǵa kelipti. Gúrside otırıp shashın aldırıp atırıp:

— Balam, maǵan ókpeledin be? Men seni qaytarıp, sózimnen tanıp ántek isledim. Dáslepki sózim-sóz. Qızımdı saǵan bermekshimen. Tap erteń bar, — dept.

Patsha aytsa puqaraǵa ne turıs. Jazǵan qulda jazıq joq, degen, jigit jáne barıptı. Biraq, bul mártebe de ana kúngiday juwap alıp, oǵan qosımsha, qarawıllar ótirik aytıp atırǵan shıǵar, degen oyda aldına kiremen dep, ójetlesip edi, qarawıllardan on dúrre jep, «patshanıń sózi qurısın», dep qayttı.

Saqal-murt, shash óskennen soń patsha jáne keldi. Jigitten úlken basın kishireytip keshirim soradı. Jáne erteń bar, dedi. Júrekshaydı bolıp qalǵan shashtárez:

— Bizdi ápiw etińiz, ullı patsham. Men barmay-aq qoyayın. Qızıńızdı teńine berersiz, — dewge júreksindi.

— Nege? Sen de teńiseń. Sup-sulıw, xoshirey, jassań.

— Teń-teńi menen, tezek qabı menen, degen. Men erteń sarayıńızǵa barsam jáne siziń burıńǵı halatqa túsetuǵınıńızdı bilip turman. Qurıdan-qurı dushshı etime tayaq tiygizip ne qılaman? — depti jigit.

— Ras-áy, biraq. Haq sózge turmaq kerek. Shınında da, sarayǵa barsam saǵan degen kózqarasım ózgeredi. Tek jaqsı, sheber shashtárez bolıp kózime kórineseń. Al, lekin neliktende, seniń gúrsińde otırıp, shash aldırıp atırsam, balam, seni ózim menen teń, shahzada sıpat kóremen. Nege bulay, bilmedim? Ne káramat bar, úyińde balam? Bilseńiz aytıń? — depti patsha.

— Patsha ata, meniń biliwimshe, bul káramat altın bolsa kerek.

— Ne altın? Sende neǵıp júrgen altın?

— Men negizinde shahzadaman, ata. Arqadaǵı eldiń patshası edim. Ákem ólgennen soń quwdalawǵa ushırap, siziń elge kelip qaldım. On túye altın, dúnyalarımdı da ákelip, túni menen usı, siziń otırǵan gúrsińizdiń astına, xalıq basına ashlıq dónse alarman, jata bersin, dep tereńge kómip tasladım. Sizdi, sol altın-dúnyanıń puwı kóterip, yoshtırıp, maǵan degen jıllı kózqaras oyatıp júrgen, — depti jigit.

Patsha da bunıń sırın bilip, moyınlaptı. Onıń, haqıyqatında da, ishki sarayı dúziw, haqıyqıy insan ekenligin bilip, máliykanı ózi ákelip shashtárez shahzadaǵa inam etipti.

*2004-jıl.*

## ISKENDERDIŃ DE AYTQANÍ BOLMAǴAN

Dúnyanıń bárin jawlap alǵan Iskender Zulxarnayın qazalanarınıń aldında tuwǵan-tuwısqan, jaqınlarına:

— Men ólsem tánimdi hesh adam bendesi ayaǵı tiymegen taza jerge qoyıń. Anam kelip úsh márte baqırǵanda ornımnan turaman, — dep wásiyat hám hámir etken qusaydı. Sóytip, sol jerdi ózi de barmay turıp siltep kórsetipti.

Ólmeytuǵın bende joq. Taqanı tawsılıp, ol ólgennen soń izinde qalǵanlar marhumnıń aytqan qula dúzine-heshkim izep baspaǵan jerine jerlepti.

Bir jıldan soń anası áwliyesin zorǵa izlep tawıp kelip:

— Iskender! Iskender! Iskender! — dep baqırǵan eken, júzlegen óliler jer astınan órre shıǵıp Ananıń aldında tikke turǵanbısh.

— Sizler kimsizler? — dep soraptı.

— Iskenderlermiz, — depti olardıń bári bir awızdan.

— Sizlerdiń tınıshıńızdı alǵanımnan keshirim sorayman. Men balam — Iskenderdi shaqırıp edim, — depti Ana olarǵa birme-bir qarap shıǵıp, óziniń balasın tanıp, oǵan tip-tik qarap turıptı.



Bunnan soń Iskender Zulxarnayınnan basqa Iskenderler sol zamatı — bir demde jer astına kirip, kózden ǵayıp bolıptı.

— Barlıq aytqanım bolıp edi... — dep bir óziniń bir jerde-áwliyede jatpaǵanınan, kóptiń biri bolıp ketkeninen nazırqanıptı, óli Iskender Zulxarnayın. — Meniń de bir aytqanım bolmaptı.

— Awa, shıraǵım. Bul álemnen sennen burın da talay Iskenderler ótkenin, heshqaysısınıń da bul dúnyaǵa tutqa bola almaǵanın, olardıń da ayırım degeni bolmaǵanın aytqanımda isenbep ediń. Endi kóziń jetti me? — depti Anası.

*2004-jıl*

## «BAY ATA, QÍZÍŃÍZDÍ SORAP KELDIM»

Burınǵı zamanda bir awılda bir bay adam bolıp, ol dúnyanı altınnan jıynaptı. Awıllaslarınan, bazardan [illegible] altın, altın sırǵa, júzik, bilezik, basqa da taǵınshıqlar bola ma, satıp ala beripti.



Jıynap-jıynap bay onı birew urlap keter dep qáwipsinip, jayınıń kirer awzına-tabaldırıqqa kómipti.

Túnemesine sol jerge tósek salıp jatıp aladı.

Usınnan baslap onıń bereketi qashıptı: uyqılay almay shorshınıp, hawlıǵıp shıǵatuǵın bolıptı. Jaman túsler kórip, qorqıp oyana beripti. Qullası, sap-saw, aqıllı bay demde azıp-tozıp, jinlisúreylenip ketipti.

«Ne boldı eken, bala? Altın kóteredi degendi esitetuǵın edim. Dúnyanıń puwı, «káramatlı» ma eken?» dep oylasa da onsha isenbepti. Altının jamanlıqqa jorıǵısı kelmepti.

Onıń awılında bir jarlı jigit bar eken. Tamaq ash, miynet eteyin dese, ya jer, ya kúsh-kólik, ya qural-sayman joq. Sonlıqtan, oylanıp-oylanıp, bayǵa barıp usılardıń barlıǵın sorayın, zúrááttiń tórtten úshin beriwge keliseyin, dep baydıń úyine kelipti.

Músápir jigit iymenip kelip, kirip, tórlewge batına almay tabıldırıqta turıptı. Bay tórde jambaslap jatır eken.



— Xosh, — depti bay.

Jarlı jigitte bir yosh, kókireginde óskinlik payda bolıp, júzi jadırap:

— Bay ata, qızıńızdıń qolın sorap keldim, — depti. Bay da saspay, ózin uslap, oǵan «seniń teńiń be, meniń qızım» dep baqırmay:

— Boladı. Berman kel, jaqınla balam, — depti.

Jigit márdana júrip tórge ótse de, bay janına kelgende bayaǵı kóterińki ruwxtan, óskinlikten juda bolǵan edi. Baǵanaǵı kámbaǵal, biysharalıq halǵa túsip qalǵan. Sonlıqtan:

— Bay ata, ápiw etińiz? Sizden jer, kólik, qural-sayman sorap keldim. Daqıl egip, ónimniń tórtten úshin ózińizge bersem, — degen qusaydı jalınıshlı túrde.

Áne sonda ǵana bay óziniń altın jónindegi pikiriniń durıslıǵına isenim hasıl etipti.

*2004-jıl.*

## MAZMUNÍ

*Gúrrińler dúrkini*

Pal balalıǵım ........................................... 3

*Gúrrińler*

Jıltır monshaqlı sharshı.. ............................ 53
Analıq mehir ........................................... 58
Jerkenish ................................................ 60
Badırayǵan «eki» ..................................... 67
Tatıwlıq .................................................. 74
Tústiń paydası ......................................... 76
Heshqaysıńızdiki emes! ............................. 78
Qısınıspa ................................................ 80
Ana túyetawıq .......................................... 81
Pıshıq keptiriw ........................................ 86
Tawıqtıń sanı ........................................... 88
Juwapkersizlik aqıbeti, yamasa Arıwxan apa házili ........................................ 90
Qalıs xızmet ............................................ 92
Jaman at bir ermesin ................................ 94
Muǵallimniń «bes»i neshew? ..................... 96

*Ertekler*

Maqtanshaq qoraz .................................... 99
Ómirbek hám qırq qaraqshı ....................... 103
Palwan menen qoyan patshası ................... 104
Altın balıq .............................................. 109
«Miynetsiz ráhát joq» .............................. 111
Qar bala ................................................. 114

*Ápsanalar*

Jekkelik ................................................. 117
Ana súti ................................................. 118

*Ráwiyatlar*

Shashtárez shahzada ................................ 121
Iskenderdiń de aytqanı bolmaǵan ............... 123
«Bay ata, qızıńızdı sorap keldim» .............. 124

**Allanazar ÁBDIEV**

# PAL BALALÍǴÍM

*(Gúrrińler dúrkini, gúrrińler, ertekler, ápsanalar, ráwiyatlar jıynaǵı)*

*Qaraqalpaq tilinde*
*«Qaraqalpaqstan» baspası*
*Nókis — 2018*

Redaktorı *Bazargúl Zivarova*
Operatorı *Náwbáhár Yakubova*

Original-maketten basıwǵa ruwqsat etilgen waqtı 18.06.2018.
Qaǵaz formatı $60x84^1/_{16}$. Ofset usılında basıldı.
Garniturası — «Shkolnaya KRKP». Kólemi 8,0 b/t.,
7,44 shártli b/t., 4,68 esap b/t. Jámi 2000 nusqada.
Bahası shártnama boyınsha. Buyırtpa №B-07.

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti tárepinen baspa xızmeti menen shuǵıllanıw ushın 2008-jıl
30-sentyabrde Al №114 licenziyası berilgen.

«Qaraqalpaqstan» baspası: 230100,
Nókis qalası, Qaraqalpaqstan kóshesi, 9

«FARMA PRINT NUKUS» JSHJ baspaxanasında basıldı.
Nókis qalası, T.Qayıpbergenov kóshesi, 54 jay.